**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

**5A111701 – Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası (baslawısh tálim) qánigeliginiń pitkeriwshisi 2-kurs magistrantı**
**Turımbetova Zamira Baymagambetovnanıń**

Magistr akademiyalıq dárejesın alıw ushın jazılğan

DISSERTACIYASI

**TEMA:** BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍSÍNÍŃ TÁLIM-TÁRBIYA PROCESSINDE ILIMIY-TEORIYALÍQ KOMPETENCIYASÍN QÁLIPLESTIRIW

MAK da jaqlawğa ruxsat
Magistratura bólimi baslığı: p.i.k., doc. M.Allambergenova

Magistrant: Z.Turımbetova

Ilimiy basshı: pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD). N.Nagmetova

Kafedra baslığı: f.i.k., doc. S.Shınnazarova

**Kafedra májilisiniń 2019-jıl______________sánesindegi**
**№___protokolı menen qorğawğa ruxsat berildi**

**Nókis-2019**

## MAZMUNÍ

Kirisiw……….……………………………………………………………..3

**I BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍSÍNÍŃ PEDAGOGIKALÍQ KOMPETENCIYASÍNÍŃ TEORIYALÍQ TIYKARLARÍ**…………………………….…...13

1.1. Pedagogikalıq kompetensiyanıń baslawısh klass oqıtıwshısınıń iskerliktegi ornı hám áhmiyeti. Bilim beriw procesin individuallastırıw ………………………………………………….13

1.2. Baslawısh klass oqıtıwshısınıń kásiplik iskerligindegi kommunikativ kompetentsiyası…………………………….……...23

Birinshi bap boyınsha juwmaqlar…………………………………….39

**II BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍNÍŃ PEDAGOGIKALÍQ TÁSIR KÓRSETIW KOMPETENCIYASÍ**…...……………..42

2.1. Pedagogikalıq iskerliktiń psixologiyalıq-pedagogikalıq aspekti. Pedagogikalıq sheriklik hám pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatı42

2.2. Pedagogikalıq qarım-qatnas psixologiyası hám pedagogikalıq takt……………………………………..……………..56

Ekinshi bap boyınsha juwmaqlar…………………………………….60

**III BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍSÍNÍŃ SÓYLEW MÁDENIYATÍ KOMPETENCIYASÍ**…………64

3.1. SÓzdi qabıllaw procesiniń psixoligiyalıq-pedagogikalıq ózgeshelikleri. Oqıtıwshınıń, muǵallimniń sóziniń intonaciyası hám texnikası………..……………………………………………..64

3.2. Oqıtıwshının sózi, pedagogikalıq uqıplılıq sıpatında. Pedagogtıń sheshenlik uqıplılıqları…………… …………………...73

3.3. Bolajaq baslawısh klass oqıtıwshıları menen eksperimental jumıslar……..………………………………………...76

Úshinshi bap boyınsha juwmaqlar …………………………………..79

**JUWMAQ** ……………………………………………………………….84

Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi……………………………………….86

## KIRISIW

**Izertlewdiń aktuallıǵı.** Búgingi kún, bilimleńdiriw talabına sáykes hár bir pedagog-xızmetker kúndelikli sabaqların talap dárejesinde ótiwi tiyis. Bul ushın oqıw protsesinde zamanagóy pedagogikalıq hám axborot-kommunikatsiya texnologiyalarınan paydalanıp lektsiya, ámeliy, seminar, laboratoriyalıq sabaqlar formasında, al bul sabaqlarda ámelge asırılatuǵın oqıtıw texnologiyası interaktiv usıllar arqalı bayıtılıwı talabanıń sol pánge, onıń teoriyalıq hám ámeliy táreplerine qızıǵıwshılıǵın oyatıw baslı másele bolıwı kerek. Al, talabalardıń nátiyjeli bilim alıwı, oqıtıwdıń sapasın jáne de joqarılatıwǵa erisiwde bolsa, eń dáslep sol oqıw ornınıń materiallıq-texnikalıq bazasınıń bekkemleniwi, zamanagóy oqıw qurallar hám úskeneler menen támiyinlenip, barlıq qolaylı shárayatlar hám imkaniyatlar jaratılıwı tiyis. Sonday-aq, búgingi kúnde joqarı bilimlendiriw sistemasınıń pedagog-xızmetkeri ilimiy potentsialǵa iye bolıwı, joqarı kásiplik qábiletke, pedagogikalıq kreativlikke hám sheberlikke iye insan bolıwı, aldıńǵı pedagogikalıq hám axborot texnologiyaların, sonıń menen birge shet tilin (inglis tilin) tereń meńgergen bolıwı talap etiledi. Joqarı bilimlendiriw sistemasında hár bir pedagog-xızmetker xalıqaralıq standartlar dárejesine juwap beretuǵın maman qánige bolıwı tiyis. Ózbekstandaǵı Joqarı bilimlendiriw sistemasındaǵı usı sıyaqlı kóplegen mashqalalardı, zárúrliklerdi úyrenip, analizlep shıǵıp, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoev tárepinen 2017-jılı 20-aprel` kúni PQ-2909 sanlı «Joqarı bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw haqqında»ǵı qararı shıqtı. Qararda tek joqarı bilimlendiriw sistemasınıń ǵana emes, al pútkil xalıqtıń bilimlendiriw baǵdarındaǵı jumıslar, aldaǵı keleshekti uzaqtı gózlegen halda názerde tutılǵan. Bul qararda búgingi kúnge shekem tómendegidey mashqalalardıń bar ekenligi atap ótilgeń, atap aytqanda:

- bir qatar joqarı bilimlendiriw máselelerinde elege shekem ilimiy-pedagogikalıq potentsialdıń tómen ekenligi;

- bilimlendiriw protsessin málimleme-metodikalıq hám oqıw ádebiyatları menen támiyinlewdiń dárejesi zamanagóy talaplarǵa tolıq juwap bermeytuǵınlıǵı;

- joqarı oqıw ornında ulıwma materiallıq-texnikalıq bazasın sistemalı jańalawǵa zárúrliktiń bar ekenligi;

- hár túrli tarawlar boyınsha dún`yanıń jetekshi ilimiy-bilimlendiriw máseleleri menen tıǵız birge islesiw baylanısların ornatıw kerekligi;

- oqıw protsesine shet el tájiriybelerin engiziw, sonıń menen birge pedagog-xızmetkerlerdi shet eldiń jetekshi ilimiy bilimlendiriw mákemelerinde stajirovkadan ótkeriwge jiberiw, mamanlıǵın arttırıw baǵdarında orınlanıwı tiyis bir qatar wazıypalar belgilep kórsetilgen.

Bul qarardı mánis-mazmunı boyınsha túpkilikli burılıs, úlkeń jańalıqlarǵa, perspektivalıq alǵa ilgerilewlerge, bilimlendiriwdiń sapasına qaratılǵan tereń itibar hám ǵamxorlıq dep bahalawǵa boladı. Sebebi, qarardıń orınlanıwı hám ámelge asırılıwı baǵdarı boyınsha úlken aralıqtı 2017-2021-jıllardı óz ishine qamtıydı.[1]

Sanaat hám intellektuallıq eller arasındagı báseki XX ásirdiń aqırında ilim, texnika hám texnologoyalar salalarına, nátiyjede bilimlendiriw salasına ótti, sebebi básekige shıdamlı kadrlardı tayarlamastan turıp, básekige shıdamlı ekonomikanıń bolıwı da múmkin emes. Usı planda Ózbekstan Respublikasınıń kásiplik tálimi Kadrlardı tayarlawdın Milliy baǵdarlaması bazasında sonday dárejege erise aldı. Eldiń hám sırt ellerdiń ilim, texnika hám texnologiyalardıń rawajlanıwın esapqa alıw menen básekige shıdamlı kadrlardı ilgerilep ketiw menen tayarlawdı támiyinley alıw dárejesine kóteriliwi kerek. Kadrlardıń jańa áwladı keleshektiń máselelerin kún tártibine qoyıw hám sheshimin tabıw uqıbına, joqarı oylaw mádeniyatına hám hár qıylı informaciyalar ishinde óz betinshe jol taba biliw uqıbına iye bolıwı kerek. Al bul pedagogikalıq kadrlardı tayarlawǵa da tolıq tiyisli esaplanadı.

[1] O`zbekiston Prezidenti Shavkat Mirziyoev 2017-2021 yillarda O`zbekistonni rivojlantirishning beshta ustuvor yo`nalishi bo`yicha Harakatlar strategiyasi. 7 fevral 2017 yil.

Ózbekstan Respublikasınıń «Kadrlardı tayarlaw Milliy bağdarlaması» usı maqsette islep shığıldı hám ámelge asırılıp, bolajaq qánigeniń shaxsı, onıń dóretiwshilik potencialı hám kásiplik sıpatları, olardı jetilistiriwge tálim procesinde ayrıqsha itibar berildi.

Dóretiwshilik shaxsınıń (bolajaq pedagogtiń) qáliplesiwi watandarlıq kásiplik-pedagogikalıq tálimge tán bolğan jaratıwshılıq funkciyalardı qayta islep shığıwdı talap etetuğın házirgi zamannıń áhmiyetli masqalalarınan biri bolıp tabıladı.

Oqıtıwshının pedagogikalıq sheberligi shaxstiń ulıwma mádeniyatınıń ózine tán bir kórinisi hám onıń sıpatlarınıń integrativlik birlesiwi bolıp, pedagogikalıq iskerlik procesin de, nátiyjesin de birlestiredi. Sonıń ushın da, bul mashqalalar tálim sistemasın qayta dúziwde ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Sonday bolsa da, pedagogikalıq oqıw orınlarında qabıllanıp atırğan ilajlarğa qaramastan, bolajaq muğallimniń shın mánisinde qáliplesiwi hám kásiplik ózi rawajlanıwı ushın utımlı bolğan sharayatlar ele jaratılmadı. Al bulardıń hámmesi talabalar – bolajaq muğallimlerde (pedagogikalıq cikl predmetlerin úyreniw barısında) pedagogikalıq sheberligin hám sóylew mádeniyatın qáliplestiriw mashqalasınıń aktuallığın belgilep berdi.

**Izertlew obyekti:** JOO talabasınıń – bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq kompetentsiyasın qáliplestiriw procesi.

**Izertlew predmeti:** bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq hám sóylew mádeniyatı kompetentsiyasın, sonday-aq kommunikativ kompetentsiyasın olardıń organikalıq óz-ara birlikte qáliplesiwiniń mazmunı, procesi, texnologiya hám texnikasınıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları; bul tiykarlardı talabalardıń kásiplik tayarlaw procesinde (pedagogikalıq predmetler mısalında) ámelge asırıw.

**Izertlew maqseti hám waziypaları:** bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq kompetenciyasın hám sóylew mádeniyatın tálim-tárbiya procesinde qáliplesiwin ilimiy hám metodikalıq jaqtan tiykarlaw.

**Izertlewdiń ilimiy jańalıǵı:** mashqalanıń jańadan qoyılıwında, onıń sheshimin tabıwdaǵı jańa jantasıwlar; mashqalanıń teoriya hám ámeliyattaǵı awhalınıń analizi; pedagogikalıq predmetler oqıtıwshılarınıń sáykes funkciyaları; lekciyalar mazmunın islep shıǵıw; ámeliy izertlew nátiyjelerin boljaw; bolajaq baslawısh klass oqıtıwshılardıń pedagogikalıq hám sóylew mádeniyatı kompetentsiyasın qáliplestiriwdiń texnologiyası, texnikası elementleri hám metodikasınıń optimal utımlılıǵın eksperimental tastıyıqlaw, kommunikativ kompetentsiyası – pedagogikalıq qarım-qatnas; pedagogikalıq predmetlerdiń konkret kásiplik-tálimlik potencialın izertleniwshi processti demokratiyalastırıw, gumanizaciyalaw tiykarında anıqlaw; mashqalanı pedagogikalıq ámeliyat protsessinde sheshimin tabıw hám qáliplestiriw.

**Izertlew gipotezası** bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq kompetenciyasın hám sóylew mádeniyatınıń kásiplik tayarlaw procesinde qáliplesiwiniń (pedagogikalıq predmetlerdi úyreniw procesinde) ilimiy-teoriyalıq tiykarların tómendegi shártler orınlanǵanda tabıslı ámelge asırıladı, eger:

- joqarı oqıw ornı oqıtıwshılarınıń pedagogikalıq kompetentsiyasın tómendegi táreplerin qarastıradı: lektor (oqıtıwshınıń) lekciyasınıń konkret-predmetlik jóneliske hám kompetentsiyaǵa iye bolıwı, onıń sóylew mádeniyatı; audio-qabıllaw arqalı onıń ózgesheliklerin, sonday-aq, verbal emes qurallardı paydalanıw menen basqarıw; jeke faktor hám talabalardı individual oqıtıw; tálim procesiniń texnologiyalılıǵı, onıń dóretiwshilik sıpatı; pedagogikalıq óz-ara tásir (sheriklik) hám subyektiv-obyektiv, sonıń ishinde, shaxslararalıq, psixologiyalıq-pedagogikalıq qarım-qatnastı, pedagogikalıq takttı esapqa alıw menen, qarım-qatnas; oqıtıwshınıń pedagogikalıq kompetentsiyası ózin-ózi aktuallastıradı;

- pedagogikalıq, sóylew mádeniyatı hám kommunikativ kompetentsiyalardıń ornı, roli hám áhmiyeti, olardıń organikalıq birliginde, oqıtıwshının iskerliginde anıqlansa;

- mashqalanıń psixologiyalıq-pedagogikalıq aspektleri, aldı menen shaxsiy faktor, bolajaq muǵallimge individual jantasıw, psixologiya-pedagogikalıq sheberlik, sóylewdi qabıllawı, pedagogikalıq qarım-qatnas, takt anıqlansa;

- optimal-sóylew, qabıllaw, sóylewdıń rawajlanıwı, sóylewdiń intonaciyası hám texnikası, kompetentsiya procesiniń mazmunı, pedagogikalıq texnologiyası hám konkret-predmetlik texnikası;

- talabalarda pedagogikalıq kompetentsiyasın hám sóylew mádeniyatı, kommunikativ sharayatlar, pedagogikalıq qarım-qatnastıń qáliplesiwi ushın sharayatlar jaratıladı.

Tómendegi **máseleler** izertlew maqseti hám gipotezasınan kelip shıǵıp anıqlandı:

1. Bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń atap ótilgen tayarlıqtaǵı funkciyasın anıqlaw.

2. Pedagogikalıq kompetentsiyanıń hám sóylew mádeniyatınıń házirgi zaman ideyaların, onıń iskerliginiń ornı hám áhmiyetin ilimiy hám teoriyalıq tiykarlaw.

3. Pedagogikalıq kompetentsiyanıń hám sóylew madeniyatınıń bolajaq pedagog iskerligindegi rolin ashıp beriw.

4. Pedagogikalıq kompetentsiya hám sóylew madeniyatın qáliplestiriwdiń ilimiy-teoriyalıq tiykarların islep shıǵıw.

5. Bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq kompetentsiyasın, sóylew madeniyatın, qarım-qatnas sheberligin qáliplestiriw texnologiyasın joybarlaw.

6. Bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq kompetentsiyası – sheberlik, sóylew madeniyatın, qarım-qatnas hám pedagogikalıq uqıplılıqların qáliplestiriw, kommunikativ kompetentsiyası – pedagogikalıq qarım-qatnasın kásiplik tayarlaw procesinde qáliplestiriw boyınsha usınıslardı islep shıǵıw.

**Mashqalanıń ilimiy jaqtan islep shıǵılıw dárejesi.** Bolajaq muǵallimlerdi tayarlaw hám olardıń pedagogikalıq sheberligin, kompetenciyasin qáliplestiriw mashqalaları barqulla qánigelerdiń itibarın qaratıp keldi. Bul tarawda kóplegen

ilimpazlar óz jumısların alıp barǵan, atap ótsek, pedagogikalıq sheberlikti izertlew boyınsha: N.Azizxodjaeva, O.A.Abdulina, I.A.Jyajyun, V.A.Kan-Kalik, V.A.Slastenin hám basqalardıń miynetlerinde bul problematikanı úyreniwge úlken dıqqat qaratılıp, olarda pedagoglardı kásiplik-pedagogikalıq tayarlaw máseleleri jarıtıldı. X.Abdukarimov, T.Gapirov, M.F.Majitov, M.Ochilov hám basqalardıń izertlewlerinde pedagogikalıq sheberliktiń hár túrli aspektleri kórip ótiledi. V.A.Baenko, E.P.Belozorcev, A.I.Arnoldov, I.Jabbarov, R.Ibragimov, E.S.Markaryan, V.M.Mejuev, O.Musurmanova, S.Ochilov, M.M.Xayrullaev, J.G.Yuldashev miynetleri ayrıqsha ajıralıp turıp, jámiyettiń rawajlanıwınıń házirgi sharayatlarında bolajaq pedagoglardı kásiplik tayarlawdı sıpatlı jańasha túsiniwdi izertleydi. Sonday-aq kompetentsiyanı izertlew boyınsha V.I.Andreeva, J.L.Abolin, Yu.K.Babanskiy, E.V.Bondarevskaya, F.Vilens, S.G.Vershlovskiy, Yo.G.Geller, P.X.Gilmeva, J.I.Gorbunova, R.A.Islamshin, V.Zagvyazinskiy, I.V.Zankova, K.K.Kraevskiy, N.V.Kuzmina, Yu.N.Kulyutkina, I.Ya.Lerner, A.K.Markova, M.Maxmutova, G.M.Mkrtychyan, E.M.Nikitina, A.M.Novikova, P.Reshetnikova, M.Skatkina, V.A.Slastenina, T.Stepanova, G.S.Suxobskaya, I.D.Chechel, G.K.Chikunova, M.Shilova hám basqalardıń miynetlerinde bolajaq pedagoglardıń shaxsınıń qáliplesiw máseleleri, iskerliginiń hár qıylı aspektleri, onıń jámiyet turmısınıń barlıq tarawlarına unamlı tásir kórsetiwi sáwleleniwin tapqan.

Jańa pedagogikalıq oylawdıń rawajlanıwı menen baylanıslı bolǵan miynetler belgili bir qızıǵıwshılıqtı keltirip shıǵarıp, dóretiwshilik pedagogikalıq iskerliktiń tiykarın quraydı (V.I.Andreev, A.X.Kasımjanov, A.A.Orlov izertlewlerinde). Pedagogtıń psixologiyalıq mashqalaların dóretiwshilik penen baylanısta islep shıǵıwda alım-psixologlar A.N.Leontev, B.F.Lomovlar sezilerli úleslerin qostı. M.M.Axmedjanov, I.V.Grebennikov hám basqalardıń miynetlerin bizdi qızıqtıratuǵın tematika boyınsha sońǵı waqıtlarda jazılǵan dissertaciyalıq izertlewlerdiń qatarına kirgiziw múmkin. Avtorlar dóretiwshiliktiń hár qıylı aspektlerin qarap ótedi, pedagogikalıq sheberliktiń

mazmunı, forması hám metodların jámiyettegi sociallıq-mádeniy ózgerisler prizmasınan ótkeriw menen anıqlaydı.

Ilimiy ádebiyatlardı talqılaw, kórsetip bergenindey, bolajaq muǵallimlerdiń pedagogikalıq kompetentsiyasın qáliplestiriw oǵada aktual mashqalalar qatarına kiredi. Muǵallimniń individual dóretiwshiliginiń, oniń kásiplik-jeke sıpatlarınıń, qarım-qatnas mádeniyatınıń qáliplesiwine arnalǵan ilimleraralıq izertlewlerdiń jedellesiwi bunıń áhmiyetliligin tastıyıqlaydı. Sonday bolsa da, bolajaq pedagogtıń pedagogikalıq kompetentsiya hám sóylew mádeniyatınıń qáliplesiwiniń ilimiy-teoriyalıq tiykarların islep shıǵıwdı maqul kórdik.

**Izertlewdiń metodologiyalıq tiykarları tómendegiler**: Ózbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti I.A.Karimov hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń miynetlerinde bayan etilgen tálim sistemasın reformalawdıń principial ústin procesleri haqqındaǵı ideyalar; «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam, «Kadrlar tayarlawdıń Milliy baǵdarlaması»ndaǵı metodologiyalıq rejeler; Orta ásir Shıǵıs oyshıllarınıń filosofiyalıq-pedagogikalıq miyrasları, psixologiya hám pedagogika, pedagogikalıq sheberlik, sóylew mádeniyatı hám házirgi zaman pedagogı, muǵalliminiń pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatı boyınsha házirgi zaman ilimiy izleniwleri; zamanagóy tálimniń jańa baǵdarları; jańa pedagogikalıq oylaw, sonday-aq, V.P.Bespalko, I.Ya.Lernerlerdiń innovaciyalıq, progressiv zamanagóy texnologiyaları boyınsha izleniwleri.

**Izertlew metodları:** tariyxıy-teoriyalıq, teoriyalıq-pedagogikalıq, teoriyalıq-metodologiyalıq, dialektikalıq teoriyalıq ámeliy, pedagogikalıq, psixologiyalıq, eksperimentallıq metodlar. Óz-ara tolıqtırıwshı hám óz-ara qadaǵalawshı metodlar kompleksi qollanıldı: baqlaw, gúzetiw, sáwbet, soraw, anketa, test, úyreniw, analiz, bahalaw, ulıwmalastırıw, juwmaq, qadaǵalaw-eksperimental parallellerde salıstırıw hám teńlestiriw; eksperimental izertlewdiń nátiyjelerin islep shıǵılǵan ilimiy-teoriyalıq tiykarları, joqarı oqıw ornı oqıtıwshılarınıń tájiriybelerin úyreniw, ilimiy jumıslar hám ádebiyatlardı analizlew bolıp tabıladı.

**Izertlewdiń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti:** bolajaq baslawısh klass oqıtıwshılardıń pedagogikalıq kompetentsiyasın, onıń sóylew mádeniyatı hám kommunikativ kompetentsiyasın joqarı oqıw ornında kásiplik tayarlaw procesinde jetilistirw haqqında ideyalardı qáliplestiriwde; mashqalanıń sheshimin tabıwdıń metodologiyalıq-teoriyalıq tiykarların anıqlawda hám ilimiy-teoriyalıq hám ámeliy tiykarların islep shıǵıw kriteriyaları, oqıtıwshı iskerligindegi pedagogikalıq kompetentsiyanıń ornı, roli hám áhmiyetin anıqlaw hám ilimiy-teoriyalıq jaqtan tiykarlaw; kommunikativ kompetentsiyasın ashıp beriw; bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń pedagogikalıq hám sóylew mádeniyatı kompetentsiyası hám kommunikativ kompetentsiyasınıń qáliplesiw procesiniń principlerin islep shıǵıw hám nızamlılıqların anıqlaw bolıp tabıladı.

Jumıstıń ámeliy áhmiyeti izertlewdiń erisilgen teoriyalıq hám ámeliy nátiyjeleri pedagogikalıq joqarı oqıw orınları hám orta arnawlı bilimlendiriw mekemeleri oqıtıwshılarınıń iskerliginde qollanılıwı múmkin.

**Izertlew nátiyjeleriniń ámeliy áhmiyeti hám qollanılıwı.** Pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarınıń pedagogikalıq pánleri oqıtıwshıları bolajaq qánigelerdiń pedagogikalıq kompetentsiyasın hám sóylew mádeniyatın qáliplestiriw mashqalasınıń sheshimin tabıwǵa umtılmaqta. Ulıwma joqarı oqıw ornında, atap aytqanda, pedagogikalıq cikl predmetlerinde, talabalar – bolajaq pedagoglardıń pedagogikalıq kompetentsiyasın qáliplestiriw procesin optimizaciyalawda oqıw-tárbiya procesiniń potencial imkaniyatların jetkilikli dárejede tiykarlap shıǵıwdan ibarat. Real ámeliyatta mashqalanı izertlew barısında tómendegiler anıqlandı: pedagogikalıq kompetentsiyanıń roli, ornı hám áhmiyeti haqqındaǵı ideyalardı pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarında jetkilikli (sóylew mádeniyatı hám pedagogikalıq qarım-qatnas menen tıǵız baylanısta) ashıp berilmegen; bolajaq pedagoglardıń kompetentsiyasın hám sóylew mádeniyatınıń qáliplesiwiniń mazmunı hám procesi barqulla organikalıq baylanısta bolmaǵan; bolajaq pedagog iskerliginde olardıń sheshiwshi ornı hám áhmiyeti lekciyalarda tolıq ashıp berilmeydi; bolajaq baslawısh klass oqıtıwshılarınıń kommunikativ kompetentsiyalarına, olardıń sóylewiniń rawajlanıwına, pedagogikalıq qarım-

qatnas kónlikpelerine (onıń stillerine) itibardıń jetkiliksizligi, oqıtıwshılar zárúrli optimal pedagogikalıq texnologiya hám metodikanı jetkilikli iyelemegen, pedagogikalıq predmetler oqıtıwshıları, aldı menen bolajaq oqıtıwshılarda pedagogikalıq uqıplar – sheberlik, sóylew mádeniyatı hám sheshenlik kónlikpelerin, pedagogikalıq qarım-qatnas, takt, etikanı, pedagogikalıq sherikligin qáliplestiriw boyınsha psixologiyalıq-pedagogikalıq ham teoriyalıq-ámeliy járdem beriw zárúrliligi payda boladı.

Pedagogikalıq joqarı oqıw orınları talabalarınıń pedagogikalıq kompetentsiyasınıń qáliplesiwiniń házirgi zaman hám onıń ámeliy qollanılıwınıń zárúrli talapları dárejesine sáykes kelmewi sebepli temanı «Baslawısh klass oqıtıwshısınıń tálim-tárbiya protsessinde ilimiy-teoriyalıq kompetentsiyasın qáliplestiriw» dep tánlap alıwımızdı támiyinledi.

**Izertlew basqıshları.** Izertlew jumısı úsh basqıshta alıp barıldı:

Birinshi basqıshta mashqalanıń teoriyalıq tiykarları úyrenildi: psixologiyalıq-pedagogikalıq hám filosofiyalıq ádebiyatlar; dissertaciyalıq izertlewler; oqıtıwshı hám talabalarda pedagogikalıq kompetentsiyası qáliplesiw tájiriybeleri. Izertlew maqset hám wazıypaları anıqlap alındı, ilimiy-metodikalıq, didaktikalıq islerdiń tártibi tańlandı hám sistemalı jaylastırıldı.

Ekinshi basqıshında bolajaq baslawısh klass oqıtıwshılardıń pedagogikalıq kompetentsiyası qáliplesiwiniń mazmunı, strukturası, kriteriyleri hám dárejelerin anıqlaw boyınsha tájiriybe-izlestiriw jumısları ámelge asırıldı; jámlengen material ilimiy jaqtan analizlendi hám alınǵan nátiyjelerdi psixologiyalıq-pedagogikalıq interpretaciyasın tiykarlaw, sonday-aq, aldın ala qayta islew ámelge asırıldı.

Úshinshi basqıshta izertlew nátiyjelerin ulıwmalastırıw, juwmaqlardı tekseriw jumısları orınlandı, pedagogikalıq joqarı oqıw orınları ámeliyatına engizilgen alınǵan nátiyjeler sistemalastırıldı. Talabalar hám pedagoglar ushın ámeliy usınıslar islep shıǵıldı, olardı engiziwdiń nátiyjeliligi úyrenildi.

Izertlewdıń **tájiriybe-eksperimentallıq bazası** tiykarında Ájiniyaz atındaǵı Nókis Mámleketlik pedagogikalıq institutınıń «Baslawısh tálim hám sport tárbiyalıq is» qánigeliginiń talabaları boldı.

**Dissertaciya strukturası.** Jumıs kirisiw, úsh bap, juwmaqlaw, paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

# I BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍSÍNÍŃ PEDAGOGIKALÍQ KOMPETENCIYASÍNÍŃ TEORIYALÍQ TIYKARLARÍ

## 1.1. Pedagogikalıq kompetentsiyanıń baslawısh klass oqıtıwshısınıń iskerliktegi ornı hám áhmiyeti. Bilim beriw procesin individuallastırıw

1997-jıl elimiz tariyxına eń dańqlı, bilimlendiriw tarawına tiykar salıwshı sánelerdiń biri bolıp kiredi: Oliy Majlistiń X sessiyasında «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam hám Kadrlardı tayarlawdıń Milliy baǵdarlamasın qabılladı. Kadrlardı tayarlawdıń Milliy baǵdarlamasın ámelge asırıw – biziń elimizdiń hár bir puxarasınıń wazıypası bolıp tabıladı.

Bilimlendiriw tarawında qánigeni tayarlaw búgingi kúnde onıń kompetentliginiń joqarı dárejesin, onıń shaxsınıń rawajlanıwı ushın maksimal unamlı sharayatlardı támiyinlewi kerek.

Búgingi kún qánigesine tálim tarawına pútkilley jańa talaplardı qoyıp, olardı orınlaw ushın úzliksiz pedagogikalıq tálimniń pútkil sistemasınıń strukturasın, mazmunı hám shólkemlestiriw formaların sapalı ózgertiw zárúr boladı.

Hár qıylı ilimiy pánlerdiń izertlew metodların biliw joqarı tálimde innovacion sıpattagı original sistemalı izertlewlerdi ótkeriw imkaniyatın beredi. Pedagogikalıq ilimlerdiń wákilleri tek jaqın waqıtlarda ǵana abiturientler – orta mektep pitkeriwshilerine bolǵan talaptıń kúsheyiwi sebepli joqarı tálimge degen qızıgıwshılıq penen qaray basladı. Joqarı tálimniń jeke máseleleri – pedagog kadrlardı, bolajaq muǵallimlerdi tayarlaw hám olardıń pedagogikalıq sheberligi boyınsha uqıpların qáliplestiriwimiz zárúr.

Sociologlar, filosoflar, psixologlar, tariyxshılar, ekonomistler hám basqalar usı mashqalanıń rawajlanıwına belgili bir úleslerin qostı.

Pedagogikalıq iskerlik, qánigeler tárepinen baspasóz monolog sóylewin rawajlandırıwdaǵı pedagogikalıq kompetenciyasın bay tájiriybesin ańlaw bolıp,

bizin pikirimizshe, filosofiyanıń, logikanıń, psixologiyanıń, estetikanıń hám tiltanıwdıń jetiskenliklerin qatań túrde qollanıw menen jetilisiwi kerek.

Pedagogikalıq sheberlikti filosofiyalıq izertlew onıń eń áhmiyetli jámiyetlik mútájliklerden, ásirese, ideologiyalıq hám siyasiy gúreste kelip shıǵıwınıń nızamlıqların ashıp beriw talabınan kelip shıqqan. Aqır-aqıbette, filosofiya pedagogikalıq sheberlik logikasın, keyingi waqıtları kompetentlik jantasıwın yaǵnıy onıń rawajlanıwınıń obyektiv nızamların hám funkciyaların túsinip jetiw ushın zárúr.

Logika pedagogikalıq kompetenciya strukturasın ashıw ushın arnalǵan gilt, onda racional hám emocional, metodlar hám dálillewler hám basqalar arasındaǵı baylanıstı ornatıwǵa járdem beredi.

Psixologiya atap aytqanda, sheberlik faktorların, kóz aldına keltiriw hám ruwxlanıw, ózin seziw hám ózin basqarıwdı, janlı sózdi qabıllaw shártleri hám ózgesheliklerin bilip alıw ushın zárúr boladı.

Pedagogikalıq processti tek pedagogika ǵana úyrenip qoymaydı. Biz joqarıda atap ótkenimizdey, tárbiya hám tálim psixologiya, sociologiya, tariyx, mádeniyattanıw, filosofiyanıń dıqqatınıń orayında boldı.

Pedagogtıń metodologiyalıq mádeniyatınıń ózine tánligin kórsetiw ushın pedagogika metodologiyasın biliw ham ámeliy iskerliktiń basqa túrleriniń basqa metodologiyaları menen salıstırıw, olardıń ózgesheliklerin tabıw zárúr boladı. Oqıwshı uzaq waqıt dawamında pedagogikalıq ilimniń predmeti bolıp keldi. Pedagogikanıń psixologiyaǵa maǵlıwmatı usınıń aqıbeti boladı. A.S.Makarenkonıń ózi-aq, pedagogikalıq ilimniń predmeti oqıwshı bomastan, al pedagogikalıq fakt boladı dep úyretedi. Pedagogikalıq fakt degen ne?

Pedagogikalıq fakt – tárbiyashı, tárbiyalanıwshı, tárbiya ortalıǵı hám quralları hám oqıtıwdiń óz-ara tásirde bolıw sharayatı. Pedagogikalıq iskerlik ósip kiyatırǵan áwladtı ómirge tayarlawǵa baǵdarlanǵan iskerlik, eresek adamlardıń obyektiv-nızamlı, jámiyetlik-tariyxıy tárbiya procesine sanalı túrde aralasıwı, balalardıń ereseklerge aylanıwı. Eger usı elementlerdiń óz-ara tásir etiw procesi pedagog tárepinen ańlap alınbasa, onda onıń háreketin biz

pedagogikalıq sıyqır, óner dep ataymız, sebebi bul jaǵdayda racional izertlewdıń ózi bolmaydı. Ilimiy-pedagogikalıq nızam pedagogikalıq ilim obyektiniń obyektiv ámelde bolǵan zárúrli hám turaqlı baylanıslarınıń sáwleleniwi boladı. Ilimiy-pedagogikalıq bilimler pedagogikalıq teoriyanıń negizinde jatadı. Pedagogikalıq teoriya-ámeliyat, eksperiment penen tastıyıqlanǵan obyekti mazmunınıń sanamızda sáwleleniwi hám qayta tikleniwi bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq izertlewler Ózbekstan Respublikası tálim sisteması reformaları menen baylanıslı tálim mashqalaların ilimiy tiykarda kórip shıǵıwdı támiyinlewge qaratılǵan.

XXI ásirde tálim mashqalaları ilimpazlardı hám muǵallimlerdi, ata-analar hám oqıwshılardı qızıqtıradı. Fundamental bilimler ideyaları, dástúrli hám zamanagóy metodologiyalar arasındaǵı úzilislerdi saplastırıw, baǵdarlamalar hám oqıw-metodikalıq kompleksler ushın sistema dúziwshi principlerin izlestiriw, shaxstıń ádep-ikramlıq koordinatları tárbiya sisteması úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Jámiyet óziniń tariyxıy rawajlanıwınıń barlıq basqıshlarında bilimlendiriw tarawında qánigelerge joqarı talaplar qoyıp kelgen, sebebi ulıwma jámiyettegi bilimlendiriw dárejesi tikkeley olarǵa baylanıslı boladı.

Pedagogikalıq iskerliktiń ilimiy aspektin qarap shıǵıwda, birinshi gezekte bir qatar teoriyalıq rejelerdi tastıyıqlaymız. Máselen, biz pedagogikalıq iskerlik nátiyjeligi túsinigin tematikanıń tereńligi hám aktuallıǵı menen, dál anıqlanǵan ideologiyalıq baǵdar hám pedagogikalıq kompetenciya menen haqlı ráwishte baylanıstıramız. Nátiyjeliliktiń tiykarın qurawshı usı komponentler qanday óz-ara qatnasta boladı?

Ayırımlar, pedagogikalıq iskerliktiń jetekshi rolin atap ótiw menen, qayshı keltirmesten, irkinissiz tematikaǵa kiritedi, sonday-aq, lekciyanıń ideologiyalıq jónelisin mazmunnıń filosofiyalıq kategoriyasına, al lektor sheberligin – forma kategoriyasına kiritedi. Sonı da esletip ótiw zárur, «formallıq hám mazmunlılıq arasındaǵı ayırmashılıq salıstırmalı», onda lektorlıq sheberlik shınında da forma menen de, mazmun menen de qatnasta bolıp, ideologiyalıq jónelis hám tematika

kategoriyaları menen tığız baylanısta bolıp, olar menen quramalı dialektikalıq birlikti dúzetuğınlığın esletip ótemiz.

Biz lekciyalar hám lektor kompetenciyasınıń mazmunlıq qatnası dárejesi haqqındağı máselege juwap bere otırıp, búgingi lektor-pedagog – tek bilimdi tarqatıwshı ğana bolmastan, al onıń mámleket, húkimet siyasatın júritiwshi, jaslar tárbiyashısı bolatuğınlığınan kelip shıqtıq, hám sonıń ushın da ol sociallıq hádiyselerdiń mazmunına kirip barıwı zárúr boladı. Jas pedagoglardıń kásiplik-pedagogikalıq tálimi házirgi zaman gumanitar koncepciyası kontekstinde olardı pedagogikalıq iskerliktiń jańa sapalıq dárejesine shıgıwı tiyis bolıp, bunıń ushın ınsanğa jámlengen jónelis, óz betinshe oylaw, dóretiwshilik, juwapkershilik hám kepillestirilgen nátiyjelerge bağdarlanıw tán boladı. Bul jańa sapalıq pedagogikalıq iskerlik pedagogikalıq kompetenciya sıpatında anıqlanadı.

Pedagog-novatorlar jumıs usılları óziniń isenimliligi hám áhmiyetililigi tárepinen ámeliy hám teoriyalıq pedagogika ushın usınıń bári bir tolıq ańlanılmağan hám qıyın ózlestiriletuğın halında bolıp qalmaqta.

Pedagogikalıq kompetenciya ilimiy nızamlardı hám aldıńğı texnologiyalardı qollanıwdıń birliginen ibarat bolatuğınlığın izertlewler kórsetpekte. Pedagogikalıq kompetenciya ózi ne degen sorawğa juwap beriwde kóplegen avtorlar joqarı tabıslarğa erisip atırğan pedagoglardıń pedagogikalıq miynetiniń analizine hám shaxsına itibar qaratadı.

**Kompetenciya** – pán boyınsha iyelegen teoriyalıq bilim, ámeliy kónlikpe hám ilimiy tájiriybelerdi kúndelik turmısında dus keletuğın ámeliy hám teoriyalıq máselelerdi sheshiwde paydalanıp, ámeliyatta qollay alıw bolıp tabıladı.

**Kompetentlilik** - (latınsha: competens uqıplı, qábileti bar) degen mánisti bildiredi.

Kompetentlilik quramına sap kásiplik bilim, kónlikpe hám ilimiy tájiriybelerden tısqarı, baslamashılıq, jámáátshilik-kásipleslik, gruppada islew uqıbı, kommunikativ qábileti, real bahalay alıw, logikalıq pikirlew, informaciyanı saralaw hám paydalana alıw qásiyetleri de kiredi.

Kompetenciyalardı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim - oqıwshılarda iyelengen bilim, kónlikpe hám ilimiy tájiriybelerdi óz jeke, kásiplik hám social xızmetlerinde ámeliy qollay alıw kompetenciyaların qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim bolıp tabıladı.

*Tayanish kompetenciyalar:*

**1. Kommunikativ kompetenciya:**

- jámiyette óz-ara baylanısqa kirisiw ushın ana tili hám qandayda bir shet tildi jetilisken ózlestiriw hámde baylanısta nátiyjeli paydalana alıw;

- óz pikirin awızsha hám jazba túrde anıq hám túsinikli bayanlay alıw, temadan kelip shıǵıp sorawlardı logikanı tuwrı qoya alıw hám juwap beriw;

- sociallıq maslasıwshılıq, óz-ara baylanısta mámile mádeniyatına ámel qılıw,

jámáátlik xızmetlerde isley alıw;

- baylanısta sáwbetles pikirin húrmet etken halda óz poziciyasın qorǵap biliw, onı isendire biliw;

- hár qıylı qarama-qarsılıqlı jaǵdaylarda óz intaların basqarıw, mashqala hám kelispewshiliklerdi sheshiwde zárúr (konstruktiv) bolǵan qararlardı qabıl ete alıw.

**2. Informaciya menen islew kompetenciyası**:

- ámeldegi informaciya dereklerinen (internet, televizor, radio (audio-video jazıw) telefon, kompyuter, elektron pochta hám basqalar) paydalana alıw;

- media qurallarından zárúr bolǵan informaciyalardı izlep taba alıw, saralaw, qayta islew, uzatıw, saqlaw, qáwipsizligin támiyinlew hám paydalanıwda media-mádeniyatına ámel qılıw;

- maǵlıwmatlar bazasın jarata alıw, túpkiliklilerin tańlay alıw hám olardı analiz ete biliw;

- kúndelik iskerliginde ushraytuǵın hújjetler menen isley alıw (ápiwayı qutlıqlaw xatlar jaza alıw, anketalardı toltırıw, mıymanxana diziminde ózi haqqındaǵı maǵlıwmatlardı belgilengenler ete alıwı hám basqalar).

**3. Shaxs sıpatında óz-ózin rawajlandırıwdıń kompetenciyasi:**

- shaxs sıpatında turaqlı túrde óz-ózin rawajlandırıwdıń, fizikalıq, ruwxıy, psixikalıq hám intellektuallıq kamalǵa jetkeriwge umtılıw;

- turmıs dawamında oqıp úyreniw, bilim, tájiriybeni óz betinshe túrde úzliksiz arttırıp barıw;

- óz júris-turısın ádalatli bahalaw, ózin qadaǵalap biliw, hadallıq, tuwrılıq sıyaqlı sıpatlardi ıyelew;

- oqıp-úyrengenleri hám turmıs tájiriybesinen paydalanǵan halda kúndelik turmısta ushıraytuǵın mashqalalardı sheshe alıw.

**4. Sociallıq aktiv puxaralıq kompetensiyası:**

- jámiyette bolıp atırǵan waqıya, hádiyse hám processlerge qatnası barlıqtı seziw hám qatnasıw;

- óziniń puxaralıq minnet hám huqıqların biliwi, oǵan boysınıw (yaǵnıy qarıydar, saylawshı, klient, óndiriwshi sıpatında iskerlik júrgize alıw);

- miynet hám puxaralıq múnásibetlerinde qarım-qatnas, ekonomikalıq, huqıqıy mádeniyattı ıyelew;

- kásiplik poziciyasınıń ósiwine umtılıw menen jámiyet hám shańaraǵı mápleri ushın xızmet etiw, járdemge mútájlerge saqawatlı bolıw.

**5. Ulıwmamádeniy kompetenciyalar:**

- Watanǵa sadıq, insanlarǵa meyirman hámde ulıwmainsanıylıq hám milliy qádiriyatlarǵa isenimli bolıw;

- kórkem hám kórkem-óner dóretpelerin túsiniw, tásirlene alıw;

- azada kiyiniw, júris-turısında materiallıq normalarǵa hám salamat turmıs tárizine boysınıw;

- ulıwmadun`yalıq áhmiyetke iye bolǵan qádiriyatlardı (úrip-ádetler, dástúrler, milliy-materiallıq dástúrler hám t.b.) biliw, oǵan húrmet menen múnásibette bolıw;

- ózgelerge salıstırǵanda meyrim-shápáát, qayır-saqawat, saqıylıq, ózgelerdiń dúnyaǵa kóz-qarası, diniy isenimi, milliy hám etnik qásiyetleri, úrip-ádet hám dástúrlerin húrmet etiw;

- xalqınıń tariyxıy, ruwxıy hám materiallıq miyrasların abaylap asıraw, jámiyette ornatılǵan ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına boysınıw.

**6. Matematikalıq sawatlılıq, ilim hám texnika jańalıqlarınan xabardar bolıw hámde paydalanıw kompetenciyası:**

- anıq esap-kitaplarǵa tiykarlanǵan halda jeke, shańaraqqa tiyisli, kásiplik hám ekonomikalıq rejelerin dúze alıw;

- jeke, social hám ekonomikalıq múnásibetlerde esap-kitap penen jumıs júrgiziw;

- kúndelikli xızmette hár qıylı formula, model, sızılma, grafik hám diagrammalardı oqıy alıw hám paydalanıw;

- insan miynetin jeńillestiretuǵın, miynet ónimliligin asıratuǵın hám qolay shárt-sharayatlarǵa alıp keletuǵın ilim hám texnika jańalıqlarınan xabardar bolıw hámde paydalana alıw.

Al, házirgi kúnde kompetenciyalıq jantasıwǵa tiykarlanǵan MTS ne ushın zárúr bolıp qaldı. Bul sorawǵa juwap beriw ushın «Kadrlardı tayarlawdıń milliy baǵdarlaması»nıń tiykarǵı strukturalıq bólimlerine itibar qaratıw kerek. Yaǵnıy tálim sisteması, shaxs, mámleketlik hám jámiyet, ilim hám óndiristen ibarat bolǵan milliy modeldiń ayırım bólimlerindegi úlken ózgerisler, atap aytqanda, mámleketlik hám jámiyettiń tupten ózgeriwi, turmısımızǵa kirip kelgen informacion-kommunikatsion qurallar, ilimniń eń sońǵı jetiskenliklerine tiykarlanǵan zamanagóy óndiris texnologiyaları hám aldıńǵı jaslardan túpten parqlanıwshı ózgeshe pikirleytuǵın jaslardıń payda bolǵanliqların keltiriw múmkin.

Jańa tálim paradigması sharayatında zamanagóy baslanǵısh mektep oqıtıwshıǵa kerekli temanı jetilisken bilimdi, sonıń menen birge, studentlik shaxsınıń rawajlanıwı hám ózin rawajlandırıw ushın barlıq zárúr psixologiyalıq hám pedagogikalıq shárt-shárayatlardı jaratpawı múmkin, onıń tiykarǵı kepillikleri bolıp qaladı.

Studenttiń hár dayımǵı ózgeris procesin basqarıw hám onı jáne de joqarı dárejege kóteriw procesin basqarıw qábileti baslanǵısh oqıtıwshınıń izertlew

hám pedagogikalıq izertlewler ótkeriw qábiletin názerde tutadı, aldınan anıqlanǵan nátiyjege iye bolmaǵan pedagogikalıq jaǵdaydaǵı dóretiwshilik mashqalalardı sheshiwdi, barqulla ózgeriwsheń bilimlendiriw mákanı bolıp qaladı.

Oqıtıwshılar tayarlawdıń bul tárepi mudamı aktual bolıp, onıń áhmiyeti, ásirese, milliy tálimdi modernizaciyalaw kóz-qarasınan artıp barmaqta.

Bul ámeliyatqa baǵdarlanǵan pedagogika iliminiń sheshiwshi rolin hám taktika hám strategik tálim wazıypaların sheshiwde oqıtıwshınıń eksperimental isine baylanıslı.

Túrli-túrli pedagogikalıq jaǵdaylardı barqulla analiz etiw oqıtıwshını bul máselelerdi modellestiriw hám olardıń keltirip shıǵaratuǵın sebeplerin anıqlaw, onıń parametrlerin anıqlaw, onı sheshiwdiń pedagogikalıq maqsetke muwapıq usılların belgilew, onıń múmkin bolǵan nátiyjelerin islep shıǵıw tiykarında modellestiriw hám olardıń sebepleri menen baylanıslı múnásibetlerdi ornatıw tiykarında óz betinshe túrde sheshiwdi talap etedi.

Oqıtıwshınıń bunday iskerliginiń tiykarǵı shárti - bul óz iskerligi hám izertlew qábiletleri, atap aytqanda mashqalalardı izolyatsiya etiw, oǵan sebep bolǵan faktorlar hám sharayatlar, qarama-qarsılıqlardı tarqatıp alıwdıń hár qıylı usılların iyelew sıyaqlı analizi oqıtıwshınıń qáliplesiwinen kelip shıǵıp hám ámelge asırılatuǵın professional sıpat, ilimiy teoriyanıń hasası, qabıl etilgen varianttıń logikalıq tiykarları hám basqalar.

Tálim hám tárbiyanıń házirgi zaman teoriyası ulıwma ilimiy hám ulıwma metodikalıq principlerge: insanıylıq, ilimiylik, teoriya hám ámeliyattıń dialektikalıq baylanısı, sistemalılıq, sanalılıq, qol jeterlilik hám basqalarǵa tayanadı. Usı ámeliyatta sınalǵan principlerdiń analizi tálim menen tárbiyanıń, qarım-qatnas penen ayrıqsha kórsetiw, bilimlerdiń baylanıslılıǵı hám basqa nızamlılıqlardıń pedagogikalıq sheberliktiń atributları birligi haqqında aytıw imkaniyatın beredi.

Bul psixologiyalıq principlerdi ámeliyatta qollanıw pedagogikalıq sheberliktiń baslı kriteriylerinen biri – tálimniń nátiyjeliligin arttırıwǵa járdem

beredi. Bul principler oqıw iskerliginiń ámeliy sıpatın belgileytuǵınlıǵına itibardı qaratamız, bunda pedagogikalıq sheberliktiń subyektiv-iskerlik psixologiyalıq tiykarı bolatuǵınlıǵın atap ótemiz. Pedagogikalıq sheberlikti usı mániste tálim beriwdiń optimal texnologiyası sıpatında qaraw múmkin boladı. B.Skinnerdıń ańlatıwı boyınsha «Tálim texnologiyası– texnologiyanıń tabısların pedagogikalıq ámeliyatta qollanıw bolıp esaplanadı».

Zamanagóy texnologiyalardı tálimge engiziw pedagogikaǵa degen shaxsiy-iskerlik jantasıw menen tıǵız baylanıslı boladı. Shaxsiy-iskerlik jantasıw tiykarında jedel tálim koncepsiyası islep shıǵıldı hám ámeliyatqa engizilip, ol úyreniwshige oqıw-tárbiya procesiniń haqıyqıy statusın alıw imkaniyatın bere aldı.

Pedagogika házirgi waqıtta oqıtıwdın dástúrli bolmaǵan metodların qollanıwǵa, sonıń ishinde oqıtıwdı individuallastırıwǵa umtılmaqta.

Oqıtıwdı individuallastırıw degende oqıtıwshınıń talabalar toparında mikrotoparlarda oqıw materialın arnawlı túrde bólistiriw ǵana túsıınilmesten, al oqıw materialın hám onı ózlestiriw usılların talabalardıń ózleri tańlaw imkaniyatın beriw bolıp ta esaplanadı. Oqıtıwdıń strategiya hám taktikası usı mániste túsiniw menen sáykes halda anıqlanadı.

Talabalardıń mikrotoparları talabalardı diagnozlaw tiykarında ǵana dúziliwi múmkin bolıp, ol talabalar shaxsınıń belgili bir parametrlerin ilajı barınsha qısqa múddette úyreniwge qaratılǵan boladı.

Tapsırmalar paketi, oqıw qollanbalar, kompyuter baǵdarlamaları individuallastırıw jumısların alıp barıw ushın qollanılıwı múmkin. Oqıtıwshı oqıtıwdın hár qıylı basqıshlarında individuallastırılǵan tapsırmalardıń hár qıylı tiplerin qollanıwı múmkin, tapsırmanı bilim dárejeleriniń teńlesiwi hám kemshiliklerdi saplastırıw barısında quramalastırıp hám ózgertip barıwı múmkin. Individuallastırılǵan jumıs oqıtıwshı tárepinen dúzilgen reje tiykarında ámelge asırılıp, talabaǵa háreketti óz-ara koordinaciyalaw ushın bildiriledi. Bálkim, talabalar ózleriniń konkret mazmunǵa iye bolǵan materialdı ózlestiriw usıllarınıń baǵdarlamasın ózleri ushın islep shıǵıwǵa umtılıwı múmkin. Bunday

bağdarlamanı oqıtıwshı individuallastırıw jumıslarınıń sapasın jaqsılaw maqsetinde keleshekte qollanıwı múmkin.

Talabalar barqulla tek bir kishi topardıń ózinde ǵana bolmastan, birinen ekinshisine ótedi, yaǵnıy kishi toparlar iykemshil strukturaǵa iye boladı, bular ámeliy jumıslardıń barısında anıq bolıp qaladı.

Alıp barılǵan individuallasqan jumıstıń nátiyjeleri boyınsha sonday juwmaqqa kelindi, oqıtıwdı individuallastırıw bilimler sapasın arttırıw, bilmlerdi talabalardıń ózlestirip alıwın tezlestiriw, keleshektegi óz betinshe bilim alıw procesine tayarlanıw, sonday-aq, talabalardı dástúrli bolmaǵan oqıtıw metodikası menen tanıstırıw imkaniyatın beredi.

Individual jantasıw (yaǵnıy, hár bir oqıwshınıń tipologiyalıq ózgesheligin esapqa alıw) yaki differenciyalasqanı (yaǵnıy oqıwshılar toparınıń tipologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıw) «insanǵa jámlesken koncepciya» sheńberinde ámelge asırıladı. Onıń mánisi oqıwshılar pedagogikalıq tásirdiń hár qıylı sistemalarına juwap qaytarıwshı jedel subyekt sıpatında qaralıwı esaplanadı. Bunday pedagogikalıq sistemanıń orayında pedagog emes, oqıw materialı bolmastan, metod bolmastan, al bilim boladı. Biraq, onıń iskerlik subyekti sıpatında haqıyqıy jedelligine shekem, sonıń menen birge, individuallıq bul koncepciya tuwrı kelmeydi. Ol oqıwshınıń adaptiv kúsh salıwlarına boysınıwshı bolǵan, oqıtıwshınıń iskerligine anaw yaki mınaw túrde juwap qaytaratuǵın pedagogikalıq processtiń barlıq faktlerin, oqıwshınıń talabı hám uqıplılıǵın, oqıtıwdıń mazmun hám metodların hám basqalardı izertleydi.

Oqıwshılardıń tálim procesinde individuallıǵınıń ámelge asıwı pedagog individuallıǵınıń ámelge asıwısız áhmiyetke iye bola almaydı. Tálim procesiniń kóp subyektivligi pedagogikalıq sheberlikti kórsetiwdiń shárti bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq sheberlik – bul, eń aldı menen, qarım-qatnas sheberligi, al pedagogikalıq qarım-qatnas eki jaqlama sıpatqa iye hám ózin hár bir qarım-qatnas subyekti menen individuallıq sıpatında kórsete biliwinen ibarat boladı.

Pedagogikalıq qábilet – bul qarım-qatnas sheberliginde ózin kórsetetuǵın hám kepillestirilgen pedagogikalıq nátiyjege baǵdarlanǵan pedagogikalıq

iskerliktiń joqarı dárejesi bolıp ta esaplanadı. Pedagogikalıq proces qatnasıwshılarınıń individuallıq qásiyetleri bilimlilik faktorları (bilim, kónlikpe, uqıplılıqlar, komponentlilik, professionalizm) hám ámelge asırıwshı faktorları (qáliplesiw hám ámelge asırıwdı qamtıp aladı) bunda kepillestirilgen nátiyje sıpatında qabıllanadı.

Pedagogikalıq qábilet – pedagogikalıq miynet óneri, onıń estetikası, bul – poetika, artistizm hám kórkemlilik. Pedagog, muǵallim, tárbiyashı, dramaturg, aktyor, kórkem bezewshi. Ol óz sabaǵınıń xudojnigi, onın orınlawshısı hám, álbette, - sınshı (E,N.Ilin boyınsha).

Pedagogikalıq qábilet – individual sıpat. Bul – tárbiya hám tálim óneri bolıp, oqıtıw-tárbiyanıń zamanagóy metodların (shólkemlestiriw, basqarıw, texnika, metodika, qarım-qatnas, sóylew mádeniyatı) iyelep alıw menen jetilisip baradı.

Pedagogikalıq qábilet kásiplik-shaxsiy imidj benen tıǵız baylanıslı bolıp, bul barqulla áhmiyetli hám texnologiyalıq qurawshı (eger pedagogikalıq usıllar hám texnika ózlestirilgen bolsa – dóretiwshilik ushın orın bar boladı) bolıp tabıladı.

## 1.2. Baslawısh klass oqıtıwshısınıń kásiplik iskerligindegi kommunikativ kompetentsiyası

Zamanagóy pedagogikalıq tálim pedagogikalıq JOO tarawında tek social-ekonomikalıq hám demografiyalıq sharayatlarǵa ǵana emes, al mádeniy-tariyxıy dástúrlerge sáykes keliwshi stabil hám nátiyjeli tálim sistemasın dúziw ushın óz iskerligin sapalıq qayta qurıp atırǵanlıǵı búgingi kúnde hesh qanday gúmanlanıwdı keltirip shıǵarmaytuǵın fakt bolıp esaplanadı.

JOO tálimi aldında turǵan mashqalalar tek kásiplik wazıypalardıń ózin ǵana emes, al olardı sheshiwge qaratılǵan sociallıq buyırtpanıń da mazmunın koordinal ózgertiwdi támiyinlewge qaratılǵan.

Integraciyalıq proceslerdiń háreketi pedagogikalıq sheberlik tarawındaǵı eń xarakterli tendenciyalardan biri bolıp, ol qánigelerdi tayarlaw dárejesin

izertlewdiń pánleraralıq bağdarlamasın ajıratıp alıwğa, oğan jámiyettegi qatnaslardıń dinamikasın esapqa alıw menen qoyılatuğın talaplardı orınlaw oniń tayarlığına bağdarlanğan boladı. Joqarı oqıw orınlarına hám orta arnawlı bilimlendiriw mekemeleri ushın pedagogikalıq kadrlardı tayarlawğa ótiw menen baylanıslı maqsetli bağdarlamanı islep shığıw usınnan kelip shığadı.

Solay etip, talabalarda óz iskerligińiń reflekciyası qáliplesiwi ushın sharayatlar jaratılmaqta. Bul ásirese házirgi waqıtta oğada áhmiyetli bolıp esaplanadı, sebebi pedagogikalıq JOO pitkeriwshileri iskerligińiń funkcional tarawı aytarlıqtay keńeydi. Qánigege mektep táliminiń konceptual tiykarlarınıń ózgeriwi menen baylanıslı endi ğana belgilenip atırğan wazıypalardı da sheshiwge tiwrı keliwi áhmiyetsiz emes. Tiykarğı mektep ushın tek bilim beriw bağdarlamaları ğana ózgerip qoymastan, al oqıtıw metodikası da, sonday-aq, kóp jağınan individual oqıtıwğa qaratılğan bolıp ózgermekte.

Usığan baylanıslı qánige-pedagogtı qáliplestiriwde baslı integraciyalastırıwshı kúshti anıqlap alıw aktual bolıp qalmaqta. Bul orında gáp tek qánigeni tayarlaw haqqında ğana emes, al atap aytqanda tálim bağdarlamasın óz betinshe ámeliyatta qollanatuğın hám ámelge asırıw uqıbına iye bolğan shaxstı qáliplestiriw haqqında barmaqta. Pedagogikalıq tálimniń házirgi awhalı tiykarınan jańa sistema óziniń baslı sıpatlarında aytarlıqtay evolyuciyağa ushırawı menen sıpatlanıp, bir pútin koncepciya sıpatında qáliplesti hám ámelde hárekette bolmaqta. Sonıń menen birge, biziń izertlewimizdiń nátiyjeleri talaba ilgeridegidey «qabıllap alıwshı» bolıp qalıp atırğanlığın kórsetip berdi.

Biziń pikirimizshe, pedagoglardı oqıtıw modellerin jańa konceptuallıq jaqtan islep shığıwda talabanı oqıtıwdıń barlıq basqıshlarında belsendilik poziciyası ústin aldıńğı shárt bolıp tabıladı. Bul poziciya talaba tek tálim bağdarın ğana emes, al ol yaki bul tálim maqsetine erisiwdiń usılları hám jolların turaqlı túrde tańlap alıwın belgileydi. Bul qánigelerdiń kompetenciya dárejesin, onıń beyimlesiwshilik uqıpların hám pedagogikaliq sheberligin arttırıw ushın kúshli stimul bolıp xızmet atqaradı.

Usıǵan baylanıslı halda pedagogikalıq JOO talabaların oqıtıw procesin optimizaciyalawdıń áhmiyetli ekenligin atap ótiw tiyis boladı. Usı maqsette talabalardı tájiriybe-eksperimentallıq jumıslarǵa qatnastırıw aytarlıqtay nátiyjeli bolıp tabılıp, ol oqıtıwshı tárepinen tábiyiy, qadaǵalanıwshı hám basqarılatuǵın sharayatlarda mexanizmin úyreniw imkaniyatın berip, shaxstıń biologiyalıq hám sociallıq faktorlardı esapqa alǵan halda ózi-ózinen rawajlanıwın hám ózin-ózi diagnozlawın támiyinleydi.

**Kommunikativ uqıplılıqlar**. Oqıtıwshı shaxsı oqıw-tárbiya procesiniń tabıslı bolıwınıń áhmiyetli faktorı bolıp tabıladı.

Joqarı oqıw ornı oqıtıwshınıń kásiplik iskerligi onıń jeke sıpatlarına, metodikalıq uqıplarına, shólkemlestiriw-kommunikativlik (sheriklik) qásiyetlerine, sonday-aq, bir qatar ózine tán qásiyetleri: sóylewdiń ekspressivligine, artikulyaciya hám dikciyasınıń ayqınlıǵına, yaǵnıy pedagogikalıq uqıplıqtı jetilistiriwdi támiyinlewshilerge baylanıslı boladı. Bul aytıp ótilgen sıpatlarǵa iye bolıw unamlı emocional kontakttı, muǵallim hám oqıwshılar arasındaǵı adekvat kommunikaciyanı ornatıwdı támiyinleydi, sonıń menen birge JOO oqıtıwshısınıń áhmiyetli funkciyaları: kommunikativ, rawajlanıwshı, tárbiyalıq, gnostikalıq, konstruktiv, shólkemlestiriwlerdi ámelge asırıwdıń áhmiyetli aldıńǵı shártleri bolıp tabıladı.

Ilimiy izertlewdiń predmeti usı waqıtqa shekem, tiykarınan, pedagogikalıq kadrlardı tayarlawdıń sapası bolıp kelgen. Bul izertlewler kóp hallarda aksiologiyalıq sıpatqa iye boldı.

Joqarı mektep dialektikasında, sonday-aq, JOOdıń bolajaq baslawısh klass oqıtıwshılarınıń kommunikativ uqıpların rawajlandırıw metodikasında JOO bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń qásiyetleri hám funkciyaları hám onıń kommunikativ uqıpları haqqındaǵı másele jáne de qayta islep shıǵıwdı talap etedi. JOO bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń jeke, metodikalıq hám sheriklik sıpatların, sonday-aq, kommunikativ uqıpların anıqlastırıwda ekspertlik bahalaw hám baqlawlardan basqa testler, anketalar hám talabalar intervyuleri obyektiv qurallar bolıp xızmet etiwi múmkin.

Usı izertlewdiń mazmunın JOO bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısınıń kommunikativ qásiyetleriniń kásiplik áhmiyetke iye qásiyetleri quraydı.

Biz bolajaq muǵallimlerdi tayarlaw túsinigin belgili bir kásiplik háreketlerdi orınlawǵa hám oqıw kommunikativ máselelerdiń sheshimin tabıwǵa kommunikativ-iskerlik jantasıw sıpatında izertleymiz. Bunday jantasıw bolajaq oqıtıwshılardıń kommunikativ uqıpların rawajlandırıwǵa qaratılǵan.

Insannıń individuallıǵı quramalı dúzilis bolıp, ol shaxstıń awhalına, onıń minez-qulqı dinamikasına, iskerlik proceslerine hám qarım-qatnasınıń barlıq túrlerine tásir kórsetedi. Bul dúziliste ajıratıp kórsetiw múmkin bolǵan tiykarǵı bloklar:

1. Insannıń individual-psixologiyalıq ózgeshelikleri. Nerv sistemasınıń qásiyetleri hám tipi, shaxstıń dinamikalıq táreplerin anıqlawshı temperament hám shaxstıń turaqlı táreplerin anıqlawshı xarakter usıǵan kiredi.

2. Nerv sisteması qásiyetlerindegi hám qábilet nıshanlarındaǵı tábiyiy tiykarǵa iye bolǵan insannıń ulıwma hám arnawlı uqıpları.

3. Intellekt strukturası bir pútin dúzilis bolıp, insannıń biliw iskerliginiń belgili bir elementlerinen quraladı.

4. Shaxstıń baǵdarlanǵanlıǵı.

5. Shaxstıń sociallıq qásiyetleri.

Shaxstıń qásiyetlerin bahalawdıń tiykarında 1) óziniń jeke; 2) basqa insannıń psixologiyalıq portretin jasaw múmkin.

Insannıń individuallıǵın rawajlandırıw – pútkil ómir boyı dawam etetuǵın process. Jastıń artıwı menen tek insannıń poziciyası ǵana ózgeredi – shańaraqtaǵı, mekteptegi, arnawlı oqıw orınlarındaǵı tárbiya obyektinen ol tárbiya subyektine aylanadı hám ózin-ózi tárbiyalaw menen belsene shuǵıllanıwı kerek.

Insan psixikasınıń potencial imkaniyatları haqıyqatında da sheksiz. Sonday-aq, insanlardıń uqıpları kombinaciyalarınıń kóp túrliligi de sheksiz esaplanadı. Biraq tábiyattıń bul biybaha inámın bólistirip biliw, ózine hám

basqalarǵa óz uqıpların ashıp beriwinde hám rawajlandırıwda járdem beriw kerek.

Uqıplılıq – insannıń individual-psixoligiyalıq ózgesheligi esaplanıp, ol iskerlikte kózge taslanadı hám onı orınlawdıń tabıslı bolıwınıń girewi bolıp esaplanadı. Bilimler, uqıplılıq hám kónlikpelerge iye bolıw procesiniń tezligi, tereńligi, jeńilligi hám bekkemligi uqıplılıqlarǵa baylanıslı boladı, biraq uqıplılıqtıń ózi bilim hám kónlikpelerge iye bolıwdı támiyinlemeydi. Pedagogikalıq iskerlik haqqında aytqanda hám pedagogikalıq sheberlik máselesin konkret halda qarastırıp, pedagogikalıq uqıplılıqlardıń analizi psixologiyalıq-pedagogikalıq ádebiyatlarda keltiriledi, bunda pedagog bunısız óz isiniń mamanı bola almaytuǵınlıǵı aytıladı. Eń baslı uqıplılıq, basqaların qamtıp alǵan halda, bul obyektke (oqıwshıǵa) sezimtallıq bolıp, insanlardı unatıwın, álpayımlılıǵın, úyirsekligin ózinde qamtıp alǵan boladı:

- perceptiv uqıplılıqlar – kásiplik ańlaǵıshlıq, empatiya, pedagogikalıq intuiciya;
- shaxs dinamizmi – erkke hám logikalıq isenimge tásir kórsetiw uqıplılıǵı;
- emocional turaqlılıq – ózin uslay biliw uqıbı;
- optimistlik boljaw;
- kreativlilik – dóretiwshilik uqıplılıǵı.

Pedagogikalıq iskerlikke uqıplılıqtı, basqası sıyaqlı kásiplik oqıtıw qanshelli tez ótedi, bolajaq pedagog pedagogikalıq sheberliktiń usıl hám metodların qanshelli tereń hám bekkem iyeleydi, usıǵan qarap anıqlaw múmkin. Óz uqıplıqların tekserip kóriwdi kommunikativlikten, yaǵnıy qarım-qatnasta bolıw uqıbınan baslaw kerek. Ulıwma hár bir insan bunday uqıplılıqqa iye boladı. Biraq ol hár túrli kórinedi. Kommunikativliliktiń tómen dárejesi muǵallim ushın kásiplik iskerlik ortalıǵın buzadı, oqıwshılar menen óz-ara qarım-qatnasqa kesent etiwshi tosqınlıqlardı jaratadı.

Biz jámiyette, basqa insanlardıń arasında bolıw (sociallıq jaqınlıq tilegi, yaǵnıy, insanlardı unatıw) tilegin seziniw, usını analizlewge tiyispiz.

Úyirseklik qarım-qatnasta bolıw tilegi hám talabı ǵana bolmastan, al balalar, adamlar menen islesiwden qanaatlanıwdı seziniw uqıbı da hám ulıwma jumısqa uqıplılıqtı saqlawdı qamtıp aladı, dóretiwshilik seziniw tiykarın jaratadı. Úyirseklik perceptiv, sonıń ishinde, kásiplik ańlaǵıshlıq, baqlawshılıq uqıplılıqların rawajlandırıwǵa járdemlesedi.

Baqlawshılıq uqıbı – quramalı sıpat. Ol kóriw, esitiw kónlikpesinde ǵana emes, al siziń dıqqatıńızdıń nege qaratılǵanlıǵında, sonday-aq, informaciyalardı qayta islew boyınsha aqıldıń nátiyjeli islewinde kórinedi. Baqlawshılıq qalay rawajlanadı? Biz neni kórmekshi bolsaq, sonı kóremiz – haqıyqıy qızıǵıwshılıq usınnan baslanadı. Baqlaw – bul analiz de, - usınan qabıl etilgen hádiyselerdi sanadan ótkeriw ushın ózine turaqlı soraw. Baqlawshılıq hám tájiriybe intuiciya uqıplılıǵınıń rawajlanıwına tiykar boladı. Intuiciya (lat. – itibarlı, dıqqat penen qaraw) – onı iyelew jolları hám shártlerin ańlamastan júzege keletuǵın bilim, ol arqalı subyekt «tikkeley qabıllaw» nátiyjesine iye boladı.

Maman bolıw – demek, pedagogikalıq processtiń barısın, kelip shıǵıwı múmkin bolǵan qıyınshılıqlardı, pedagogikalıq sezgirlikti qalay iyelewdi aldınnan biliw degeni. Bunda hesh qanday mistikalıq joq. Bunday uqıplılıq, onı qáliplestiriw qansha qıyın bolıwına qaramastan, rawajlandırıw múmkin.

Maman pedagogtıń insandı túsiniw uqıplılıǵı oǵan jedel tásir kórsetiw menen óz-ara baylanıslı bolıp, shaxstıń dinamizmi dep ataw múmkin.

Dinamizm – bul isenim hám ózin isendiriwge uqıplılıq, bul ishki energiya, tásirdiń kóp túrliligindegi iykemshillik. Pedagog-novatorlardıń iskerligi usı uqıplılıqlarǵa iye bolıwınıń ayqın kórinisi bolıp esaplanadı. Olardıń sabaqları jigerli, olardıń poziciyası baslamashıllı, olardıń sózi sanaǵa hán sana astına tereńnen sińiwge uqıplı. Bul uqıplılıqlardıń mazmunın kórip shıǵıwdıń ózi-aq shaxstıń usı qásiyetlerin rawajlanıw jolların izlew ushın silteme xızmetin atqaradı.

Pedagog óz tıńlawshılar hám oqıwshılarınıń oy-pikir, sezimlerin, minez-qulqın, relakciyasın aldınnan biliw, aldınnan aytıp beriw, kúshli sezimtallıq

(sensitivlik) uqıbına iye bolıwı kerek. Bul pedagogikalıq iskerlikke alıp keliwshi uqıplılıqlardı atap ótiwdiń baslanıwı demekdir.

Sensitivlik (qorshaǵan hám ishki dún`yanı qabıllaw uqıplılıǵı) hár qıylı dárejedegi professionallarǵa insanıy qatnaslarda ańsat baǵdarın taba alıw, óz minez-qulqın hám emociyasın garmonizaciyalaw imkaniyatın beredi.

Biraq joqarı sensitivlilik barqulla tuwma berile bermeydi. Bunday jaǵdayda onı jámleme komponentlerdi shınıqtırıw arqalı rawajlandırıw zárúrliligi haqqında aytıladı. Ózin biliwdi, ózin ańlawdı sensitivliliktiń bazalıq tiykarları boladı dep esaplaw múmkin. Ózin ańlawdıń xarakteristikalarınıń tereńligi hám anıqlıǵı insanǵa óz kúshine degen isenimdi kúsheytedi. Muǵallim ushın bul tómendegishe kóriniste bolıwı múmkin: «Men bunıń meni joldan taydıra almaytuǵınlıǵın bilemen … Eger bul kóz-qarastan túsiniksiz bolsa, onda sorawlar kelip shıǵarmaytuǵın basqasına ótemen … Men qanday házir maǵan soraw beriliwin aldınnan bilemen … O! Olar shawqım salatuǵın bolsa, demek, olarǵa tánepistiń kerek bolǵanı. Meninshe, sol haqqındaǵı tariyx, tap … sıyaqlı bolıp otedi …».

Insan ótmishke múrájáát etip, ózin: óz imkaniyatın, háreketleriniń variantların, sezim, oyların, ahwalın izertleydi. Bunday úyreniw ilimiy tilde reflekciya dep ataladı.

Reflekciya – subyekt tárepinen ishki psixikalıq aktler hám awhallardı ózi ańlaw procesi bolıp tabıladı. Reflekciyanı ámelge asırıw ushın ózin ańlaw maydanındaǵı tájiriybe talap etiledi. Sonısı belgili, insan qansha ósse, ol sonshelli aqıllıraq boladı. Al aqıllılıq, eń aldı menen, insanlar menen qarım-qatnasta bolıwda óz maqsetlerine erise biliw uqıbında kórinedi.

Oqıwshılar menen uzaq múddetli hám nátiyjeli óz-ara qatnastı shólkemlestire alıw qábileti pedagogtiń áhmiyetli sıpatlarınan biri bolıp esaplanadı. Bul qábilet ádette pedagogtıń kommunikativ uqıplılıqları menen baylanısadı. Kásiplik-pedagogikalıq qarım-qatnastı iyelep alıw – pedagog shaxsına degen áhmiyetli talap bolıp, usı aspektte shaxslararalıq óz-ara qatnaslarǵa baylanıslı boladı.

Pedagogtıń oqıwshılar menen qarım-qatnasında qollanılatuǵın kommunikativ uqıplılıqlar, bilimler, uqıplar hám kónlikpelerdiń strukturası qanday? Eń aldı menen, qarım-qatnastaǵı kommunikativ uqıplılıqlar pedagogikalıq óz-ara qatnas oblastında ózine tán túrde kózge taslanıp, balalardı oqıtıw hám tárbiyalaw menen baylanısta boladı. Bunnan eń keminde eki paydalı juwmaq jasaw múmkin:

1. Pedagogikalıq qarım-qatnastaǵı uqıplılıqlar haqqında gáp bolǵanda, onı insan mámilesiniń barlıq sferalarında ózin kórsetetuǵın ulıwma kommunikativ uqıplılıqlardı talqılawdan ajıratıp alıp qaraw múmkin emes.

2. Pedagogikalıq qarım-qatnastaǵı uqıplılıqlar haqqında gáp bolganda, ulıwma kommunikativ uqıplılıqlar haqqındaǵı gápler menen sheklenip qalıw múmkin emes. Birinshiden, ózlerin birdey dárejede hám teńdey bolǵan insannıń hámme kommunikativ uqıplılıqlardıń bárshesinde barqulla insan ushın zárúrli bola bermeydi.

Ekinshiden, bir qatar kommunikativ uqıplılıqlar hám kónlikpeler de bar bolıp, olar basqa kásiplerdiń insanları ushın zárúrli bola bermeydi. Atap aytqanda, insannıń basqa insanlardı ańlawı, ózin-ózi ańlawı, qarım-qatnas jaǵdayların durıs qabıllawı hám bahalawı, basqa insanlarǵa qatnaslarda ózin tutıwı, ózine bolǵan qatnasta ınsan tárepinen ámelge asırılatuǵın háreketler.

Atap ótilgen kommunikativ uqıplılıqlar toparınıń hár birin qarap ótemiz hám sonıń menen birge usı uqıplılıqlar jetilispegende pedagogikalıq qarım-qatnas procesinde júzege keliwi múmkin bolǵan mashqalalardı da aytıp ótemiz.

Insannıń ózin-ózi ańlawı óz bilimlerin bahalawdı, óz uqıplılıqların bahalawı, óziniń xarakterin hám insan shaxsınıń basqa sıpatların bahalaw bolıp tabıladı. Qarım-qatnas awhalın durıs bahalaw qábileti – bul awhaldı bahalaw uqıbı, onıń aytarlıqtay informativ bolǵan belgilerin tańlap alıw hám olarǵa dıqqat awdarıwdan, júzege kelǵen sharayattıń sociallıq hám psixologiyalıq mánisin durıs qabıllaw hám bahalawdan ibarat boladı.

Pedagogikalıq kommunikativ kompetentsiyası verbal bolmaǵan formaları pedagogikalıq jaqtan qızıqlı bolıp, ele tolıq úyrenilmegen hám ámeliyatta

kóplegen hár túrli mashqalalardı júzege keltiredi. Kommunikativ uqıplılıqlar usınıń menen baylanıslı halda qamtıp aladı: tanıs bolmaǵan insanlar menen qarım-qatnasqa kirisiw uqıbı; júzege kelip úlgergen konfliktler hám túsinbewshiliklerdi payda bolıwınıń aldın alıw hám óz waqtında saplastıra alıw uqıbı; basqalar tárepinen ózin durıs túsiniw hám qabıllawın támiyinlewtuǵın halda ózin tuta biliw; basqa insanǵa óziniń qızıǵıwı hám sezimlerin kórsete alatuǵınday etip imkaniyat jaratıw uqıbına iye bolıw; qarım-qatnastan ózi ushın maksimal payda kóriw uqıbı.

Qarım-qatnastıń eki tárepi bar: múnasibet hám óz-ara tásir.

Bul aysbergtiń suw astı hám suw ústi bólimi sıyaqlı, kórinerlik bólimi – sóz benen hám sózsiz háreketler, hám ishki, kórinbeytuǵın bólimi – mútájlik, motivler, qızıǵıwlar, sezimler – insandı qarım-qatnasqa iytermelewshi hámmesi.

Kommunikativ isenim. Áhmiyetli, talassız hádiyse (jedel informaciyalar ásirinde) janlı sózge degen talap – lekciyalarda, bayanatlarda, sóylewlerde, gúrrińlerde tómenlemesten, al artıp barmaqta. Awızsha sóz insan tárepinen qorshaǵan ortalıqtı ańlap alıwda jetkerip beriwshi boldı hám usinday bolıp qalmaqta. Ilimpaz psixologlar «insan tárepinen esitiw hám awızsha sóz arqalı alatuǵın hám jetkerip beretuǵın informaciya kólemi onıń kóriw jolı – oqıw hám jazıw arqalı alatuǵın hám jetkerip beretuǵın informaciyasına qaraǵanda artıq boladı» - dep esaplaydı.

Al gáp tek kólemi haqqında bolmastan, informaciyanıń sapası, onın insanǵa tásiri, oqıtıwshınıń oqıwshılar menen kontaktı haqqında da boladı. «Qarım-qatnas sezimi elektr kibi sáwbetleslerdi baylanıstırıp, olardıń óz-ara itibarın qollap-quwatlaydı» - dep jazadı Pol L.Soner.

Solay etip, oqıtıwshı-lektor óz sózi menen talabalarǵa tásir ótkeredi – olarǵa bilimlerdi beredi, olardı túsindiredi, isendiredi. Al talabalar óz gezeginde, oqıtıwshıǵa, ol ne ayttı, sorawları, replikaları hám basqalar menen óz múnásibeti menen tásir kórsetedi. Biraq, shıǵıp sóylewdiń mazmunı hám formasına baylanıslı halda oqıtıwshı hám talabalar birin-biri bilimler hám tolǵanıslar menen hár túrli dárejede bayıtadı.

Qızıqtırıw, túsindiriw, isendiriw – hár qanday lekciya, bayanat, sózdiń hám basqalardıń májbúriy talabı bolıp tabıladı. Olardı bir-birinen ajıratıp ta, sonday-aq aljastırıp ta bolmaydı. Sózdiń tájiriybeli sheberleriniń pikiri boyınsha tıńlawshılardı qızıqtırıw, itibarın tartıw - qıyın is; auditoriya itibarın jámlep turıw hám mútájlerin qanaatlandırıw – shıǵıp sóylewdiń eń juwapkerli bólimi; auditoriyanı isendiriw onısında da, bunısında da tabısqa jetiw menen múmkin boladı.

Auditoriyanıń qızıǵıwın júzege keltiriw qanshelli áhmiyetli ekenligi, oqıtıwshınıń talabalar menen qarım-qatnasın qalay ornatıw haqqında tastıyıqlawdı kórkem ádebiyattan da tabıw múmkin. Máselen, ataqlı jazıwshı, sóz sheberi hám keń peyil iyesi Leonid Leonov sonday dál anıqlap kórsetedi, awızsha shıǵıp sóylew menen qızıqtırıw – bul, demek, shıǵıp sóylewshi hám tıńlawshılardı bir-birine jaqınlastıratuǵın ashıq kewillilikke erisiw demek. Ol óz romanı qáhármanı, kekse professor Vixrov toǵaydıń xalıq turmısındaǵı roli haqqındaǵı kirisiw sózın bılay baslaydı: «Ol biraz eskilik penen basladı, obrazlılıqtıń rásmiy ornı ushın ádettegidey bolmaǵan, biraq onshelli jigersiz halda basladı, … hám baslanıwında cifrlardan qashıp, tayarlıǵı bolmaǵan jańa tıńlawshılardıń dıqqatın qıynamadı; áskeriy waqıt dep oylaw professordı bul saparı peyjazlıq bayan etiwlerden shekleniwge májbúr etti. Siyrek jaǵdayda ol, keskin frazalardan tıyılıp, qolları menen stolǵa tayanıp, tınıshlanıp qalǵan tıńlawshılar qatarınıń arasınan múmkin bolǵan opponentlerin izlestirdi, biraq qanday da bir ashıq peyillilik temaǵa tereńlep barǵan sayın kúsheyip bardı, biraq eski lektordıń lekciyasınıń bolajaq ónerment joldasları menen ápiwayı bir gúrrińge aylanıp qalǵanlıǵıń hesh kim sezbey qaldı».

A.F.Koni lekciya tabıslı bolıwı ushın dep jazadı: 1) tıńlawshılardıń dıqqatın iyelep alıw; 2) dıqqattı sóylewdıń aqırına shekem uslap turıw kerek.

«Iyelep alıwdan» «dıqqattı uslap turıwǵa» qalayınsha ótiledi? Bunday ótiw momenti oqıtıwshı-lektorǵa neni ańlatadı?

Álbette. Talabalar auditoriyası: ol – ámeldegi barlıq barometrlerdiń eń sezgiri. Biraq onı jaqsı túsinip jetiw kerek.

Oqıtıwshı onı talabalardıń kópshilik bóleginiń túsinip otırǵanlıǵı menen sheklenbewi, al ol onı hámmeniń túsinip jetiwine erisiwi kerek. «Ilim onı bilmeytuǵınlar ushın ekenligin esten shıǵarmaw kerek», - dep jazadı N.V.Gogol. Bul tek ilimge ǵana emes, al anaw yaki mınaw lekciyanıń mazmunın quraytuǵın qálegen tarawǵa da tiyisli boladı. Bilmeytuǵındı bilimdan etiw – oqıtıwshınıń baslı maqseti. Eger ol bunı barqulla eslep tursa, onda «dıqqattı lekciyanıń aqırına shekem uslap turıw» wazıypasın tabıslı sheshiwi múmkin boladı.

Bilimler shaxs áhmiyetin ańlatıwshı isenimler menen shólkemlestiriledi. Bilimler – qurılıs materialı, isenim – tayar qurılıs. Bilimler iyelep alınadı, olar miynet etiw menen alınadı, al isenim ushın gúresedi, shayqasadı.

Bilimlerdi tarqatıwshı – aǵartıwshı, isenimdi egiwshi, gúresheń, jańa jámiyettıń qurıwshısı bolıp tabıladı. Oqıtıwshı isenimin talabanıń isenimine aylandırıw – oqıtıwshı miynetiniń, onın sheberliginiń joqarǵı shoqqısı bolıp esaplanadı. Al isenimsiz bilim kompassız korabl sıyaqlı. Bilim qansha kúshli bolsa, isenim de sonshelli bekkem hám jetilisken boladı. Talabanı isendiriwi – bul onı lekciyanıń temasın óz betinshe túsinip alıwǵa úyretiw, óz pikirin qorǵay biliw uqıbı bolıp tabıladı.

Isenim – «qızıqtır – túsindir – isendir» buwınınıń juwmaqlawshı buwını. Isenim – áhmiyetli tariyxıy máselelerdiń de, sonday-aq, hár kúngi kúndelikli máselelerdiń de sheshimin tabıwdıń jolı hám quralları, al bulardıń birinshisiniń sheshimin tabıw keń xalıq qatlamınıń, al ekishisi bolsa, az sanlı qatnasıwı, yaǵnıy talabalar qatnası menen sheshimin tabadı.

Ol tómendegi háreketlerdi ámelge asırıw menen orınlanadı:

1) salamat jámiyetlik pikirdi qáliplestiriw;

2) arnawlı, individual turmıs tájiriybesin jaratıw;

3) nadurıs isenimlerdıń motivaciyalanǵan aldın alıw.

Jalǵan isenimler haqıyqıy isenimler menen almastırılıwı kerek.

Nadurıs isenimlerdi saplastırıw ushın tómendegiler qollanıladı:

- úyreniwshilerdiń ruwxıy dún`yasında qádiriyatlardıń qayshılıǵı;

- pedagogtıń ádep-ikramlılıq sıpatlarınıń oqıwshıńıń nadurıs minez-qulqına qayshı keliwi;

- kóz-qaraslardı úyreniwshige isenim, húrmet kórsetiw jolı menen qayta qurıw;

- óspirimniń nadurıs isenimi menen ámeliy tájiriybege tayanǵan, argumentlesken oqıwshı sociumı salamat pikiri arasındaǵı ashıq gúres.

Isenim úsh komponent: bilim – sezim – minez-qulıqtan turadı. Túsinikli – eski – qabıl etildi – orınlandı formulası isenimde ámelge asırıladı. Isenimniń járdeminde jańa kóz-qaraslar, múnásibetler qáliplesedi yaki nadurıs kóz-qaraslar hám múnásibetler ózgeredi. Disputlar, diskussiyalar, sáwbetler, muǵallim gúrrıńleri, jeke úlgisi iseniminiń formaları bolıwı múmkin.

Isenimge degen talaplar:

- isenimniń mazmunı hám forması shaxstıń jasına qarap rawajlanıwına juwap beriwi kerek;

- isenim oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin esapqa alıw menen dúziliwi kerek;

- isenim ulıwmalasqan rejelerdi de, konkret faktler, mısallardı da qamtıp alıwı kerek;

- minez-qulıq faktlerin isenimde analizlew zárúr;

- muǵallim basqalardı isendiriw barısında, óziniń málimleme berip atırǵanına bekkem iseniwi kerek.

Ayqın isendiriw logikalıq isendiriwdi ańlatadı, yaǵnıy belgili bir rejelerdi anıq, talassız túrlerge alıp keliw boladı. Dálillew - tezislerden, argumentlerden, demonstraciya - dálillew usılınan ibarat boladı. Tezis – dálilleniwi tiyis bolǵan pikir. Argument – bul tezisti nenińdur járdeminde dálillew.

Teoriyalıq tiykarlar negizinde demonstraciya barısında, ómirlik faktlerdi analizlew barısında tezisti dálillewshi pikir juwmaqları jasaladı. Dálillew úyreniletuǵın material boyınsha maǵlıwmatlardıń jetkilikli qorı bolǵanda qollanılıwı múmkin.

Qarap ótilgen xarakteristikalar lekciya tekstiniń ózi menen kompleks sóylew sıyaqlı tásirin anıqlaydı. Bunda teksttiń ishki kompleksliliginiń tap jáne bir aspektin atap ótiw tiyis bolıp, ol til belgisiniń óziniń tábiyatı menen baylanıslı boladı. Amerikalı lingvist Ch.Morristiń «Til, belgiler hám minezqulıq» miynetinde dissignatorlardıń sóylew tásiriniń tórt dárejesin ajıratıp kórsetedi, yaǵnıy tek faktlerdi, hádiyselerdi ańlatatuǵın sóylew aytımları; appreyzerler – bahalawshı belgilerdi; bir nárseni islewdi aldınnan belgileytuǵın preskriptorlardı, hám sózlerdi belgilep qoyatuǵın formatorlardıń dárejesin kórsetedi. Usıgán sáykes halda hár qanday sóylewde tek ǵana esapqa alatuǵın yaki tek maǵlıwmat beretuǵın, bahalaytuǵın, sonday-aq, qanday da bir minezqulıq normasın aldınnan belgileytuǵın formulalar bar. Máselen, «Tekstte kóp sózler bar» frazası informaciyanı esapqa alıw dárejesine iye boladı. Basqasha qásiplestirilgen «Tekstte programmalıq talaplarǵa juwap beretuǵın sóz-terminler bar» málimlemesi, tıńlawshıǵa sheksiz óz bahasın beredi.

Sóylew belgisi formaları tıńlawshılarǵa hár qıylı tásir kórsetiwi júdá ayqın. Talabaǵa ózi tuwrı juwmaqqa keliwine, onıń usı juwmaqqa keliwi aytarlıqtay tiykarlı ekenligin kórsetiwge imkaniyat beretuǵın argumentler sistemasın qollanıw oqıtıwshıǵa júdá zárúr boladı.

Lekciyalıq iskerliktiń bir insannıń yaki insanlar toparınıń basqa adamlarǵa quramalı sociallıq tásir ótkeriwden ibarat ekenligi haqqında aytqanımızda, eń aldı menen bunda onın tálim beriw, tárbiyalıq hám ámeliy baǵdarlanǵan formalarınıń birligi ámelge asırılıwın esletip ótemiz. Shınında da, eger oqıtıwshınıń iskerligin bilimlerdi tarqatıwshı degen ulıwmalıq anıqlamasın qabıl etetuǵın bolsaq, onda ol talabalarǵa bilimniń ilimiy tiykarlanǵan, teoriyalıq durıs tańlap alınǵan hám shólkemlestirilgen, maqsetli zárúrli kólemin jetkerip beriw bolıp tabıladı. Biraq talabalarǵa tásir kórsetiwdiń tálim beriwshilik funkciyası usınıń menen ǵana sheklenedi me? Al biziń ideologiyalıq isimizdiń baslaması bolıp talabalardıń sociallıq áhmiyetli hám bahalı bilimleriniń isenimge aylanıw talabı bolıp xızmet etedi. Usıǵan sáykes olardıń qáliplesiwiniń psixologiyalıq máseleleri júzege keledi. Biraq, talabalar isenimi - tek funkciya hám tálim ǵana

bolmastan, al tárbiya da bolatuǵınlıǵı belgili. Demek, óz mánisine qarata pedagogikalıq iskerliktiń tálim beriw hám tárbiyalaw funkciyası óz-ara birlesip ketkenligi kórinedi. Bunda ekinshisi ǵárezsizlik ideologiyasınıń ullı baylıǵın dóretiwshilik penen qollanıwǵa úyreniwde haqıyqıy, tereń isenimdi qáliplestiriwge baǵdarlanǵanlıǵın ayrıqsha aytıp ótiw áhmiyetli boladı.

Psixologiyalıq isendiriw – bul isenim shaxstıń baǵdarın anıqlaytuǵın anıq sociallıq reje yaki olardıń kompleksiniń mánisi sıpatındagı insannıń jeke, xarakteristikalıq sıpatı bolatuǵınlıǵın aytıp ótemiz. Isendiriwdiń tiykarı bolıp bilim xızmet atqarsa, jeke sıpat bolǵan isenimlilik – talabanıń onı ámeliyatta saqlap qalıw isenimi hám tayarlıǵı boladı. Isenimlilik talabanıń aktiv poziciyasın, iseniminen hátte quramalı, geyde turmıstıń júdá qarama-qarsılılıqlı sharayatlarında taymawǵa tayarlıǵın ańlatadı.

Lekciyalıq tásir kórsetiwdiń usı aspektin qarap shıǵıwdı juwmaqlap sonı aytıw múmkin boladı, isenimlilik bilimnen isenimge, isenimlilikke hám ámeliy háreketlerge qaratılǵan maqsette eń áhmiyetli buwınlardıń biri bolıp, talabanıń ámeliy hárekerleriniń de haqıyqıy qáliplesiwine járdemlesedi.

Pedagogikalıq tásir kórsetiwdiń kompleksliliginiń ekinshi jobası - onıń hár qıylı kanallarınıń birligi. Sociallıq psixologiyada, B.F.Porshnev, B.D.Parigin, G.M.Andreevanıń hám basqa da bir qatar izertlewshilerdiń miynetlerinde házirgi waqıtta sóylew arqalı tásir kórsetiwdiń úsh kanalı yaki forması: málimlew, bilim, gipnoz hám isendiriw haqqında jetkilikli túrde ayqın aytıp ótiledi. Bunda, ilgeride isenimniń qáliplesiwi haqqında sociallıq rejeler sisteması sıpatında aytılǵan bolsa, al házir ol sóylew arqalı tásir kórsetiwdiń kanalı sıpatında sóylewshi poziciyasınan qaralmaqta. Parıqları shártli: bulardıń hámmesi óz-ara baylanıslı hám anaw yaki mınaw dárejede pikirdi jetkerip beriw processinde qatnasadı. Málimlew bayanlawdıń aytarlıqtay ulıwma emocional neytral, epikalıq forması esaplanadı. Bul kanal oqıtıwshı-lektorǵa bilim hám maǵlıwmatlardıń belgili bir kólemin jetkerip bere alıw imkaniyatın beredi.

Biraq ta, biziń pedagogikalıq iskerligimizde, onıń aldına qoyǵan maqsetinen kelip shıqqan halda talabaǵa tásir kórsetiwdiń bul kanalı jetkilikli

bolmaydı, yaki bilimniń hár bir maǵlıwmattı ózinde isendiriw elementine, isendiriw sıpatına iye bolıwı kerek ekenligi anıq.

Oqıtıwshı lekciya oqıw iskerligi házir analizlewshi, interpretaciyalawshı, túsindiriwshi pedagogikalıq iskerliktiń joqarı dárejesi menen sıpatlanıp, ol bir qatar jetkilikli qarama-qarsılıqlı bolǵan hádiyselerdi salıstıradı, túsindiredi, ashıp beredi, oylanıwǵa májbúrleydi. Sóylew arqalı tásir kórsetiwdiń maqsetli formasın ańlatıwshı isendiriw usıǵan juwap berip, isenimlilikke alıp keledi, talaba minez-qulıqtıń anaw yaki mınaw formasın óz betinshe tańlap alıwı múmkin boladı.

Isendiriw – sóyley arqalı tásir kótsetiwdiń aytarlıqtay nátiyjeli forması. Al bunıń quramalılıǵı, birinshiden, talabalardıń lekciya predmeti menen tanıs bolıwınan, hám usıǵan baylanıslı halda jańalıqtıń nátiyjeliligi – tıńlawshılardıń dıqqatın tartıwdıń hám olarǵa tásir kórsetiwdiń kúshli qurallarınan biri bolǵan, joǵaladı. Ekinshiden, isendiriw lekciyalıq málimlew procesinde qabıllaǵanın dóretiwshilik, sanalı túrde talaba tárepinen qayta isleniwine tiykarlanadı hám, úshinshiden, ol oqıtıwshıǵa hám sóylew predmetine talabanıń tolıq iseniminiń bolıwın támiyinleydi. Basqasha bolsa (bul bazı bir ishki kelispewshilikler bolıwı múmkin), eń aldı menen oqıtıwshıǵa talabalardıń ıqlasın oyatıwǵa erisiwi kerek boladı.

Maǵlıwmat kólemin málimlewde de isendiriw kerek boladı. Bir qansha jıllar dawamında ótkerilgen baqlawlar sonı kórsetedi, direkciyalıq koncepciyanı maqullawshı talabalar óz málimlemelerine kóbirek informaciyalıq sıpat berip, olardı tikkeley isendiriwshi momentlerinen ayıradı dep kóplegen oqıtıwshılar durıs juwmaqqa keledi. Sonıń menen birge, oqıtıwshı hám talabanıń pedagogikalıq ulıwmalılıǵı awızsha kommunikativ tásirge tán bolǵan isendiriw imkaniyatların júdá keńnen qollanıw múmkinshiligin beredi.

Isendiriwden ózgeshe halda tásir forması sıpatında gipnoz talabanıń (tıńlawshı) hám oqıtıwshı (sóylewshi)nıń abıroyına kózdi jumıp iseniwine hám informasiyanı qabıllawda sınnan ótkeriwdiń bolmawına tiykarlanadı. Ol tiykarınan talabalardıń emocionallıq sferasına, olardıń sezimleri hám

tolǵanıslarına baǵdarlanǵan. Biraq, gipnoz ózin isnediriwshi kommunikaciyanıń tolıqtırıwshı járdemshi mexanizmi sıpatında ámelde bolıp, isendiriw menen bir baǵdarda hám birdey maqsette ámelge asıwı múmkin.

Oqıtıwshı lekciyalıq iskerliginiń kompleksliliginiń úshinshi aspekti sıpatında – oqıtıwshı hám talabalardıń óz-ara tásiriniń racional hám emocional birligin kórip ótiw múmkin. Basqasha aytqanda, pedagogikalıq iskerliktiń maqsetin ulıwma bilim beriw, tárbiyalaw, ámeliy funkciyalarınıń ulıwmalıǵı hám onıń kanallarınıń birligi arqalı bolıwınan baslap, hámmesi appelyacıyanıń birliginiń zárúrliligin tek oylawǵa qarata emes, al talabalardıń sezimleri, joqarı emociyalarına qarata anıqlanadı.

Racionallıq hám emocionallıqtıń birligi oylawdıń tásir mexanizmleri hám emocionallıq birgelikte tolǵanıw mexanizmleriniń birliginde anıqlanıp, oqıtıwshı hám talabalardıń, olardıń qarım-qatnasların, sóylew, obrazlıq hám ámeliy iskerliginiń formaların anıqlawshı qarım-qatnastıń óz-ara tıǵız baylanısqan ishki eki kúshi sıpatında qalıwın aytıp ótiw áhmiyetli esaplanadı. Bunda usınday birlikte oqıtıwshınıń is-háreketi sheshiwshi rol oynawın esapqa alıw kerek boladı.

Ǵárezsiz mámlekettiń úlken jetiskenlikleriniń ózi-aq qúdiretli úgit-násiyatlaw quralı bolıp xızmet etedi. Al oqıtıwshınıń wazıypası pedagogikalıq tásir kórsetiwdi óz waqtında hám batıl túrde faktlı material menen tastıyıqlap barıwdan ibarat bolıp, bunda tildiń hám sóz-obrazlıq kórgizbeliliktiń baylıǵı pútkilley qollanıladı.

Gipnozlaw tásiri qısqa hám anıq frazalar – gipnozlaw formulaları kórinisinde ámelge asırıladı.

Úyreniwshilerdi unamsız is-hareketlerde qadaǵan etiw hám sheklew ushın zárúrlilik bolǵanda gipnoz dástúri qollanıladı.

Shaxstıń rawajlanıwında áhmiyetli orın ózin-ózi gipnozlawǵa beriledi. Al pedagogtiń wazıypası oqıwshını ózin-ózi gipnozlaw metodikası menen qurallandırıwdan ibarat. Ózin-ózi gipnozlaw qıyınshılıqlardıń aldında qorqıwdı jeńiwde, tartıw dárejesiniń páseńlep yaki kóbeyiwinde, óz kúshine isenimi

bolmaǵanda, ishki qarama-qarsılıqlar menen baylanıslı jaǵdaylarda nátiyjeli boladı. Eger gipnoz yaki ózin-ózi gipnozlaw psixologiyalıq hám fizikalıq bosasıw (relaksaciya) fonında ámelge asırıladı. Relaksaciya – bul pedagogikada sońǵı jıllarda kóp qollanılatuǵın metod.

Gipnozdı relaksaciya fonında qollanıw gipnozǵa beyimlilik artıp ketkende qollanılsa jaqsı nátiyje beredi.

Nátiyjeli gipnozdıń zárúrli shártlerinen biri insan psixikasınıń ayrıqsha sıpatı bolıp, bunda tásir – gipnozǵa beriliwshilik boladı. Gipnozǵa beriliwshilik basqa birewdiń talabı boyınsha ózin uslap-tıtıwın ózgertiw uqıbı bolıp, bunda logikaǵa yaki sanalı motivlerge tayanılmaydı, yaǵnıy basqa insanlardıń talaplarına sózsiz baǵınıwı boladı. Gipnozlaw – nerv sistemasınıń ádettegidey qásiyeti bolıp tabıladı. Álbette, hár qıylı sharayatlarda ol da hár qıylı boladı.

## Birinshi bap boyınsha juwmaqlar

Pedagogikalıq iskerliktiń nátiyjeliligi oqıwshınıń tómendegi komponentleri menen támiyinlenedi, tematikanıń tereńligi hám aktuallıǵı, oqıw materialınıń ideologiyalıq baǵdarı, texnologiya (lekciya) hám texnika (sóylewi, qarım-qatnası) sıyaqlı pedagogikalıq uqıplılıq hám insan faktorına itibar, oqıwshınıń oylawınıń batıllıǵı hám dóretiwsheńligi, onıń nátiyjege imtılıwshılıǵı.

1. JOO oqıtıwshısı kommunikativ kompetentsiyası lektor sıpatında bilim beriw, tárbiya hám qarım-qatnastıń birligin – nátiyjelilik dárejesin joqarı dárejede (bul pedagogikalıq uqıptıń eń baslı ólshemi), belsendilikti, mashqalalıqtı, texnologiyalılıqtı saqlaǵan halda jeke-iskerlik jantasıw menen, oqıtıwdı individuallastırıw menen ónimli dóretiwshilikti talap etedi.

2. Kommunikativlik faktor oqıtıwshınıń, muǵallimniń pedagogikalıq kommunikativ kompetentsiyasın hám sóylew mádeniyatın qáliplestiriwde (kásiplik tayarlıq procesinde) – aytarlıqtay áhmiyetli hám derlik háreketsheń. Gúmansız, oqıtıwdıń jeke-baǵdarlanǵan jaǵdayında, oqıwshılardıń oqıw-tárbiya procesiniń barlıq dárejelerinde belsendi poziciyaǵa iye bolıwı menen, bolajaq muǵallimlerdiń gumanistlik mádeniyatı hám sapalı xarakteristikasına

baǵdarlanıwında; sózsiz, pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatı kompetentsiyasınıń ónimli roli – oqıtıwdıń utımlı formaları, metodları hám usıllarında. Pedagogikalıq qarım-qatnas kompetentsiyası – kóp aspektli social-pedagogikalıq iskerlik, hár túrli, qaytalanbas, individual, jarqın, ózine tán. Joqarı kommunikativ uqıplılıqtıń qarım-qatnaslıq, refleksiya, baqlawshılıq, intuiciya hám pedagogikalıq ańlawshılıq, empatiya, túsiniw, dinamizm, isendiriw, gipnoz, energiya, baslama, óz-ara tásir, pedagogikalıq sharayattaǵı baǵdar alıw, ózin hám oqıwshılardı biliw, qarım-qatnastıń verbal hám verbal emes formaların iyelep alıw sıyaqlı baslı xarateristikaları menen – kommunikativ uqıplılıqlar, bilimler, uqıp hám kónlikpeleriniń mádeniyatınıń usı barlıq qurawshılarınıń pedagogikalıq qarım-qatnastaǵı, sonıń ishinde, shaxslararalıq (oqıwshılar menen) pedagog (muǵallim)tıń shaxsı menen óz-ara baylanısları. «Pedagog – talaba», «Muǵallim – oqıwshılar» kommunikativ sistemalarındaǵı eń baslısı múnásibet hám óz-ara tásirler, talaplar, motivler, qızıǵıwlar, sezimler, kommunikativ isendiriw (qızıqtırıw, isendiriw, qollap-quwatlaw). Bunda isendiriw tárbiyalanıwshılardıń bilimleri, sezimleri, minez-qulıqlarınan ibarat bolıwı hám túsinikli – ótti – qabıl etildi – orınlandı (kommunikativ isendiriwdiń hár qıylı formalarınıń tásiri menen) formulası boyınsha ámelge asırılıwı áhmiyetli. Bunda da lekciya procesinde sóylew mádeniyatı tiykarǵı faktor bolıp esaplanadı.

3. Oqıtıwshınıń lekciyalıq iskerliginıń (muǵallimniń oqıw-tárbiya procesinde) kommunikativligi – bul oqıwshılar menen bir neshe baǵdarda qarım-qatnasta bolıw – tómendegilerdiń birligi: bilim beriw, oqıtiw, tárbiya, pedagogikalıq iskerlik, pedagogikalıq funkciyalar; verbal hám verbal emes tásir kórsetiwdiń kanalları – málimlew, isendiriw, gipnoz; oqıtıwsı hám oqıwshılardıń racional hám emocional tásiri; oqıwshı (muǵallim)nıń sóylew, obrazlı hám ámeliy-tásir etiw iskerligi.

Sociallıq áhmiyetli hám bahalı bilimlerdiń isenimge aylanıwı ahmiyetli bolıp tabıladı. Eń baslı – oqıwshılardı ámeliy is-háreketlerdi iyelep alıw (qáliplestiriw)ına zárúr ekenligine isendiriw.

4. Oqıwshılarǵa bilimlerdi beriw tómendegi elementlerge iye boladı: maqsetliligi, gipnozlaw, isendiriw, málimlew (bilimlerdi) - máqsetke baǵdarlanǵan sóylew kommunikativ tásir kórsetiwinde, emocional sferaǵa múrájáát etiw menen, oqıwshılardıń sezimler hám tolǵanısları menen, emocional hám racional tásir kórsetiwiniń birliginde, olardıń oylaw, sezim hám emociyaları menen, ózin-ózi gipnozlawdı jedellestiriwdi esapqa alıw menen belgilenedi.

Solay etip, isendiriwdi tásir kórsetiwdiń tiykarǵı kanalı sıpatında qarap, sonıń menen bir waqıtta ol gipnozlawshı effekt penen birgelikte bolatuǵınlıǵın hám qálegen málimlemeni onıń ózi birgelikte bolatuǵınlıǵın atap ótemiz. Tásir kórsetiw formaları – málimlew, isendiriw hám gipnoz haqqında aytqanda bul úsh kanal lekciyalıq iskerlikte óz-ara tıǵız baylanısta háreket etetuǵınlıǵın, sebebi málimlemede barqulla sóylewshiniń tıńlawshılarǵa signetivlik tásir kórsetiw elementleriniń bolatuǵınlıǵın jáne bir ret esletip ótemiz hám, aytıp ótilgendey, signetivlilik te isendiriwdegidey maqsetke iye boladı, tásir kórsetiwdiń nátiyjeligi artadı. Bunda, lektor tárepinen sóz anıq, durıs tańlap alınıp, shın kewilden aytılǵan bolsa, ol auditoriyanı jáne de oylawǵa májbúrlep, tásir kórsetiwdiń maqsetli bolıwın támiyinleydi.

Lekciyalıq tásir kórsetiwdiń komplekslilik tábiyatın anıqlaw tiykarında awızsha lekciyalıq iskerliktiń óziniń psixologiyalıq anıqlamasın ádewir keń túrde beriw múmkin boladı. Ol lektordıń tárbiyalawshı, jeteklewshi, ideyalıq baǵdarǵa iye, informativ-mazmunlı, ámeliy tastıyıqlanǵan, isendiretuǵın, belsendi pikirlewdi hám auditoriyada emocionallıq tolǵanıslardı júzege shıǵaratuǵın sóylew tásirinen ibarat boladı.

# II BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍNÍŃ PEDAGOGIKALÍQ TÁSIR KÓRSETIW KOMPETENSIYASÍ

## 2.1. Pedagogikalıq iskerliktiń psixologiyalıq-pedagogikalıq aspekti. Pedagogikalıq sheriklik hám pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatı

Tómendegi eki tendenciya sońǵı jıllarda pedagogikada kózge taslanadı:

1. Oqıtıwshı hám talaba arasındaǵı óz-ara múnásibetti túsiniwde aytarlıqtay ilgerilewler júz berip, bunda ol házirgi kúnde pedagogikalıq sheriklik múnásibeti sıpatında haqlı túrde aytılıp kelmekte. Pedagogikanı sistemalı kúsh salıw hám miynet jumsaw zárúrliligi menen baylanıslı halda talabanıń belsendi iskerliginen kelip shıǵıp ózlestiriwde erisiletuǵın nátiyjeler sheshiwshi túrde onıń pedagogikalıq sheberligine hám kommunikativlik kompetenciyasına baylanıslı boladı.

Oqıtıwshı berilgen konkret sharayatlarda ózi durıs hám nátiyjeli dep esaplaytuǵın metodikalıq usıllardı qollanıwǵa haqlı bolatuǵın reje kórsetiledi. Bul tendenciya oqıtıwshılardı qáliplesken metodikalıq stereotiplerdi ulıwma qollanıwdan azat etedi hám pedagogikada oqıtıw procesin basqarıwǵa hám onıń talabalar tárepinen ózlestiriliwine óziniń dóretiwshilik jantasıwın rawajlandıradı. Biraq geyde atap ótilgen rejeni nadurıs túsiniw hám nadurıs interpretaciyalawdı ushıratıw múmkin bolıp, bul didaktikalıq teoriya, sonday-aq onıń ilim ushın bazalıq tabısların tereń sistemalı ózlestiriw zárúrliligin durıs bahalamaw aqıbetine alıp keledi.

Biziń izertlewimizdiń predmeti óz-ara múnásibet, yaǵnıy JOO oqıtıwshısınıń talabalar – bolajaq mektep hám licey muǵallimleri menen pedagogikalıq sherikliginen ibarat boldı. Biziń izleniwimiz empirikalıq (induktivlik) sıpatqa iye bolıp, ol real oqıtıwshılarǵa hám oqıw procesiniń nátiyjeliligin anıqlawshı sharayatlarǵa qaratılǵan. Empirikalıq izleniwlerde hár qıylı proceduralar, ásbaplar, metodlar: anketa alıw, intervyuler, test alıwlar, baqlaw, ekspert bahalaw usılları qollanıldı.

Biziń izleniwimiz bolajaq baslawısh klass oqıtıwshınıń hám JOO oqıtıwshınıń hám olardıń sherikligi kóz-qarasınan kásiplik áhmiyetli qásiyetlerinen ibarat boldı.

Temanıń xarakteri original mazmunǵa iye bolǵan sorawnamanı qollanıwdı kún tártibine qoyıp, institutta kásiplik iskerlik ushın ayrıqsha áhmiyetli bolǵan sıpatlardı izlew imkaniyatın berdi. Sorawlar (ashıq hám jabıq tiptegi) sonday etip tańlap alındı, olardıń tiykarında oqıtıwshınıń áhmiyetli iskerlik sferaları (teoriyalıq oqıtıw, ámeliy sabaqlar, ekzamenler – talabalardıń ózlestiriwin qadaǵalaw hám bahalaw, oqıtıwshınıń talabalar menen óz-ara tásirleri hám jeke shaxsiy sıpatları) haqqında pikir júritiw múmkin boladı.

Biziń jumısımız bizdi bolajaq pedagoglardı tayarlawda oqıw procesin professionallastırıw mashqalaların izertlewge alıp keldi. Oqıtıw procesin professionallastırıw – eki aspektli hádiyse, bir tárepten, oqıtıw procesin professionallastırıw talabalardıń orta mektepte qánigelik predmetlerin oqıtıw sferasında (kásiplik qánigelestiriw aspekti) islew ushın zárúrli bolǵan kásiplik uqıplılıqların talabalarda rawajlandırıwǵa qaratılıwı kerek; ekinshiden – ol olardıń qánigelik predmetleri menen baylanıslı kásiplik iskerliktiń basqa sferalarında islew ushın zárúrli bolǵan kásiplik uqıplılıqların (bolajaq muǵallimniń kásiplik mobilligin arttırıw maqsetinde - olardıń mekteplerde islew imkaniyatın keńeytiw aspekti) kásiplik sheberligin rawajlandırıwǵa qaratılǵan bolıwı kerek.

Solay etip, házirgi sharayatlar JOO oqıtıwshılarınıń aldına qarım-qatnasta bolıwdıń ayrıqsha mashqalasın qoyıp, ol oqıtıwshı hám talabalar arasındaǵı óz-ara múnásibettiń quramalı sistemasın ámelge asıradı. Sabaqlarda tálim-tárbiya procesiniń utımlı hám nátiyjeli bolıwın támiyinlewshi durıs pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıwdıń usılların tańlaw zárúrliligin keltirip shıǵaradı.

Mashqalanıń keń túrde bolıwın esapqa alǵan halda, usı iskerliktiń ayırım táreplerine ǵana toqtap óttık:

1) Talabalardıń oqıw iskerligi procesinde funkcional awhalları – táshwish hám zorıǵıw, psixikalıq ahwallarınıń hám olarǵa tásir kórsetiwdiń psixologiyalıq usıllarınıń payda bolıw hám rawajlanıwınıń nızamlılıǵı.

2) Toparda islew jaqsı psixologiyalıq klimattı jaratıwshı JOOda oqıtıwdıń nátiyjeliligin hám motivaciyasın arttırıwshı metod ekenligi.

3) Kásiplik-pedagogikalıq trening qarım-qatnasta bolıw nızamlıqların, strukturasın hám texnologiyasın iyelew quralı, oqıwshı jumısındaǵı stereotipke qarsı gúresiw quralı sıpatında.

Biz óz jumısımızda kásipleslerimizge oqıtıw processinde talabalar menen utımlı qarım-qatnasta bolıw arqalı jańa sharayatlarda oqıtıw iskerliginiń dóretiwshilik sıpatta rawajlanıwı, shaxstıń durıs qáliplesiwi, unamlı emocional ortalıq jaratıw, talabalar jámáátinde sociallıq-psixologiyalıq proceslerdi basqarıw, oqıtıwshınıń jeke uqıpların ámelge asırıw hám maksimal dárejede paydalanıwdı, oqıtıwshınıń roli, onıń oqıwshılar menen birge islesiwin, demek, oqıtıwshınıń talaba menen pedagogikalıq sherikligi ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin kórsetip beriwdi maqul kórdik.

Qarım-qatnasta bolıw awızsha hám jazba formada bolıwı múmkin. E.I.Pasov boyınsha, insan birinshi awhalda (biziń jumısımızda oqıtıwshı hám talaba) qarım-qatnastıń eki quralına - sóylew iskerliginiń sóylew hám tıńlaw túrlerin iyelewi kerek. Ekinshi jaǵdayda jazıw hám oqıwdı iyelegen bolıwı kerek. Solay etip, tıńlaw sheberligin rawajlandırıw hám onı talabalardıń iyelewi ushın sóylew qarım-qatnas qurallarınan sóylew iskerliginiń bir túri sıpatında qaraladı. «Sóylew qarım-qatnas máselelerin sheshiw maqsetinde óz pikir-oyların ańlatıwdan ibarat boladı. Bul, málimleme quramına kiritilgen hám onnan sırtta bola almawına qaramastan, bir insannıń háreketi esaplanadı, al qarım-qatnas – bul barqulla basqa insanlar menen óz-ara tásirde bolıw». Usınday qarım-qatnas – bir-biri menen, yaǵnıy oqıtıwshı menen talabalar arasındaǵı qarım-qatnas mádeniyatı biziń izertlew predmetimiz esaplanadı.

Pedagogikalıq qarım-qatnas – oqıwshınıń sabaq waqtında hám onnan tıs sabaqlarda talabalar menen kásiplik qarım-qatnasta bolıwı esaplanıp, unamlı psixologiyalıq ıqlım jaratıwǵa qaratılǵan boladı.

V.A.Kan-Kalik boyınsha kásiplik-pedagogikalıq qarım-qatnas procesiniń strukturası tómendegilerdi qamtıp aladı: 1. Oqıtıwshı tárepinen klass penen kútiletuǵın qarım-qatnastı modellestiriw (boljaw basqıshı). 2. Dáslepki óz-ara tásir paytında tikkeley qarım-qatnasta bolıwdı shólkemlestiriw (kommunikativ hújim). 3. Pedagogikalıq process barısında qarım-qatnastı basqarıw. 4. Ámelge asırılǵan qarım-qatnas sistemasın analizlew hám onı keleshektegi iskerlik ushın modellestiriw.

Muǵallimniń oqıwshılar menen múnásibet stiliniń roli haqqında A.A.Leontev baslı juwmaqtı kórsetip, bılay deydi «unamsız» hám «turaqsız» muǵallimler ózine unamsız múnásibetti júzege keltiredi. Al bul olardıń mektepke de, jámiyetke de qarsı islewin ańlatadı.

Tabıslı pedagogikalıq iskerlik pedagogtıń oqıwshılarǵa unamlı múnásibeti, jumıstı demokratiyalıq shólkemlestiriw, birgeliktegi dóretiwshilik iskerligi menen qızıǵıwshılıq atmosferasında bolıp ótedi.

Hár bir adamnıń tolǵanısqa túsiw momentiniń keskinligine, onıń túpkilikli burılıs sıpatın, jámiyetti jańa wazıypalarǵa qaratıwdı túsinip alıwına erisiw kerek, jaslardıń jańasha oylaw hám háreket etiwge úyretiw kerek. Bunıń ushın «Kadrlar tayarlawdın Milliy baǵdarlaması»nda atap ótilgenindey kadrlardı tayarlaw kerek. JOO oqıtıwshıları úgitshiler, óziniń joqarı ideyalılıǵı, principliligi menen ajıralıp turıwı kerek, biraq olarda kópshilik waqıtta joqarı professionalizm, talabalarǵa tásir kórsetiw procesiniń ózinde dóretiwshilik jantasıwdıń áhmiyetli máselelerin qoyıw da batıllıǵı jetispeydi.

Ideologiyalıq, puxaralıq-siyasiy tárbiya jumısın jetilistiriw hám qayta qurıw mashqalası onıń barlıq bólimlerine, pedagogikalıq iskerlik mádeniyatın qamtıp alǵan halda kompleks jantasıwdı talap etedi.

Pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatın psixologiyalıq-pedagogikalıq analizlewdiń ózgeshelikleri qanday, pedagogikalıq iskerliktiń maqseti,

mazmunları, forma hám metodlarınıń birligine qanday erisiw múmkin, pedagog qanday baǵdarlarda óz ústinde islewi kerek – usı máseleler de ashılıp beriledi. Olardıń sheshimin tabıwda usınılatuǵın jantasıwlar izleniwshilik sıpatta boladı. Oqıwshı-qánige óziniń jeke poziciyaların bayan etilip atırǵan mashqalalar boyınsha tastıyıqlap alıw imkaniyatına iye bolıp, bunısız pedagogikalıq qarım-qatnastıń mádeniyatın házirgi zaman sharayatlarında jetilistiriwdiń konkret jolların dóretiwshilik penen izlestiriw múmkin bolmaydı.

Qolaysız metodika lekciyanıń, sabaq, sáwbettıń, shıǵıp sóylewdiń eń jaqsı mazmunın da joqqa shıǵarıwı múmkin ekenligin izertlew kórsetip berdi. Psixologiya-pedagogikalıq jobadaǵı bilimler, eń aldı menen, talabalar menen qarım-qatnas ornatıw ushın kerek. Kóplegen oqıtıwshılarda bolsa mine usı bilimler ele de jetkiliksiz, al olarsız talabalar menen qarım-qatnas mádeniyatında joqarı professionalizmge erisiw múmkin emes.

Jámiyetlik-siyasiy, predmetik-tematikalıq hám psixologiya-pedagogikalıq bilimler pedagogikalıq iskerlik ámeliyatında birlikte bolıwı kerek. Usi birlikte predmetlik-tematikalıq joba bilimleri jetekshi rol oynaydı, sebebi, tek olar ǵana lekciyalar, seminar sabaqlarınıń maqset, wazıypaların, konkret mazmunı ústinde islew principlerin aldınnan anıqlaydı, oqıtıwshı hám talabalar óz-ara tásir kórsetiwdiń sociallıq jaqtan múmkin bolǵan forma hám metodların tańlap alıwdı belgileydi, pedagogikalıq iskerliktiń tálim-tárbiyalıq juwmaqlaw nátiyjelerine talaplardı sıpatlaydı. Baqlawlar hám sáwbetler usı birliktiń dialektikalıq xarakteri pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatınıń jáne bir ózgesheligi ekenligin kórsetedi. Biziń metodikalıq hám lektorlıq ámeliyatımız oqıtıwshı hám talabalardıń pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatına psixologiyalıq hám pedagogikalıq jantasıwlardı birlestiriw ushın belgili bir baslanǵısh shártlerdi, eń aldı menen ulıwma sociologiyalıq, metodologiyalıq tiykarda anıqlap beredi.

Biz pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatınıń sociologiyalıq xarakteristikasında shártli eki úzliksiz táreplerin: mazmunlıq-maqsetli hám shólkemlestiriw-basqarıwdı bólip kórsetemiz. Olardı ámeliyatta organikalıq birlestiriw sociallıq nátiyjelerdi bere aldı. Neni beriw kerek ekenligin biliw

lekciyalıq materialdı jetkerip beriwdiń kerek ekenligi, pedagogtıń talabalar menen qarım-qatnasta bolıw mádeniyatı boyınsha bárshe jumıslar boyınsha eń úlken effektke erisiw ushın qanday formalar hám metodlardı qollanıw maqsetke muwapıq bolatuǵınlıǵı menen tolıqtırılıwı kerek.

Lekciyalıq pedagogikalıq iskerlikti sociallıq analizlew tek sociallıq áhmiyetli maqsetleri hám nátiyjelerin, prinsiplerin, onı shólkemlestiriwdiń quralları hám formaların úyreniwdi ǵana emes, al usı iskerliktiń subyekti hám obyektin májbúriy ajıratıp kórsetiw, olardıń utımlı óz-ara tásiriniń shártlerin anıqlaw haqqında aldınnan belgilep beredi.

Jeke úlgileri menen óziniń isenimin dálillewshi, analitikalıq pikirley alatuǵın, talabalardı tıńlaw hám sóylesiw uqıbına iye, ulıwma teoriyalıq hám kásiplik jaqtan jaqsı tayarlanǵan, biziń dáwirimizdiń jańa wazıypaların tabıslı sheshimin taba alıw uqıbına iye bolǵan oqıwshılardı ideologiyalıq maqsetlerde belsene usınıs etiw tiyis ekenligin JOOlardaǵı izertlew jumıslarınıń tájiriybesi kórsetip bere aldı.

Pedagogikalıq iskerlik ulıwma metodologiyalıq planda basqarılatuǵın social process sıpatında izertlenedi, bunda tek basqarılatuǵın ǵana emes, al basqarılıwshı sistemalardı da qamtıp aladı. Pedagog bul sistemalar sheńberinde, bir tárepten, basqarıw subyekti (sebebi tek ol tıńlawshılardıń biliw iskerligin basqaradı), al ekinshi tárepten – basqarıw obyekti (sebebi onıń pútkil iskerligi kafedra tárepinen hám JOO hákimshiligi tárepinen baǵdarlanadı hám shólkemlestiriledi) esaplanadı.

Biziń jumısımızda islep shıǵılǵan pedagogikalıq iskerliktiń tásirliligin kúsheytiwge qaratılǵan házirgi zaman talapların teoriyalıq islep shıǵıw hám ámelge asırıw, onıń ilimiyligin, haqıyqatlıǵın hám reallıǵın tereńlestiriw, mazmunın aktuallastırıw, tásir kórsetiw forma hám metodların jetilistiriw ulıwma sociologiyalıq hám psixologiyalıq-pedagogikalıq iskerlikke maksimal jaqınlastırıwdı támiyinleydi.

Pedagogikalıq iskerliktiń psixologiyalıq, logikalıq, lingvistikalıq, pedagogikalıq hám konkret-metodikalıq tiykarları (aspektleri) házirgi waqıtta salıstırmalı túrde keńnen úyrenilgen.

Pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatınıń psixologiyalıq-pedagogikalıq mashqalaların islep shıǵıwda pedagogtıń talabalar menen psixologiyalıq-pedagogikalıq óz-ara tásir kórsetiwdiń «sap» texnologiyası máseleleri menen qızıǵıp ketiw uqıpları saqlanıp qalǵan bolıp, bunda olardıń jámiyetlik-siyasiy xarakteristikaları kerekli dárejede esapqa alınbaydı, tásir kórsetiwdiń sociallıq múmkin bolǵan hám sociallıq múmkin bolmaǵan metodların analizlemeydi, mánisin, bunday tásir kórsetiwdiń baǵdarı hám aqırǵı nátiyjeleri ayqın sociallıq bahalanbaydı.

Biziń izertlewimiz pedagogikalıq iskerlik teoriyasına sap «texnologiyalıq» jantasıw, oniń asa «psixologiyalasıwı» tek metodologiyalıq jaqtan ǵana emes, al siyasiy jaqtan da qáwipli ekenligin kórsetip berdi. Psixologiyalıq-pedagogikalıq óz-ara tásir kórsetiwde eń aldı menen psixologiyalıq qarım-qatnas nızamın, óz-ara túsinisiwdi, óz-ara shártlesilgenlikti pedagog hám talabalar (tıńlawshılar, oqıwshılar, muǵallimler) arasında ajıratıp kórsetedi.

Biraq bul baylanıslar qarım-qatnastıń hár qıylı túrlerinde hár qıylı konkretlestiriledi. Máselen, psixologiyalıq qarım-qatnaslar intim-jeke hám sociallıq baǵdarlanǵan qarım-qatnaslarda parıqlanadı. Sebebi, birinshi jaǵdayda sherikler psixologiyalıq maksimal teń huqıqlı bolıwı kerek.

Biraq bul princip social-adaptaciyalanǵan qarım-qatnas sharayatlarında sózsiz qollanıw múmkin bolarma eken, al onıń bir túri oqıtıwshınıń talabalar menen qarım-qatnası esaplanadı. A.A.Leontev auditoriyadaǵı qarım-qatnastı sıpatlay otırıp, atap ótedi: «… lector auditoriyaǵa keledi, ol lektor menen bolǵanınday onıń menen qarım-qatnasqa kirisedi. Biraq tek lektor menen bolǵanday, al shańaraq atası, kooperativ sheriklesi, bas injener, jaqsı adam menen emes».

Biziń pikirimizshe, kópshilik jaǵdaylarda oqıtıwshı poziciyasın subyekt (S) sıpatında hám talabalardı obyekt (O) sıpatında qarap, SO formulası arqalı sın

kózi menen bahalawdı ádebiyatlarda ushıratamız. Geyde onıń ornına S – S sxemasın usınadı, bunda oqıtıwshı hám talabanıń poziciyaları derlik birdey boladı. Biraq bunday jantasıw menen kelisip bolmasa kerek.

SO formulasınıń aytarlıqtay dárejede durıs bolatuǵınlıǵın biziń jumısımız kórsetip berdi, bunda oqıtıwshınıń jetekshilik rolinde oqıtıwshı hám talabalardıń óz-ara belsendiligi esapqa alınadı.

Tabıslı oqıtıwshılıq tásir kórsetiwdiń aytarlıqtay shárti – pedagog tárepinen talabalar menen qarım-qatnasta bolıwdıń zamanagóy stilin iyelep alıwı bolıp tabıladı. Bul mashqalanı analizlewde jáne qaytadan stildi tek individuallastırıw sheńberinde ǵana, onıń ulıwma sociallıq xarakteristikalarınıń jetekshilik rolin esapqa almastan túsiniwge «dúzetiw» kerek boladı.

Solay etip, oqıtıwshı hám auditoriya xarakteristikasına, olardıń óz-ara tásir processi hám mexanizmlerin analizlewge tek kompleks social-psixologiyalıq jantasıw házirgi zaman oqıtıwshısı iskerligi haqıyqıy múmkin bolǵan forma hám metodlardıń jetkilikli ayqin kartinasın bere alıwı múmkin. Pedagogikaǵa múnásibette de usınday juwmaq jasaw múmkin. Durıs, ol tálim-tárbiya jumıslarınıń sociallıq xarakteristikalarına tayanadı, oqıtıwshılar hám tárbiyashılardı talabalar menen islesiwdiń tek sociallıq jaqtan múmkin bolǵan forma hám metodlarına, iskerliktiń social áhmiyetli jetiskenliklerine baǵdarlaydı.

Solay etip, biz tárepten social-psixologiyalıq-pedagogikalıq poziciyasınan tańlap alınǵan lekciyalıq iskerlikti tereńlestirilgen halda qarap shıǵıwǵa imkaniyat beretuǵın kompleks izertlew baǵdarı durıs tańlap alınǵan.

Qarım-qatnas mádeniyatınıń social-pedagogikalıq mashqalaların islep shıǵıwda pedagogikalıq iskerliktiń sociallıq hám jeke pedagogikalıq xarakteristikaların konkret jaqınlastırıw jolların izlestiriwde ayrıqsha qıyınshılıqlar júzege keledi. Sońǵısına, ásirese, lekciya mazmunı hám óz-ara baylanısı menen baylanıslı bolǵan sorawlarda «texnologiyalılıq», konkretlilik, ózine tánlilik ayqın jetkilikli emesligi anıq bolıp qaldı.

Dástúrli pedagogikalıq jantasıw «O - QQTQ – T» sxemasına kiritiledi, bunda O – oqıtıwshı, QQTQ - qarım-qatnas tásir quralı, T – talabalar.

Pedagogikalıq iskerlik sxeması social-pedagogikalıq jobada álbette real bolmıstıń ózinde oqıtıwshı hám talabalar óz-ara háreketine, qarım-qatnastıń predmetlik oblastına, iskerliktiń konkret sharayatları hám maqsetlerine bolatuǵın tásirinde esapqa alıwı kerek. Bunı sxemalıq túrde tómendegishe kórsetemiz: shártli belgiler:

O - QQTQ -T

IM – oqıtıwshı tásiriniń maqseti, ISH – oqıtıwshı hám talabalar iskerliginiń konkret shártleri.

RHM (QQPO) – real haqıyqatlıq mashqalaları, qarım-qatnas, talqılaw predmetlik oblastı.

O – oqıtıwshı.

QQTQ – oqıtıwshı hám talabalar qarım-qatnas quralları, tásir hám óz-ara tásir formaları hám metodları.

T – talabalar - tuwrı hám keri baylanıslar.

Oqıtıwshı iskerligin mazmun-tematikalıq, mazmun-maqsetlik analizlew bunday jantasıwda birinshi planǵa shıǵıp aladı. Lekciya mazmunı, teması, maqseti haqqındaǵı túsiniktiń ózi jańa mazmunǵa iye boladı. Eger dástúrli pedagogikalıq analizde mekteptegi sabaq yaki JOO lekciyası mazmunın bahalawdıń «eń jaqın» kriteriyaları olardıń tastıyıqlanǵan baǵdarlamalarǵa sáykes keliwi bolsa, onda social-pedagogikalıq analizde jáne oǵan lekciya mazmunınıń turmıstıń social áhmiyetli mashqalalarına, faktlerine, hádiyselerine, rawajlanıw nızamlarına, bolmıstıń anaw yaki mınaw mashqalaların ámeliy sheshimin tabıw baǵdarlarına sáykes keliwin bahalaw da qosıladı.

Real ámelde bolǵan mashqalalardı tereńnen talqılawǵa umtılıw, hádiyselerdiń mánisin tereńnen túsiniw niyeti hám usı tiykarda hárekettiń óz poziciyasın, jantasıwlardı, bahalawlar, jobasın anıqlaw, tastıyıqlaw oqıtıwshı hám talabalardı psixologiyalıq birlestiredi, olardıń óz-ara múnásibetleri hám óz-ara tásirlerin xarakterleydi.

Oqıtıwshı hám talabalar óz-ara tásir kórsetiw sxemasında real haqıyqatlıqtıń mashqalalarına talabalardıń keri baylanıs sızıǵı ayrıqsha rol oynaydı (T - - - RHM), al oqıtıwshınıń talabalarǵa tásir kórsetiwi birden-bir maqset bolmastan, al talabalardıń belsendiligin arttırıwshı quralllardan biri esaplanadı.

Subyektivlikke (maqsetler, motivler, poziciyalar, múnásibetler, oqıtıwshı hám talabalar xarakteristikası, olardıń óz-ara háreketi procesi hám nátiyjeleri hám basqalar) qarata obyektivliliktiń (lekciyalardıń tematikalıq mazmunı hám qarım-qatnastıń real shártleri) birinshiligi subyektivliliktiń obyektivlilikke keri tásirin esapqa alıwda, biziń pikirimizshe, pedagogikalıq iskerliktiń social-pedagogikalıq specifikasın aldınnan anıqlaw kerek. Olardı birlestiriw biziń pedagogikalıq iskerligimizdiń «dástúrli» psixologiaylıq-pedagogikalıq usılına jánede keńirek sociallıq poziciyalar poziciyalarınan jańasha qaraw imkaniyatın beredi. Bul sonıń menen birge pedagogikalıq iskerliktiń psixologiyalıq-pedagogikalıq problemasın tastıyıqlaw imkaniyatın berdi.

Biz pedagogikalıq iskerliktiń bes ulıwma mashqalasın anıqladıq: 1) pedagogtıń pedagogikalıq iskerligi maqset hám wazıypaları, principleri, shólkemlestiriwdiń ilimiy tiykarları; 2) lekciyalar hám sabaqlardıń ózine tán mazmunları; 3) pedagog penen talabalar arasındaǵı óz-ara tásir kórsetiwdiń forma hám metodları; 4) oqıtıwshınıń lekciyalıq iskerliginiń nátiyjeliligi; 5) oqıtıwshı kadrlardı tayarlaw hám qánigeligin jetilistiriw. Bul mashqalalardıń hár birin qarap shıǵıw ushın hár qıylı ilimiy-teoriyalıq jantasıwlardı ayrıqsha túrde birlestiriw kerek.

Pedagogikalıq iskerliktiń tómendegi psixologiyalıq-pedagogikalıq mashqalalarınıń búgingı kúnde aytarlıqtay aktual ekenligin biziń izertlewimiz kórsetip berdi: 1) oqıtıwshı kadrlardıń kásiplik tayarlıǵı hám qánigeligin arttırıw; 2) lekciyalar hám sabaqlardıń mazmunların jetilistiriw; 3) oqıtıwshı menen talabanıń óz-ara tásiri forma hám metodların pedagog hám talabalar qarım-qatnası mádeniyatınıń nátiyjeliligin arttırıw shártleri sıpatında jańalaw.

«Oqıtıwshı aytadı – talaba qabıllaydı» sxeması negizinde pedagog hám talabalardıń iskerligi sırttan qaraǵanda usınday bolıp kórinsede hesh nárseni túsindirip bermeydi. Olar arasındaǵı óz-ara múnásibet mánisi olardıń ishki belsendiliginde jasırınǵan boladı.

Óz-ara tásir kórsetiwdiń hár qıylı formaları hám metodları pedagogikalıq iskerliktiń tálm-tárbiya wazıypalarına sińdirilgen hám eń aldı menen usı tiykarda sistemalastırıladı. Pedagog hám talabalardıń hár qıylı xarakteristikaları birinshi gezekte jánede olardıń óz-ara háreketiniń sociallıq nátiyjeliliginiń optimal ishki sharayatların anıqlaw ushın da kerek.

Pedagog hám talabalar óz-ara háreket specifikası, eń aldı menen iyelep alınǵan bilimlerdi qabıllaw, qayta islew boyınsha quramalı hám názik jumıstıń ózgeshelikleri, jeke tártipte bekkemlew hám ámeliy qollanıwı menen támiyinlenedi. Ol aqlıy bir túri sıpatında óz maqseti, wazıypaları, strukturası, nátiyjelerine iye boladı. Onıń ayrıqsha ózgesheligi til hám basqa metodikalıq formalarda ańlatılıwında kórinedi. Qarım-qatnastıń mine usı formalarında lekciyalar hám sabaqlardıń mazmunı da hám onıń tálim-tárbiyalıq baǵdarı, metodları da, pedagog hám talabalardıń óz-ara túsinisiw usılları jasırınǵan boladı. Ulıwma aytqanda, jaqsı lekciya materialın bayanlaw forması studentler tárepinen, ádettegidey, ózi usınday bolıwı kerek sıyaqlı delinip, sezilmeydi, al pedagog penen qarım-qatnas procesi bolsa bilimler, pikirler, sezimler, niyetler, isendiriwler menen tikkeley almasıw sıpatında qabıl etiledi. Kerisinshe, unamsız lekciyalarda forma mazmunın qabıllap alıwǵa tosqınlıq etip, pedagog hám talabalardı jaqınlastırǵan sıyaqlı kórinedi.

Psixologiyalıq-pedagogikalıq óz-ara tásir kórsetiwdi ámelge asırıw boyınsha belgilerdi úsh toparǵa bóliw múmkin: qızıǵıwshılıq, tayar bolıwshılıq, qarım-qatnaslıq.

Qızıǵıwshılıq pedagog hám talabalardıń lekciyanıń ózine, mashqalalar hám kútiletuǵın nátiyjeler quramalı múnásibet kompleksin sáwlelendiredi. Bunda, eń aldı menen sociallıq plandaǵı faktorlar (ulıwma sociallıq, kásiplik qızıǵıwlar hám konkret pedagog hám konkret talabalardıń sociallıq ulıwmalıq hám topar

wákilleri sıpatında) hám social-psixologiyalıq faktorlar (kóz-qaras, isenim, dúnyaqaraslar, iskerliktiń jámiyetlik áhmiyetli motivleri) hám basqalar esapqa alınadı.

Tayar bolıwshılıq – lekciya temasın tereń, sanalı hám bekkem iyelep alıw ushın kerekli bolǵan belgili bir bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerdıń sheriginde bar bolıwı. Pedagog hám talabalar arasındaǵı tayar bolıwshılıq dárejelerindegi ayırmashılıqtı esapqa alıwshı óz-ara tásir kórsetiwdiń forma hám metodların sistemalastırıw kóp tárepinen olardıń arasındaǵı bayan etilip atırǵan mashqalalardıń mánisi boyınsha óz-ara túsiniwshilikke erisiw jolların tiykarlawǵa alıp kelinedi.

Qarım-qatnaslıq – lekciyalıq-pedagogikalıq iskerlik qatnasıwshılarınıń isenimli psixologiyalıq múnásibetke kirisiw, birge islew, úyreniw hám tárbiyalanıw processinde jetilisiw imkaniyatların sáwlelendiredi.

Mine usı jerde pedagog hám talabalardıń, olardıń bilim, uqıplılıq, isenim, qızıǵıwshılıǵınıń belgili bir ózgeriwshiliginde hám basqalarda qızıǵıwshılıǵı da, tayar bolıwshılıǵın da júzege shıǵaradı. Qarım-qatnaslıqtıń psixologiyalıq tırnaǵi sózdiń keń mánisinde – bul qarım-qatnas sherikleriniń kommunikativ hám biliw uqıplılıqları, sonday-aq, olardıń tárbiyalanǵanlıq hám úyreniwshiliginiń belgileri. Pedagog hám talabalar qarım-qatnaslıq xarakterindegi ayırmashılıq olardıń óz-ara háreketleriniń belgili bir forma hám metodların tańlap alıwdı belgilep beredi.

Insanlar psixologiyalıq iskerliginiń eń kem degende úsh qásiyetin ajıratıp kórsetiw múmkin: ulıwmainsanıylıq, kásiplik-toparlıq hám individual-toparlıq.

Oqıtıwshı lekciyaǵa tayarlanıp hám ótkerip, sonıń menen bir waqıtta, talabalardıń qabıllawı, eslewi, oylawı, sezimi, erki, isenimi hám qızıǵıwshılıqlarınıń ulıwmainsanıylıq nızamların, sonday-aq, olardıń hár qıylı toparlıq hám invidual belgilerin esapqa aladı.

Psixologiyalıq qarım-qatnas toparlardıń qásiyetlerin ǵana emes, al oqıwshılar hám talabalardıń psixologiyalıq iskerliginiń hár qıylı túrleriniń nızamlılıqların da belgilep beredi.

Oqıtıwshı lekciyaǵa tayarlanıw barısında óziniń jeke imkaniyatların da, óziniń social-psixologiyalıq hám pedagogikalıq xarakteristikaların da esapqa aladı.

Oqıtıwshı-lektordıń tiykarǵı kasiplik-jeke qásiyetleriniń tómendegi toparlanıwın kórsetip ótemiz: 1) sociallıq status; 2) social-psixologiyalıq ózgeshelikler; 3) individual-psixologiyalıq ózgeshelikler; 4) lektorlıq sheberlik. Olardı bir qansha tolıǵıraq qarap ótemiz.

Sociallıq status. Hár qanday oqıtıwshı belgili bir jámiyetlik dárejede boladı, yaǵnıy social-demografiyalıq belgilerge, belgili bir sociallıq statusqa iye boladı, bunda onıń eki tárepi: jeke lektorlıq dáreje hám onıń kásiplik dárejesi boladı. JOO oqıtıwshısı ózinde hám lektorlıq, hám kásiplik rejeni birlestirgen bolıp, sonıń ushın da, sociallıq statusta onı jantasıwlar, bahalawlar hám lektor, hám qánige sıpatında oǵan bolǵan talaplar bir waqıttıń ózinde jámlesken boladı.

Shaxstıń (oqıtıwshı) social-psixologiyalıq ózgeshelikleri degende ádette onıń jámiyetlik-siyasiy kóz-qarasları, isenimleri, dúniyaqarası, ideallar, insannıń ústin bolǵan jámiyetlik mápleri hám iykemliligi hám basqalar túsiniledi. Eger oqıtıwshı sociallıq statusı kim sóyleytuǵınlıǵın anıqlasa, onda social-jeke xarakteristikalar sorawǵa juwaptı, usı oqıtıwshı ne aytadı, onıń siyasiy, iskerlik hám ádep-ikramlılıq sıpatları qanday ekenligin aldınnan anıqlaǵan sıyaqlı kórinedi.

Shaxstıń (oqıtıwshı) social-psixologiyalıq ózgesheliklerinde oratordiń talqılanıp atırǵan mashqalalarǵa ádep-ikramlıq-siyasiy, metodologiyalıq, ideyalıq-teoriyalıq aspektlerine múnásibeti sáwlelenedi. Lekciyanıń joqarı ideyalıq-teoriyalıq dárejesi bunda talabalar tárepinen oqıtıwshınıń óziniń ideyalıq iseniminiń sáwleleniwi sıpatında qabıllanadı.

Ideyalıq-psixologiyalıq sıpatlar oqıtıwshı shaxsınıń intellektual, emosional hám erk sıpatlarınıń ózgesheliklerin xarakterleydi.

Intellektuallıq sıpatların bahalaw hám óziniń bahalawında ádette shaxs (oqıtıwshı)tıń biliw sıpatlarınıń kompleksi: qabıllawınıń, dıqqat, eslewi, oylawı, kóz aldına keltiriwleri esapqa alınadı. Eger oqıtıwshı ańlaǵısh bolsa materialdı

jaqsı biledi, faktlerden durıs juwmaq shıǵarıwǵa, óz talqılawların logikalıq alıp barıwǵa uqıplı boladı, shablon sheshimler menen sheklenbeydi, zárúr bolǵanda reallıqtan ajıralmaǵan halda neytrallastırılıwı múmkin, onı aqıllı dep sanaydı, onıń talqılawları hám usınıslarına qulaq túredi (hám sáykes halda kerisinshe).

Sonı usı orında este saqlaw kerek, sózdi emocionallıq sóylew kóp jaǵınan oqıtıwshınıń óz sezimleriniń tolǵanısları tereńligi hám xarakteri menen anıqlanadı. Oqıtıwshı temperamenti (xolerikler – emocional aktivligi, sangvinnikler – emocional tirsheń hám háreketsheńligi, flegmatikler – emocional páseńligi, melanxolikler – emocional sezimtallıǵı menen ajıralıp turadı) iskerliktiń usı tárepine kúshli tásir kórsetedi. Biraq hár bir oqıtıwshı hár qıylı bolǵan barlıq temperamentlerde ziyrek, ádepli, haq kewilli insan bolıwı kerek.

Lektorlıq sheberlik. Lektorlıq sheberliktiń bárshe kásiplik hám jeke sıpatlarınıń kompleks xarakteristikaları.

Kásiplik uqıplıqlar hám kónlikpeler qálegen jumıstı salıstırmalı tez hám sapalı, kem qarjı hám kúsh jumsaw menen orınlaw imkaniyatın beredi. Lektorlıq iskerlikte bunnan shette qala almaydı. Tájiriybeli lektor materialdı jıynaw processin anıq jobalastıradı, lekciyanıń jobasın tezlik penen dúzedi, onıń tekstin durıs rásmiylestire aladı, talabalar haqqında maǵlıwmatlardı aldınnan jıynaydı hám analizleydi hám talabalar menen iykemshil qarım-qatnas ornata aladı, bayanlawdı túsinikli, isenimli, logikalıq hám original túrde alıp baradı; sharayatqa qarap bayan etiwdiń izbe-izligin hám tempin qayta dúzedi; intonaciya kórinisin hám sóylewdiń tásirliligin ózgertiw; materialdı bayanlawdı waqıt boyınsha utımlı bólistiriw hám basqalar.

Lektorlıq iskerliktiń uqıplılıqları hám kónlikpelerin shártli túrde materialdı ózlestiriw, uqıplılıq hám kónlikpeleri, ózin-ózi uslap-tutıw, qarım-qatnas quralların, auditoriyanı iyelep alıw uqıplılıq hám kónlikpeleri dep bóliw múmkin. Materialdı ózlestitip alıw uqıplılıqları lektordıń sáwbet teması boyınsha materialdı sheberlik penen jıynaw, sistemalastırıw, esapqa alıw hám bayan etiw uqıplılıqların támiyinleydi. Lekciyanı tayarlawǵa ózin sazlaw

dıqqattı, ańlaǵıshlıqtı kúsheytedi, lekciya haqqında oylawǵa májbúrleydi, yaǵnıy hámme jerde hám barqulla materialdı izlestiriw, onı bayanlaw usılları haqqında oylaw kerek.

Oqıtıwshı talabalar menen qarım-qatnasta bola otırıp, óz-ara múnásibet qashan buzıladı, talabalar bir-birine nenudur qalay túsindiredi, sharayat ózgergende qarım-qatnastıń emocionallıq fonı yaki sóylew stili qalay ózgeredi, usını ańlap alıwǵa umtıladı.

Qarım-qatnas qurallarına iye bolıw oqıtıwshınıń talabalar menen qarım-qatnasta bolıw mádeniyatınıń tabıslı rawajlanıwın támiyinleydi.

## 2.2. Pedagogikalıq qarım-qatnas psixologiyası hám pedagogikalıq takt

Oqıtıwshı (lektor)nıń talabalar (auditoriya) menen qarım-qatnas processin tómendegi formallastırılǵan sxema arqalı kórsetiw múmkin: T – O – T, bunda T–T qatnası shaxslararalıq qarım-qatnastı, al T – O qatnası oqıtıwshı tárepinen ámelge asırılatuǵın predmetlik-mazmunlıq iskerlikti ańlatadı.

Oqıtıwshınıń talabalar menen shaxslararalıq óz-ara háreketin ashıp beriw lekciyanıń talabalarǵa tásir kórsetiw funkciyasın hám talabalar kóz-qarasınıń qáliplesiw mexanizmlerin ashıp beriw imkaniyatın beredi.

Oqıtıwshınıń shaxs sıpatında talabalar shaxsı menen óz-ara tásir kórsetiwi qalayınsha ámelge asırıladı? Birinshisi, neni ajıratıp kórsetiw kerek – bul atap ótilgen sistemalardı (O – oqıtıwshı, T – talaba) potenciallıqtan funkcional halatqa alıp keliw bolıp tabıladı.

Eger oqıtıwshı predmetlik mazmun menen (T – O) qamtıp alınǵan bolsa, onda, shaxsiy sxema T(o) – T(t) ashıq, yarım aylanǵan halatta jaylasadı.

Olardı aktuallastırıw ushın qanday da bir qurallar kerekli boladı. Birinshi náwbette, oqıtıwshı shaxsınıń ózin aktuallastırıwshı qurallar kórsetiliwi kerek.

Oqıtıwshı tek tikkeley emes, al qosımsha qarım-qatnas qurallarín da qollana biliwi kerek. Oqıtıwshınıń talabalar menen qosımsha qarım-qatnastı olarǵa qarım-qatnas procesinde auditoriya tipi hám shaxs sıpatında talaba tipi haqqında bilimlerdi qosıwdı talap etedi. Bul bilimler basım túrde ilimiy hám

etika, filosofiya, pedagogika, sociologiya, psixologiya, medicina tarawlarınan alınıw kerek.

Oqıtıwshı turmıs mashqalaların biliwi hám olardı jarıtıw boyınsha óz kóz-qarasına iye bolıwı kerek. Biraq bul kóz-qaras tek empirikalıq bolıwı kerek. Eń baslısı ayırıqsha shaxsiy bolıwı kerek. Auditoriya haqqındaǵı ulıwma bilimler konkret subyekt haqqındaǵı, yaǵnıy sol paytta oqıtıwshı kommunikaciyalaytuǵın talabalar tipi haqqında bilimlerdiń barlıǵın qamtıp ala almaydı. Tipik bilimler talabanıń individual xarakteristikaların iyildire almaydı.

Bunday bilimler talabalardıń talapların ajıratıp alıwda paydalı boladı. Oqıtıwshı lekciyanıń ózin oqıw processinde talabalar haqqında bóleklengen maǵlıwmatlardı alıw metodların iyelegen bolıwı kerek. Talabalardı, lekciyanıń ayırım sorawları boyınsha kórsetetuǵın qızıǵıwları boyınsha differenciaciyalaw metodların usıǵan kiritiw múmkin.

Oqıwshınıń auditoriya menen shaxslararalıq kommunikaciyası zamanagóy insan etalonı haqqında bilimlerdi kiritiw tiykarında belgileniwi múmkin.

Oqıtıwshi ǵárezsiz mámlekette jasap atırǵan insan etalonın informaciyalıq texnologiyalar rawajlanǵan ásirde biliwi kerek. Bul dáwir insan aldına bir qatar mashqalalar: sociallıq adaptaciya, emocionallıq reakciyalılıq, qarım-qatnastı individuallastırıwdı qoyadı.

Bul klass mashqalaların eń aldı menen talabalar menen qarım-qatnastı esapqa alıwı zárúr, sebebi, jańa insan etalonı usı ortalıqta beyimlese baslaydı. Dáwirdiń máseleleri geyde olar ushın turmıslıq mashqalalar sıpatında kózge taslanadı.

Joqarıda xarakterlengen házirgi zaman insan etalonı menen baylanıslı mashqalalar oqıtıwshınıń talabalar menen qarım-qatnasında shaxslararalıq modeldıń mazmunınan ibarat bolıwı kerek.

Lekciya joqarıda kórip ótilgen T – O – T sxeması boyınsha qarap ótiliwi kerek.

Oqıtıwshı lekciyanı oqıp belgili bir iskerlikti ámelge asıradı, onda ayırım komponentler, strukturalıq birlikler ajıratıp kórsetilgen boladı. Bir qaraǵanda,

bul komponentler elementar sıyaqlı kórinedi. Biraq jaqsı eslew kerek boladı, oqıtıwshı lekciyanın hár bir momentinde óz iskerligin strukturalastıradı hám óz ústinde qadaǵalaw júritedi.

Bul mashqalanıń bir aspekti - qádiriyat-baǵdarlanǵan iskerlikti ámelge asırıw processinde oqıtıwshı qadaǵalawı biziń jumısımızda keltirilgen.

Oqıtıwshınıń óziniń ústinen hám onı iskerlik sıpatında qarastırıwdı qadaǵalawdı buzıwı avtomatizm hádiysesi menen baylanıslı. Avtomatizm oqıtıwshınıń óziniń aldında kórsete alıwı jeńil. Onıń háreketin motivaciyalıq-maqsetlik ózgeshelikleri kóz-qarasınan jazıp alıw múmkin boladı. Oqıtıwshı ayırım hallarda iyinin qısadı hám hár qanday túsinik beriwden bas tartadı. Mine usınıń ózi avtomatizmniń kórinisi bolıp, oqıtıwshınıń lekciyanıń belgili bir bólimlerinde iskerlik subyekti poziciyasın joǵaltıp alǵanlıǵın ańlatadı.

Oqıtıwshı qádiriyat-baǵdarlanǵan iskerlikti ámelge asırıwda ayrıqsha úlken qıyınshılıqlarǵa dus keledi. Bunda qadaǵalaw faktorı eki baǵdarlı – sana hám shaxstıń ózin ańlawı sferası boladı.

Shaxs iskerlikte reflekslenedi. Bul reflekciya oqıtıwshınıń ózin-ózi iskerliktiń hár bir fragmentinde ańlaw procesiniń ózinen ibarat boladı. Reflekciyanı en jaydırıw qádiriyat-jónelisli iskerlikti strukturalaw menen baylanıslı. Bul strukturalastırıw eń aldı menen oqıtıwshı shaxsınıń ózin-ózi aktuallastırıwı esabınan bahalaw hám ózin-ózi banalaw sferasında bolıp otedi.

Zamanagóy bekkem kóz-qarasqa iye hám onı talabalarda tárbiyalay alatuǵın oqıtıwshı, usı arqalı psixologiyalıq qarım-qatnas ushın bekkem tiykar jaratadı.

Psixologiyalıq qarım-qatnas oqıwshı hám talabalardıń estetikalıq talǵamı, talap hám qızıǵıwshılıqlarınıń hámmesi, bárshe detallarında sáykes keliwinen ibarat bolmaydı. Birewge máseleniń tariyxı, basqasına teoriyası unaydı, barqulla usınday boladı, biraq birden-bir ideologiyalıq jantasıw májbúriy, hám ol psixologiyalıq qarım-qatnastı támiyinleydi.

Oqıtıwshınıń ton hám takti qarım-qatnastı ornatıwǵa tásir kórsetedi. Enciklopediyalıq sózliklerde «takt» sóziniń kóp sanlı ańlatıwları keltiriledi.

«Tactus» latınsha sóz tiyisiw, seziw degendi ańlatadı. Biziń jumısımızda bul túsiniktiń tómendegi mánisi haqqında sóz baradı: «Takt – ólshemdi seziniw, ózin múnásip tárizde tuta biliw uqıbı». Ol hár bir insanda, ayrıqsha oqıtıwshıda bahalı. Minberde oqıwshınıń taktlik ózin uslap-tutıwı menmenliktiń joq ekenligi, óz bilimlerin, awhalı, mártebesin kórsetiwi haqqında málimleydi. Tereń natura óziniń ishki dúnyası menen oǵada bánt boladı hám sırtqı dúnyada ózin tasıraytıp kórsetiw haqqında oylamaydı.

«Tuwrı kóringen tuwrı emes, al kimde tuwrılıq kóp bolsa sol durıs boladı» - degen xalıq naqılı menen kelispesten ilaj joq.

Tıńlawshılarǵa taktlik múnásibet, bul eń aldı menen olardı húrmet etiw, múláyimlik, barshe talabalar hám olardıń hár biri haqqında ǵamxorlıq. Taktke iye bolǵan oqıtıwshı orınsız, aqılsız, geyde áytewir sawatsız sorawlar ústinen kúlmeydi. Ol talabalarǵa eń zárúr bolmasa talabalarǵa eskertiw jasawdan, auditoriyada ulıwma qabıl etilgen ózin uslap tutıw normaların buzǵanlarǵa turpayılıq jasawdan ózin tıyadı.

Kóp jaǵdaylarda, talabalar lekciya waqtında sóylesip, yaki kitap oqıp otırǵanda, jaqsısı úndemey turıw hám olarǵa tikkeley qarap qoyıw jetkilikli boladı. Ayırım auditoriyalarda sóylesip yaki gazeta oqıp otırǵan talabalarǵa temanıń baǵdarı boyınsha sorawlar menen múrájáát etiw múmkin. Basqa bir usıllar da bar bolıp, olardıń járdeminde tártipti tiklep alıw múmkin boladı.

Takt mashqalası tribunada ózin uslap-tutıw maneraları haqqındaǵı máseleler menen tıǵız baylanıslı. Oqıtıwshınıń hádden tıs qattıqollıǵı talabalarǵa tásir etedi, hádden tıs ádepsizlik te jaramsız boladı.

Auditoriyadaǵı bárshe izertlew jumısı bizdi soǵan isendirdi, hár oqıtıwshı, talabalar oǵan húrmet hám isenim menen qarawına erisiw ushın ózin múnásip tárizde uslap biliwi kerek. Bunısız oqıtıwshıǵa júklengen iygilikli missiyanı orınlaw – talabalardı bir nársege isendiriw, olarǵa bilim beriw, quramalı sharayatlarda olarǵa járdem beriw hám olarda belgili bir sezim hám oylardı oyata alıw múmkin bolmaydı.

Oqıtıwshınıń taktliligi onıń talabalar menen qarım-qatnasınıń pútkil barısında hámme waqıt ózin kórsetiwi kerek. Taktli bolıw – bul quramalı óner hám onıń úzliksiz sıpatınıń neden ibarat ekenligin aytıw qıyın. Gáp sonda, ózin uslap tutıwdıń bir jaǵday ushın jaramlı bolǵan bir mánerası basqa bir jaǵday ushın jaramsız bolıp qaladı. Demek, takt, bul haqıyqatında, ólshemdi seziniw, al bárshe nárseler hám hádiyseler ólshemi bolsa hár qıylı. Usı ólshemdi hár bir ayırım jaǵdayda, hár bir ayırım sharayatta ańlap alıw uqıbı hám usı jaǵday ushın múnásip ózin uslap tutıw manerasın tańlap alıw uqıbı – mine usı taktli bolıwdı, zárúrli taktke iye bolıwdı ańlatadı.

Oqıtıwshı tonı da tikkeley takt penen baylanıslı: «Ton – ózin uslap tutıw yaki sóylew, sóz manerası». Oqıwshınıń taktı hám jaqsı tonı óziniń talabalarına álpayımlılıq penen múnásibette bolıwında hám olarda, eń aldı menen, ılayıqlı insanlardı kóre biliwinde kózge taslanadı.

«Takt, - dep kórsetedi I.A.Zazyun, - sózdıń shın mánisinde «júrgızıw»di ańlatadı. Bul ádep-ikramlılıq kategoriyası bolıp, ol insanlardıń óz-ara múnásibetlerin tártiplestirwge járdem beredi. Gumanizmge tiykarlanǵan halda, taktlik ózin uslap tutıw eń shiyelenisken sharayatlarda da insanǵa degen húrmettıń bolıwın talap etedi. Taktli bolıw – hár bir insanǵa, ásirese pedagogqa degen ádep-ikramlıq talap bolıp, ol rawajlanıp barıwshı shaxs penen qarım-qatnasta boladı. Pedagogikalıq takt – oqıtıwshınıń kásiplik sıpatı, onın sheberliginiń bir bólegi. Pedagogikalıq takt – bul pedagogtıń oqıwshılarǵa pedagogikalıq maqsetli tásir kórsetiwiniń ólshemi, qarım-qatnastıń ónimli stilin ornata alıw uqıbı bolıp tabıladı».

## Ekinshi bap boyınsha juwmaqlar

1. Oqıtıwshı (muǵallim) sheberliginde úyretiwshi hám úyreniwshı qarım-qatnası, ornı, roli áhmiyetke iye, pedagogikalıq iskerlik dárejesindegi óz-ara tásir kórsetiw, olardıń psixologiyalıq-pedagogikalıq aspektlerin izlestiriwdi talap etetuǵın sheriklik, pedagogikalıq qarım-qatnas hám takt mádeniyatı áhmiyetli boladı.

2. Pedagogikalıq qarım-qatnastıń konkret-ilimiy tiykarların qamtıp aladı:

* qarım-qatnas funkciyası – kommunikativ, perceptiv, integrativ;

* qarım-qatnastıń tómendegi komponentleri: emosional-shaxsiy, biliw, iskerlik, olar «Úyretiwshi-úyreniwshiler» qarım-qatnas sistemasında komminikativ kontaktlerdiń tómendegi xarakterin támiyinleydi: social-shaxsiy, biliw-áhmiyetli, emosional-bahalaw, social-iskerlik.

Qarım-qatnas: ilim hám óner. Bul jerde konkret oqıw-tárbiya sharayatın, tárbiyalanıwshınıń shaxsın esapqa alıw zárúr. Bul – tek kewil qarım-qatnası bolmastan, al verbal hám verbal emes qarım-qatnasta boladı. Qarım-qatnastıń kóp sanlı repertuarın: informaciyalıq, shólkemlestiriw, shaxsiy-biliw, tárbiyalıq, qollanıw áhmiyetli boladı.

3. JOO oqıtıwshısı lekciya iskerligi social-psixologiyalıq poziciyasınan qaralıp, bul oqıtıwshılar-talabalar óz-ara múnásibetleri hám óz-ara tásir kórsetiwlerin sıpatlaydı. Usı pedagogikalıq iskerlik mashqalaları (máqsetli, specifikalıq, mazmun, pedagogikalıq sheberlik, kásiplik tayarlıq). Oqıtıwshı-talabalardıń ózine tán óz-ara tásir kórsetiwine basım itibar beriledi, bunda psixologiyalıq-pedagogikalıq óz-ara tásir faktorlarınan kelip shıǵıladı (óz-ara-qızıǵıwshılıq, tayarlıǵı, qarım-qatnaslıq).

Pedagogtıń lekciyaǵa tayarlanıw shárti saqlanadı – tómendegi poziciyalardı esapqa alıw zárúrligi: neni biliw, esapqa alıw, aldınnan kóre biliw, kútiw (nátiyje); men (lekciya procesinde), talabalar (oqıw materialın qabıllawshılar).

Oqıtıwshınıń auditoriyadaǵı jumısınıń ózgesheliklerin qarap shıǵıwda, eń aldı menen, auditoriya degen neden ibarat bolıwın túsinip alıw kerek. Biziń sharayatımızda – bul belgili bir birlikten ibarat bolǵan, ulıwmalıq belgileri menen sıpatlanıwshı tıńlawshılar toparı; oqıtıwshı onıń quramına kiretuǵın hár bir insanǵa, pútin bir toparǵa maqsetli tásir kórsetiw imkaniyatına iye boladı, ózi usı konkret sharayatlarda durıs hám nátiyjeli dep esaplanatuǵın usılların qollanıw huqıqın aladı; oqıtıw procesin basqarıwda óz dóretiwshilik jantasıwın rawajlandırıwı múmkin.

4. Anıqlanadı: oqıtıwshınıń lektor sıpatında kásiplik-shaxsiy qásiyetleri (social statusı; social-psixologiyalıq hám individual-psixologiyalıq ózgeshelikleri – emocional, erk, intellektual, lektorlıq sheberlik-tıńlaw kónlikpeleri; pedagogikalıq qarım-qatnastıń psixologiyalıq-pedagogikalıq aspektleri, onıń ayrıqshalıǵı hám sharayatları).

Pedagog tárepinen kásiplik-pedagogikalıq kompetenciyasın ózliginen aktuallastırıw lektorlıq uqıplılıq quralı, pedagogikalıq qarım-qatnas arqalı, sonıń ishinde shaxslararalıq dárejede (tikkeley ózin-ózi bahalaw menen) basım túrde ámelge asırıladı.

5. Bolajaq pedagoglardı tayarlawda oqıw procesin professionallastırıw mashqalası eki aspektli hádiyse esaplanadı. Bır tárepten, ol talabalarda konkret kásiplik uqıplardıń rawajlanıwına baǵdarlanǵan, ekinshi tárepten, iskerliktiń basqa tarawlarında islew ushın zárúrli bolǵan kásiplik uqıpların rawajlandırıw, yaǵnıy olardıń sheberligin keńeytiwge qaratılǵan.

Pedagogikalıq iskerliktiń bir pútin jámiyetlik-siyasiy xarakteristikası, onıń sociallıq baǵdarlanǵanlıǵın analizlew, pedagogtıń pedagogikalıq iskerliginiń sociallıq áhmiyetke iye bolǵan nátiyjelerin anıqlaw – bulardıń bárshesi pedagog hám talabalardıń qarım-qatnas mádeniyatınıń specifikasın quraydı.

Takt hám jaqsı ton túsinikleri – oqıtıwshınıń ashıq shıǵıp sóylew ónerinıń áhmiyetli quramlıq bólimi esaplanadı. Oqıtıwshınıń taktlı ózin uslap tutıwı onıń jumısınıń nátiyjeliligin arttırıwınıń áhmiyetli shárti bolıp esaplanadı.

Oqıtıwshınıń qarım-qatnas mádeniyatı, takt talabalar menen bolatuǵın óz-ara tásir kórsetiwdiń hár qıylı formalarında kózge taslanadı: oqıw sabaqlarında, auditoriyadan tıs jumıslarda, bos waqıtlarında hám basqalar (qarım-qatnas qatnaslarında; sóylew hám shólkemlestiriw uqıbında; ózin uslap tutıwı, talap etiwinde; bahalawshı talqılawlarda; intonaciyalarda; marapatlaw hám jazalawlarda; aqırında – shıdamlılıqta).

6. Pedagogikalıq qarım-qatnas úyretiwshi, rawajlandırıwshı, tárbiyalawshı, shaxstıń rawajlanıwına baǵdarlanǵan boladı. Pedagogtıń shaxsı arqalı ámelge asırıladı. Bul – oqıw-tárbiya máselelerinıń (tárbiyalanıwshılardıń individual hám

shaxsiy ózgesheiliklerin esapqa alıw menen) sheshimin tabıwdıń áhmiyetli quralı bolıp tabıladı.

Oqıtıw subyekti hám obyektleriniń qızığıwshańlığı – birgeliktegi iskerlik penen tárbiyalaw, doslıq óz-ara múnásibet pedagogikalıq qarım-qatnastıń tiykarı bolıp esaplanadı.

Pedagogikalıq qarım-qatnastıń hár qıylı stilleri (aralıq, qorqıw, berilip ketiw, basımlılıq) bolıp, olar pedagogikalıq basshılıq – avtoritar, demokratiyalıq, liberal stillerinde kózge kórinedi.

Pedagogikalıq qarım-qatnas stilin V.A.Kan-Kalik tómendegishe sıpatlaydı: «Qarım-qatnas stili degende pedagog hám úyreniwshilerdiń social-psixologiyalıq óz-ara tásirleriniń individual-tipologiyalıq ózgesheliklerin túsinemiz».

# III BAP. BASLAWÍSH KLASS OQÍTÍWSHÍSÍNÍŃ SÓYLEW MÁDENIYATÍ KOMPETENTSIYASÍ

## 3.1. Sózdi qabıllaw procesiniń psixologiyalıq-pedagogikalıq ózgeshelikleri

Oqıtıwshınıń, muǵallimniń sóziniń intonaciyası hám texnikası sózdi qabıllaw hám túsiniw – psixologiya hám pedagogikanıń ádewir quramalı hám ele az úyrenilgen mashqalalarınan biri bolıp tabıladı. Onı pedagogikalıq qarım-qatnas máselelerinde qollanıw boyınsha úyreniw zárúrligi oǵada áhmiyetli. «Tárbiya sistemasınıń aytarlıqtay isenimlilik shárti ideologiyalıq front xızmetkerlerı tárepinen shaxstıń informaciyalardı qabıllaw, qayta islew hám ózlestiriw procesi baǵınatuǵın mexanizmlerin esapqa alıw bolıp tabıladı …».

Iskerliktiń tek bir ǵana túrinde qatnasıw bárshe lekciya tıńlawshı insanlardı birden-bir torap – auditoriyaǵa birlestiriwdıń ishki faktorı bolıp xızmet etedi. Iskerliktiń bir túrine qamtıp alınıw oqıtıwshıǵa usı iskerlikti basqarıw hám talabalardıń dıqqatın shólkemlestiriw imkaniyatın beredi. Tıńlawdı basqarıw, óz náwbetinde, qabıllaw, pikirlew hám este saqlaw proceslerin durıs shólkemlestire alıwı menen ǵana ámelge asırıladı. Sonda, eger oqıtıwshı materialdı jobanıń 10-15 punkt boyınsha bayan etetuǵın bolsa, onda tıńlaw procesin durıs shólkemlestiriw haqqında aytıw múmkin boladıma? Ámeliyat bunıń bolmaytuǵınlıǵın kórsetti, sebebi kórip ótiletuǵın sorawlardıń bunday sanı talaba lekciyanıń barısında eslep qala alatuǵın «mánisli bóleksheler»diń múmkin bolǵan sanınan artıp ketken boladı. Insanlardıń sóylew iskerliginiń tek bir túrinde bánt bolıwı, hám usı iskerlik nızamların qarastırıw sıyaqlı auditoriyanıń basqa xarakteristikası bolmastan, ol sózsiz oqıtıwshıǵa onıń jumısına tásir kórsetiwi múmkin.

Sóylew «insannıń oyların, onıń sezimlerin hám tileklerin iskerliktiń hár qıylı túrlerinde hám jámiyetlik múnásibetlerde qarım-qatnasta bolıw processinde til arqalı sáwbetlesine yaki tıńlawshıǵa tásir kórsetiw maqsetinde ańlatıw procesi bolıp tabıladı».

Awızsha sóylew, eń aldı menen, tákirarlanbaslıǵı, waqıt boyınsha dál qaytımsızlıǵı menen jazba túrinen ózgeshelenedi. Bul awızsha sóylew seslerdiń waqıt boyınsha izbe-izligi túrinde ámelge asırıladı, al jazba túri hárip, kórgizbeli simvollardıń izbe-izligi sıpatında keńislikte ámelge asırıwdıń nátiyjesi boladı. Hár qanday jazılǵan qarım-qatnasqa qaytıw hám onı jáne bir ret oqıp kóriw múmkin. Al awızsha málimlemeni qabıllawda bolsa bunday islew múmkin bolmaydı.

Awızsha sóylewdiń ekinshi psixologiyalıq ózgesheligi – sóylewdiń seslik tábiyatqa iye bolıwı menen júzege keliw ekspressivligi. Awızsha sóylewdiń fonetikalıq xarakteristikası seslerdi aytıwdan basqa intonaciya, pát hám pauzanı da qamtıp aladı. Bul hádiyselerdiń hár biri sóylewde júdá úlken variaciyalarda hám diapazonlarda kóriniwi múmkin. Pikirdiń sheksiz kóp ráńbáráńligin awızsha sóylewde beriw múmkin. Máselen «Men, bárshesi túsinikli degen úmittemen?» degen bir sorawda tastıyıqlaw da, ekileniw de, quwanısh ta, isenim de, qorqınısh ta hám basqalar bolıwı múmkin.

Awızsha sóylewdiń úlken ekspressivligi oqıtıwshıǵa belgili bir mınnetlerdi de júkleydi. Máselen, auditoriya ushın onsha úlken áhmiyetke iye bolmaǵan logikalıq pátlerdi tekstte ayrıqsha kúshli ajıratıp beriw psixologiyalıq tiykarlanbaǵan. Eger material auditoriya ushın qıyınshılıq tuwdırmasa, onda júdá sozılip ketiwshi pauzalar ózin aqlamaydı.

Bul proceste tillik bolmaǵan qurallardıń oy-pikirdi ashıp beriwde qatnasıwı awızsha sóylewdiń jáne bir xarakteristikası boladı. Mimika hám pantomimikalıq háreketler ım-isharalardı qosıp alǵan halda usınday qurallardan bolıp tabıladı. Háreket hám kóz qarastı ańlatıw mimikanıń qızıqlı hám áhmiyetli ózgesheliklerinen esaplanadı. K.S.Stanislavskiy aktyordıń tamashagóy menen qarım-qatnasta bolıwınıń ishki mexanizmin izertlep, bul hádiyseni ayrıqsha aytıp ótedi. «Kóz – qálib aynası. Nursız kóz – bos qálib aynası. Bunı esten shıǵarmań! Artist kózi, kóz qarası, názeriniń saxnada onıń dóretiwshi qálbiniń úlken, tereń ishki mazmunın sáwlelendirip bere alıwı áhmiyetli».

Jaǵımlı dawıs, anıq dikciya (ayırım seslerdiń aytılıwı), orfoepikalıq normalarǵa (ádebiy aytıw) itibar hám tásirli intonaciya lektorlıq shıǵıp sóylewdiń tabıslı bolıwına kem dárejede tásir kórsetpeydi. Al bul tek estetikalıq momentler menen ǵana sheklenbeydi, al pedagogikalıq iskerliktiń nátiyjeliligi menen tikkeley baylanıslı boladı. «Sóylewdiń seslik forması, al ol arqalı sózdıń hám gáplerdiń mazmunı biz tárepinen avtomat tárizde qabıllanadı. Biraq bunday process sóylewshiniń nuqsansız sóylewi sharayatında ámelge asadı».

Jańlap esitiliwshi sózdiń texnikasın shınıǵıw etiw, dem alıw, dawıs, artikulyaciyanıń koordinaciyalanǵan jumısın shólkemlestiriwden ibarat boladı.

Sóylew manerası sóylew normasına hám kóp jaǵdaylarda seslerdı artikulyaciyalıq baǵdarlaw menen baylanıslı boladı. Qısıq, shamalap bulshıq etlik rásmiylestiriw fonemalardı (sózdegi seslerdi) buzıp qoyadı. Dawıslılardı nadurıs artikulyaciyalaw sestiń jańlawına tásir etedi. Bárshe seslik xarakteristikalar, eń aldı menen dem alıw menen baylanıslı. Kókirekten dem alıw ádewir nátiyjeli esaplanadı. Biraq, aytarlıqtay tolıq hám tereń dem alıwǵa kókirek (qabırǵa) dem alıwın qarınnan dem alıw, buǵan ústemlik bergen halda dem alıw menen erisiwge boladı. Diafragmalı-qabırǵa dem alıwı salıstırmalı kishi energiyanı hám orator kúshin saqlawın talap etip, dawıstıń jańǵırıwın, hátteki uzaq waqıt sóylewge tuwrı kelgende de támiyinleydi.

Dawıstıń tamaqta júzege kelgen baslanǵısh tembrin sesti kúsheytetuǵın hám bayıtatuǵın rezanatorlardıń járdemi menen ózgertiw múmkin. Insannıń dawıs apparatında dem alıw jolları, qarın, tamaq, awız, jutqınshaq, tamaq-murın, murın boslıǵı rezanatorlar bolıp xızmet etedi. Rezonatorlardı islep shıǵıw – dawıstıń áhmiyetli bólimi bolıp tabıladı.

Hár bir pedagog sonı túsiniwi kerek boladı, zamanagóy pedagogtıń sóylewi – bul tábiyiy sóylew sózi bolıp, sáykes halda melodikalıq sóylew kórinisine iye boladı. Oqıtıwshı intonaciyası ádettegidey sóylesiwden ózgeshe halda jarqın, melodikalıq háreketi aylanbalı, kontrastlı, tásirli bolıwı kerek. Mine sonıń ushın da oqıtıwshınıń aldında intonaciya, dawıs diapazonın rawajlandırıw ústinde turaqlı islew wazıypası turadı.

Dawıs diapazonı – bul insan dawısına sáykes hár túrli biyiklikke iye bolǵan sesler kópligi. Jaqsı oqıtıwshı óz dawısınıń barlıq diapazonın jetik túrde iyelep alǵan bolıp, bunda onıń hár bir uchatkasında – ortasha, kókirek, bas – barlıq registrlarında jańlawınıń joqarı sapasın jaratadı.

Oqıtıwshı, dawısınıń barlıq registrlarında dawısınıń turaqlılıǵın saqlay otırıp, bir tonallılıqtan basqasına bir qálipte óte alıwı menen sóziniń jánede tásirsheńligi – intonaciyalaw uqıbı, dawısı menen «kórkemlew» imkaniyatına iye boladı.

Sóylewdın tezligi, ulıwma, sóz, buwınlardıń jańlaw uzaqlıǵı, sonday-aq, pauzanıń ritmikalıq shólkemleskenlik, sózdiń ólshemiligi menen úylesimlilikte onıń temp-ritmin payda etedi. Sóylew, ásirese oqıw lekciyasınıń tezligi, eger talabalar jazıp alatuǵın bolsa, jánede páseńleydi.

Ruslarda sóylewdiń optimal tempi minutına 120 sózden ibarat, nemeclerdiń sóylewinın ortasha tempine shamalas boladı. Inglis tili ushın sóylew tempi minutına 120 dan 150 sózge shekem bolǵan shegarada ózgeredi.

Sóylewdiń aytarlıqtay jaǵımlı tempi haqqında máseleniń sheshimin izertley otırıp, sóylew tempin belgili bir shamaǵa shekem tezlestiriw qabıllaw procesin tezlestiriwin esapqa alıw kerek. Biraq júdá tezlikli temp waqıt birligi ishinde beriletiǵın informaciyanıń insan psixikası qabıllawı múmkin bolǵan shamasınan artıp ketiwine alıp keledi, qabıllaw jamanlasadı, oqıtıwshınıń kúsh salıwları nátiyjesiz boladı. Oǵada ástelesken sóylew auditoriyanı buyıqtıradı, talabalar oy-pikirdi ańlap alıw uqıbın joǵaltıp, pútkil gáptiń mazmunın pámlep alıw, onı aqırına shekem tıńlaw awhalında bola almay qaladı. Asıǵıs sóylew geyde oqıtıwshınıń jigerin qaytarıp, ol tribunada kóp qalıwdan seskenedi, yaki oqıtıwshı biyparıq, onıń máqseti tezirek bunnan jıraqlasıw bolıp qaladı. Bosań sóylew – flegmaik hám erinshek insanlardıń nuqsanı esaplanadı. Bir jaǵdaylarda barlıq sesler óz ornında sıyaqlı bolsa da, túsinip bolmaydı; anıq aytpaǵan, ayqın emes.

Oqıtıwshı ózi gúman etpegen halda ekinshi dárejeli sózlerdi ajıratıp alǵan, frazanıń aqırında keletuǵın baslıların tunshıqtırıp qoyadı, mazmunlıq akcentlerin

buzadı hám málimlemeniń mazmunın saqlap qalıw ushın qosımsha kúsh salıwlar talap etiledi. Dawıstıń jasalma jarlı hám qısqa diapazonına qaramastan sóylew melodikasında mánisi boyınsha ótiwleri túsinikli bolǵan háreketler bar.

Dem alıw aytarlıqtay tereń bolsa da, dawıstıń jańlawı kúsheytilgen, sóz hám frazalardıń aqırı joǵalmaǵan, rezonatorlardıń islewi bolmaǵanda auditoriyaǵa jedel tásir kórsetiwge umtılıwshılıq dawıs baylamlarında keskin zorıǵıwdı júzege keltiredi hám dawıs tuqarlı bolmastan, azlap qaltırap turǵanday boladı. Biraz waqıttan keyin tamaqtıń sharshaǵanınan derek beretuǵın qırıldı esitiledi. Bunnan keyin-aq, derlik jótel júzege kelip, bunda jaǵımsız ekenliginen guwalıq beredi.

Mına frazada: «Joldaslar, men qısqa ǵana sóyleymen, bul sizlerdi táshwishke salmay-aq qoysın…» oqıtıwshı basımnan qutıldı hám dawısı jaqsı shıǵa basladı, onda endi jumsaq, tınısh hán jaǵımlı ton payda boldı, qırıldı joǵaldı.

Rezanatorlıq jańlaw tolqınlanıwı hám shınıǵıw etpegenligi ulıwma aytqanda dawıs diapazonınıń qısqarıwına alıp keldi hám ózine tán intonaciya payda boldı. Eger hár bir gáp qurawshılarǵa ajıratılatuǵın bolsa, onda sózler arasındaǵı mazmunlıq baylanıslar túsinikli boladı. Biraq bárshe frazalarda intonaciyalıq tamamlanǵanlıq bola bermeydi. Sóylew úzliksiz aǵım menen beriledi, frazalar arasındaǵı mazmunlıq baylanıs ayqın bolmay qaladı, al tematikalıq bólimleri arasında ulıwma saqlanbaydı.

Sóylewdi qabıllaw, belgili bolǵanınday, mazmunlı bóleksheler boyınsha ámelge asıp, birigiw procesi bolsa usı belgileri boyınsha boladı. Mine sonıń ushın da, sóylewdiń mazmunın onı qurawshı sózlerdıń pútkil izbe-izligin qabıllawǵa qaraǵanda ádewir ańsat boladı.

Aqırına jetkerilmegenligin seziniw blok-oqıtıwshınıń oy-pikirin rawajlanıwınıń izinen ilesip barıw ańsat bolǵan tekshelerdi qabıllaw processinde jaratıwdan juda etip qoyadı. Usı barlıq komponentler janlı sóylewde dıqqat hám sóylewiniń niyetiń qanday bolıwına qaramastan qatnaspaydı.

Biraq «oqıtıwshılıq hawlıǵıw» tábiyiy stereotiplerdi ańsatlıq penen sheshe aldı. Tap usı mısalda sonday boldı. Logikalıq-kompoziciyalıq talaplar poziciyadan dál dúzilgen shıǵıp sóylew nátiyjede nadurıs nerv intonaciyalıq rásmiylestiriwden óziniń tártipleskenligin joǵalttı.

Atap ótilgen qátelikler lekciyanıń dál juwmaqlanıwına da kesent boldı. Tiykarǵı bólim hám juwmaqlaw arasında pauza hám aqırına jetkerilgen pauzanıń bolmawı juwmaqlawǵa ótiwge tayarlanadı. Lekciyanı juwmaqlaǵan intonaciyanı bolsa, hátteki kóp noqat penen salıstırıw múmkin.

Sózleri «tarıday shashılǵan» sóylewlerdi qabıllaw ańsat bolmaydı, al tıńlaw tek áhmiyetlisin ǵana kútip otırıwǵa alıp keledi. Nátiyjede aytılǵan nárseden belgili bir iz de qalmaydı. Hámmesi áhmiyetli awır tamshılar menen sóylewdi tıńlaw da qıyın bolıp, itibardı gá onısına, gá bunısına qaratıp, nátiyjede hesh nársege túsine almay qalasań. Akcentuaciyanıń mol bolıwı bunday sóylewdi bir túrli hám monoton etip qoyadı. Oy-pikirdiń rawajlanıw perspektivası buzıladı, informaciya sekirmeli ráwishte qabıllanadı.

Sóylewdiń jaqsı qabıllanıwı ushın zárúrli durıs akcentuaciya – bul mánisi boyınsha bas sózlerdi ajıratıw hám ekinshi tártiplilerin ótpeli (áhmiyetsizreklerin) aytıp ótiw. Dawıstıń jańlawın kóteriw hám túsiriw, qattı hám páseń sóylew, tez hám áste, áhmiyetlilerin pauzalar menen ajıratıp kórsetiw múmkin.

Sóylew maǵlıwmatları jaqsı. Tolıq dem alıw, tábiyattan berilgen jaǵımlı dawıs. Ayqın bolmaǵan artikulyaciyasınıń hám ızıldı esitiwshilerdiń jumsaqlıǵınıń jetispewshiligi haqqında aytıw múmkin. Jáne de orfoepikalıq esapqa almaw. Biraq oqıtıwshı óz sózin qaǵazdan oqıydı. Al bul auditoriya menen shaxslar arasında qarım-qatnastıń bolıwına sezilerli tosqınlıq boladı.

Oqıw intonaciyası qabıllawdı jedellestiriwshi kontrastlardıń óziniń keskin páseńlep ketiwi menen sóylesiwden ajıralıp turadı. Sheber-diktorlar tekst sózi hám intonaciyasın iyelep alǵan halda, málim bolǵanınday, terbesleriniń kishi amplitudası hám bunda erkine tásir kórsetiwge emes, al informaciya beriwdiń kóp elementine iye boladı. Biraq diktorlardıń tiykarǵı wazıypası hádiyseler

haqqında málimlewden ibarat. Al oqıtıwshınıń wazıypası, biziń bilgenimizdey - quramalıraq: isendiriw, úyretiw, tárbiyalaw. Buǵan tek jalǵız málimlew menen ǵana erisip bolmaydı, mazmunlılıq penen bir qatarda erk, emocional hám obrazlı komponentler de álbette qatnasıwı kerek.

Tıńlaw barısında sonday tuyǵı júzege keledi - oqıtıwshı misli maǵlıwmatlardıń qashannan belgili hám onsha qızıqlı bolmaǵanın bayan etedi. Bunıń sebebi monoton – oqıtıwshıda jańa informaciyanı beriw yaki mashqalanı jańasha jarıtıw niyeti bolmaǵanda júzege keletuǵın hádiyseni maqsetli beriwdiń joǵalıwınıń tábiyiy halda bolıwı.

Házirgi waqıtta Respublikanıń jámiyetlik turmısında kópten kútken ózgerisler waqtı keldi, bizdi ǵárezsizlik ideologiyası baǵdarlaytuǵın alǵa qoyılǵan maqsetke erisiw ushın ne islew kerek ekenligi haqqında oylap kóriw waqtı keldi. Bul maqsetler sheshimlerdi barlıq dárejelerdegi islep shıǵıw proceslerindegi ózgerisler menen anıqlanadı.

Derlik jańa sistema pedagogikalıq iskerlik ushın júzege kelmekte. Jámiyette, informaciyalıq processlerdegi ózgerisler pedagogikalıq iskerlikti qamtıp almastan ilajı joq. Talabalar ilgeridegige qaraǵanda ádewir belsendi, qamawdaǵıday, zerigerli, qatıp qalǵan lekciyalardı tıńlawdı biykarlaydı.

Ǵalabalıq shıǵıp sóylew sheberligi óziniń rolin ǵana joyıtıp qalmastan, kerisinshe, oǵan zárúrlilik artadı.

Pedagog sheberligi – keń túsinik hám óziniń mánisi boyınsha kóp mánisli. Ol erudiciyanı, ilimiy hám oqıw materialın erkin iyelep alıw, ózin uslay biliw uqıbı, isenimli, tapqırlıq penen sóylewin sóylew mádeniyatınıń joqarı dárejesinde alıp barıwdı qamtıp aladı. Oqıtıwshınıń avtorlıq oy-pikiri teksttiń sessiz qatarları menen tıńlawshılardıń aldına qoyıladı, olarǵa tásir kórsetiw qurallarınıń sheklenbegen imkaniyatlarına iye janlı insan dawısı tásirin ótkeredi.

Joqarıda aytıp ótilgenindey, jazıwshılar, dramaturgler hám aktyorlar haqqında kóp jazıladı. Olardıń usılları, dóretiwshlik tabısları hám kemshilikleri izertlenedi. Biraq kafedra sheberleri haqqında kem jazadı. Sonıń menen birge,

eki ret: jazıw stolı átirapında hám auditoriyanıń aldında kafedrada dóretiwshilik penen shuǵıllanıwshılar ómirde kóp orındı iyeleydi.

Teksttegi ishki isendiriwshilik talabalardıń aldında turǵan insan isenimliliginen baslap artadı. Oqıtıwshı - óziniń yaki basqanıń tekstin oqıp beriwshi ǵana emes, ol esitip turıp pikirleydi, talabalar aldında dóretiwshilik penen isleydi, tolǵanıwlardıń nátiyjeliligin keltirip shıǵaradı.

Eger oqıtıwshı kafedrada aljasatuǵın bolsa, ózin biylewdiń sońǵı tayanıshın joǵaltadı hám endi onıń kózlerinen tek járdem soraǵan jalınıshlarınan basqa nárse kórinbeydi, tayarlanǵan hesh bir tekst endi tumar bola almaydı, bunday oqıtıwshı túsip qalǵan ayanıshlı jaǵdaydı hesh bir usıl menen jasırıp bolmaydı .

Belgili naqıldı eske alıp aytıw múmkin, eń jaqsı sheshennen jaqsısı, tómen muǵallimnen jamanı bolmaydı. Eger tómen oqıtıwshılar belgili bir dárejede bir-birine uqsas bolsa, onda hár bir haqıyqıy oqıtıwshı ózinshe jaqsı. Birin tıńlap, bilimlerdi alıw, basqasınan nárseler haqqındaǵı gúrrińnıń bayan etiwdıń izbe-iz bolıwın, ápiyawı hám janlı bolıwın, ol quramalı, hátte zerigerli dep qabıl etilgende de, úyreniw númkin; úshinshisi auditoriyanı tolǵandıradı, onıń barqulla tolǵanısta bolıwına erisedi; tórtinshisi sheber ádebiy tilge iye boladı hám basqalar. Bunda sheshenlik sóylew mádeniyati kóp jaǵdaylarda durıs sóylew, yaǵnıy til normalarına sáykes keliwshi túsinik penen sáykeslendiriledi. Biraq sonday jaǵdaylar boladı, sheshenniń sózi ádebiy nızamlardan shetlep ketken bolsa da, auditoriyaǵa kúshli tásir kórsetedi. Hám kerisinshe, sózsiz durıs hám hátteki shıraylı, biraq bos yaki tartımsız sóylew tıńlawshınıń hesh qanday háwesin keltirmeydi, júregin terbentpeydi. «Sol nárse anıq, eger sheshenlik óner sóylew iskerliginiń bir túri sıpatında qaralsa, onda sóylew mádeniyatı túsinigi tek onıń durıslıǵınan ǵana ibarat bolmaydı.

Sheshenlik sóylew mádeniyati – berilgen auditoriyaǵa konkret sharayatta hám qoyılǵan wazıypaǵa sáykes halda eń utımlı bolǵan tásir kórsetiwdi támiyinleytuǵın til materialın qollanıw bolıp tabıladı».

Mısallar keltiremiz: P.Sergeish eske túsiredi, bir prokuror, adam ólimi haqqında iste shıǵıp sóylep, bir neshe ret pauza jasadı hám «jaqsı» degen sózdi qosıp qoydı. «Erksiz oylap qalasań, adam óltirilse, nesi jaqsı».

Shınında da, adam óltirildi, al prokurorǵa jaqsı. Yaki: «Hár kim óz mamanlıǵın arttırıwda óz juwapkershiligin túsiniwi kerek» (oqıtıwshı sózi), «bizde tárbiyalıq jumis tarawında bir qansha ilgerilewler júz berdi».

Mıljıń: «bul awır mashqalalar qıyınshılıq penen sheshildi»; «Keleshekke perspektivalar» – perspektivalar hám keleshek; «Eń optimal variant» - optimal hám eń; «Eń tómen ball» – tómen hám eń hám basqalar.

Hár túrli dárejedegi oqıtıwshılardı baqlaw sonı kórsetip berdi, JOO oqıtıwshısı pútkil kurstı oqıydı, bunda ol barlıq materialdı belgili bir akademiyalıq saatlarǵa bóledi, hár bir lekciya aldınǵısın dawam etedi hám kelesisin jalǵastıradı. Hár bir lekciya tolıq kurstıń ajıralmas bólegi esaplanadı.

Talabalar ekzamenlerdi oylap tek dıqqat penen tıńlap qoymastan, al oqıtıwshınıń barlıq lekciyasın umtılıs penen jazıp baradı, sebebi imtixanda onıń jazǵanların qaytalawı talap etiledi. Sonıń ushın da oqıtıwshı jıldan-jılǵa ótip, bir nárseni oqıydı. Talabalar tabıslı juwap beredi, bárshesi kórsetilgen joba tártip boyınsha ótedi (Biraq biz oqıtıwshınıń bir qáliptegi shıǵıp sóylewleri talabalarda narazılıqtı keltirip shıǵarıwınıń guwası boldıq). Bir materialdı qaytalap oqıy beriw oqıtıwshıda ózine degen isenimlilikti hám talabalardıń aldında sóylewde biypárwalıqtı keltirip shıǵardı.

Awızsha sóylew ózgesheligi sóylewdiń mazmunın eki kanal – sózdiń jańlawı, intonaciya hám vizual - óqıtıwshı mimikası, qol háreketi, háreketi arqalı qabıllawdan ibarat boladı.

Úyreniwshiler menen pedagogtıń kommunikativ iskerliginde vizual «sóylew», sonıń ishinde intonaciya – verbal emes qarım-qatnas (I.P.Podlasiy boyınsha):

– háreket – ekspressiv-tásirli,

– prosodika hám ekstralingivistika,

– takesika-proksemika,

– mimika,
– qol háreket,
– poza,
– júrisi,
– vizual kontakt,
– intonaciya,
– sestiń qattılıǵı,
– tembr,
– dem alıw,
– kúlki,
– jótel,
– qol qısısıw,
– qol shapatlaw,
– tegislew,
– tiyisiw,
– baǵdarlaw,
– aralıq.

Sóylewshiniń mimikası, dene pozası háreketi mazmun kólemin, tásirliligin, emocionallıǵın, mazmundarlıǵın kúsheytedi. Vizual kanal oqıtıwshınıń jumıs jaǵdayın, onıń talabalar menen qarım-qatnasta bolıw tilegin (tilemewin), olarǵa húrmetin (húrmetsizligin) kórsetip beredi. Sonıń ushın bolajaq oqıtıwshıǵa ózinde qarım-qatnasta bolıwda sırtqı kórinisin qadaǵalaw, talabalardıń reakciyasın óz mimikası ózgesheliklerinde, dene qıymıllarında, qol háreketi hám sóylew imtonaciyalaw uqıbına iye bolıwı kerek.

## 3.2. Oqıtıwshı sozi pedagogikalıq sheberlik shárti sıpatında. Pedagogtıń sheshenlik uqıpları

Oqıtıwshınıń awızsha sóylewiniń jáne bir ózgesheligi – onıń improvizaciyalanǵanlıǵı. Oqıtıwshı lekciya tekstine itibar bermesten sóyleydi.

Talaba esitip otırıp oqıtıwshı kópshliktiń aldında turıp neni oylawın biledi, talabalar menen birgelikte ózi ushın haqıyqatlıqtı birinshi márte ashadı. Improvizaciyalanǵan sóylew – bir mánisli túsinik bolmastan, bir jaǵdayda bul sóylew aldınnan oylastırılǵan, tayarlanǵan, biraq utımlı etip «bir maydanda» jetkerip berilgen. Basqa jaǵdayda bolsa, haqıyqatında da improvizaciyalanǵan sóylew, auditoriyada tikkeley talabalar menen qarım-qatnasta bolıw paytında tuwılǵan sóylew. Bul júdá juwapkerli sóylew: sózlerdi, sóylew modellerin tańlap alıw, sóylewdiń tańlanǵan tonı esapqa alınadı. Mine usı jaǵdayda oqıtıwshınıń ulıwma hám pedagogikalıq mádeniyatı ózin kórsetip, bunda emocionallıq hám racionallıqtıń birligi áhmiyetli esaplanadı.

Orta ásir Shıǵıs ullı oyshıllarınıń logika, buwın, sheber sóz, tálim hám tárbiya pedagogikası haqqındaǵı didaktikalıq principleri biziń jumısımız ushın oǵada bahalı bolıp esaplanadı.

Filosof-enciklopediyashılar, ásirese Orta ásir Shıǵısta, aǵartıwshılar, olar ájayıp sheshenler, sheshenlik hám poetikalıq sheberliktiń tımsalı, sóylew hám qarım-qatnas mádeniyatınıń úlgileri esaplanadı. Olar bolajaq muǵallimlerge pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatı boyınsha: muǵallim hám oqıwshınıń óz-ara múnásibeti; jaslardı, eń aldı menen estetikalıq tárbiyalawda sóylew mádeniyatı; oqıwshılarǵa tildi, oqıwdı, grammatikanı, jazıwdı, ádebiyattı, qosıqlardı jánlatıp oqıw, qosıq jazıw, sózliklerden, hádislerden úyreniw, oqıtıwshını sóylew mádeniyatı haqqında usınısların qaldırıp ketken.

Ullı oyshıllardıń tómendegi didaktikalıq principleri biziń jumısımız ushın ayrıqsha bahalı boldı: tárbiyalanıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alıw; tálim hám tárbiyanıń úzliksizligi hám turaqlılıǵı; oqıwshılardı unatıw hám húrmet etiw. Sonday-aq, tómendegi tárbiya metodları: oy-pikirdi oyatıwshı; ámeliy; maqullaw, marapatlaw hám jazalaw.

Hár bir dáwir sheshenlik ónerinde óz stilin júzege keltirdi.

Oqıtıwshını janlı sóylewdi iyelep alıwı, onıń awızsha sóylewdıń ózgesheliklerin ayqın túsinip alıwınan baslanıp, bunda onıń ózin janlı aytıw momentinde dóretiliwin bilip alıwı kerek. Janlı sóylew sonıń ushın da janlı

delinedi, sebebi ol tek oqıtıwshı – lektor, sheshen sóylep atırǵan paytta ǵana bar boladı. Al bul lekciyanı Ekspromt (qosıqtay etip) oqıp shıǵıw degendi ańlatpaydı. Ekspromt jaqsı, eger material aldınnan tayarlap qoyılǵan bolsa. Janlı sóylew tek forması boyınsha ekspromttı esletedi. Al shınında ol úlken tayarlıqtıń nátiyjesi boladı. Fontannan onıń ishinde bar suw ǵana atılıp shıqqanınday, oqıtıwshınıń sóylewinde de onıń basında hám júreginde barı, bári bir aldınnan oylap qoyılǵanına, ólshep qoyılǵanına qaramastan, júzege shıǵadı. Biraq bári aldınnan oylap qoyılǵan bolsa da, oqıw procesi kópshiliktiń aldında pikirlew hám tayarlanǵan materialdı seziniw boladı. Kópshilik aldında pikirley alıw uqıbı onshelli ápiwayı is emes, úyrengen nárse tınısh eslep qalınadı, biraq buǵan auditoriyanı qaratıw qıyın boladı. Oqıtıwshı neni aytıwın bilgen halda, onı auditoriyanıń ózinde qanday aytıwdı anıqlaydı. Mine sonda ǵana janlı fraza tuwıladı, oqıtıwshınıń talaba menen haqıyqıy qarım-qatnasta bolıwı júzege keledi. Usınday lekciyanı qulaq qoyıp tıńlaydı. Janlı sóylew tákirarlanbas, onıń jaǵımlılıǵı hám isendiriwsheńligi mine usında.

Awızsha sóylew hám jazba sóz tábiyatınıń hár qıylı bolatuǵınlıǵın esten shıǵarmaw kerek. Awızsha sóylew - waqıtsha hádiyse. Ol qulaq penen, al jazba sóz kóz benen qabıllanadı. Oqıtıwshı – lektor óz sózi shegarasın qatań biliwi kerek – tildiń sheksiz erkinligine jol qoyıp bolmaydı.

Awızsha sóylewde seslik jılısıw, bir sózdiń aqırında, ekinshi sózdıń basında eki únliniń qatar keliwi, tutlıǵıp qalıw sıyaqlı hádiyseler bolıp, ol auditoriyanıń jaǵımsız reakciyasın keltirip shıǵaradı.

Únlilerdiń atlasıwı – bir neshe dawıslılardıń qabatlasıwı. Mısalı, siz abtobusta ketip baratırsız, «Aeroport» bándirgisine jaqınlastıńız, túsiwińiz kerek, «Aeroportta túsesiz be?» - dep soraysız. Soraw ádewir quramalı. Nege? Sebebi a – u – a – e dawıslıları «toparlasıp» qaldı.

Tutlıǵıp qalıw – qıyın aytılatuǵın dawıssızlardıń qabatlasıp qalıwı. Mısalı, Soedinennıe Shtatı Ameriki. Qısqarǵan transkripciyada SShA dep jazıladı. Bunday qısqartıwdı aytıw qıyın.

Sóz – insanǵa berilgen ullı inam, onı awızsha sóylewde batıl paydalanıw kerek. Alisher Nawayı sóz haqqında ájayıp pikir aytadı:

Sózdiń shınlıǵı jaqsı hám bolsa rawan,

Shın qısqa sózler onnan da jaqsı.

***

Sóz benen aldı alınar ólimniń,

Sóz benen tiri bolar ólgeniń.

***

Tama-tama kól bolar,

Tamshılap jıynaǵan bilim insandı aqıllı eter.

Sońǵı on jıllıqlarda júdá kóp jańa sózler hám turaqlı sóz dizbekler payda boldı, olardıń mánislerin túsindiriwi kerek boladı: avialayner, sheriklik (partner), universam, reńli qabıllaw; bólinbeytuǵın sóz dizbekleri: jalındı ózine alıw – eń awırın ózine alıw, kópir salıw – qarım-qatnastı ornatıw; turaqlı dizbekler: shalbar kostyum - hayal-qızlardıń jaket hám shalbardan ibarat kostyumı, jasalma ıqlım, dárilik kesellik, úyretiwshi mashina; paritet – latınsha teńlik: 1) teń bahalılıq; valyutalardıń ortasındaǵı altındaǵı qatnas; 2) teńlik, teńdey qatnas, birdey dáreje.

Til hám awızsha sóylew haqqında ilim, iri alımlar, jazıwshılar, shayırlar, ilimniń basqa tarawı alımları sózdi ıqtıyatlıq penen hám batıl túrde qollanıwdı aytadı.

Solay etip, oqıtıwshınıń aldında tórt waziypa turadı: 1) talabalarǵa eń jaqsı tárepten tásir kórsetiw; 2) óz lekciyasın barınsha isenimli dárejede bolıwın támiyinlew; 3) lekciyada ne bayan erisilgen bolsa, sonı ózlestiriwge kómeklesiw; 4) ózi tárepinen aytılǵanlar kózgizbeli hám bekkem etip eslep qalınıwı.

## 3. 3. Bolajaq baslawısh klass oqıtıwshıları menen eksperimental jumıslar

Talabalar menen eksperimental jumıslar Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń «Baslawısh tálim hám sport tárbiyalıq is» qánigeliginiń talabaları menen ótkerildi.

Qarap ótilgen pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatınıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları pedagogikalıq JOOlardıń oqıtıwshıları ámeliyatında belgili bir psixologiyalıq-pedagogikalıq beyimlesiw menen bolajaq muǵallimlerdiń pedagogikalıq sheberligi hám sóylew mádeiyatinıń qáliplesiw procesinde olardı kásiplik tayarlaw barısında ámelge asırıladı.

Pedagogikalıq pánlerdi úyreniwde talabalarǵa tómendegi lekciyalar oqıtıladı: «Pedagogikalıq iskerlik social-pedagogikalıq factor sıpatında», «Pedagogikalıq sheberlik, onıń quram bólekleri», «Pedagogikalıq sheberlik kriteriyaları», «Muǵallimniń sóylew mádeniyatı, onıń texnikası», «Oylaw mádeniyatı – sóylew mádeniyatı (til sóylew mádeniyatı haqqında)», «Qarım-qatnas: túrleri, texnikası», «Qarım-qatnastıń hár qıylı túrlerin shólkemlestiriwdegi ulıwmainsanıy qádiriyatlardıń ilimiy-mádeniy tiykarları hám áhmiyeti», «Pedagogikalıq qarım-qatnas tiykarları», «Pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatı – tabıslı pedagogikalıq iskerlik faktorı», «Pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatı boyınsha oqıw qollanbaları hám basqa materiallar menen islesiw».

Pedagogikalıq izertlewlerdiń nátiyjesinde lekciyalıq nátiyjeler boyınsha eksperimental toparlarda: olarǵa degen qızıǵıwshılıq, oqıw procesinde belsendi qatnasıwı, lekciya materialları ústinde alıp barılatuǵın hár túrli jumıslarǵa uqıplılıǵı artadı – qarań. Keste № 1.

«Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı» sabaqlarınıń nátiyjeleri:

1-kurs talabaları

Eksperimental toparlar ( % te)

1. Bunday sabaqlar paydalı dep esaplanadı.
2. Oǵan aldın ala tayarlandı.
3. Onda, oǵan degen talaplardı saqlaǵan halda belsendi qatnastı
4. Sóylew úlgileri qızıǵıwshılıqtı oyattı:

- hámme,

- ayırımları.

5. Materialdı sistemalastırıwǵa uqıplı.

6. Materialdı ulıwmalastırıwı múmkin.

7. Sabaqlarǵa tayarlanıw processinde, sabaqlarda oqıw qollanbaları, sózliklerge múráját etti.

I. Oqıw qollanbaları menen islew zárúrligi tán alındı.

II. Basqa materiallar menen islew zárúrligi tán alındı.

Oqıwlıqtıń ámeliy materiallarına baǵdarlanadı:

- erkin - jaqsı,

- qıyınshılıq penen - qanaatlandırarlı,

- baǵdarlanbaydı.

III. Qosımsha materiallarǵa qızıǵıw.

Ózlerin kórsetti:

- belsendi,

- jetkilili bolmaǵan - belsendi,

- ózin kórsetpedi.

IV. Oqıw qollanbası menen isleydi:

- erkin hám óz betinshe,

- pedagog, joldasınıń járdeminde,

- qıyınshılıq penen.

V. Keleshekte hár qıylı tiptegi oqıw materialların qollanıwda:

- jobalaydı,

- jobalamaydı.

I. Emocional.

Pedagogikalıq sheberlikti ózlestiriwge emocional-sanalı múnásibet.

II. Motivaciyalıq.

IV. Ámeliy.

1. Mazmunın túsindiriw. Sózler, olardıń aytılıwı.

2. Iyelep alınǵan bilimler, uqıplılıq hám kónlikpelerdi (shınıǵıwlarda, treninglerde, shıǵıp sóylewlerde) ámeliy qollanıw.

Oqıw qollanbalar, lekciya tekstlerin hám basqa da oqıw materialların óz betinshe qollanıw.

**Keste №1**

Bolajaq mugállimlerde pedagogikalıq kompetenciyası hám sóylew mádeniyatın qáliplestiriwde ulıwma unamlı tabısqa qol jetkerilgenligi haqqında

| Topar | Talabalar sanı | Juwmaq shıǵarǵan talabalar sanı | | |
|---|---|---|---|---|
| | | joqarı | júdá jaqsı | jaqsı |
| 1-e topar kontrol | 25 | 13 | 12 | - |
| 2-e topar eksperiment | 19 | 10 | 9 | - |

Eksperimental toparlarda barlıq kriterial kórsetkishler boyınsha kútilgen nátiyjelerge eriskenligi kesteden kórinedi – 52% talabalarda joqarı dárejede; 32% – 40% - talabalarda ortasha dárejede, «júdá jaqsı», «jaqsı» bahaları bolajaq mugállimlerde pedagogikalıq kompetenciyası hám sóylew mádeniyatın qáliplestiriwde ulıwma unamlı tabısqa qol jetkerilgenligin kórsetedi.

Bolajaq muǵallimlerde ulıwma pedagogikalıq kompetenciyası, ondaǵı sóylew mádeniyatı, qarım-qatnastiń konkret-pedagogikalıq sheberligi haqqında túsinik hám kóz aldına keltiriwge eksperimental processte jetkilikli itibar qaratıldı.

Unamlı eksperimentallıq nátiyjeler, eń aldı menen tómendegi faktorlar arqalı támiyinlendi: bolajaq muǵallimlerde pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatın; oqıtıwshılardıń tiyisli pedagogikalıq kompetentciyaların qáliplestiriwdiń ilimiy-teoriyalıq tiykarları; ilimiy tiykarlanǵan lekcyalıq material menen; lekciyalıq sabaqlardıń subyekt-obyektlik, shaxsiy baǵdarlanǵan qarım-qatnas sıpatı, olardıń bolajaq muǵallimler maqsetli iskerligine baǵdarlanǵanlıǵı, iyelep alınǵan bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerdi (pedagogikalıq kompetentciya, sóylew mádeniyatı, pedagogikalıq qarım-qatnas) social-kommunikativ ámelge asırıw menen támiyinlenedi.

## Úshinshi bap boyınsha juwmaqlar

1. JOO oqıtıwshısınıń pedagogikalıq iskerligi - bul, eń aldı menen, tıńlawshılar – talabalardıń quramalı, kóp qırlı, hám isendirerlik, informaciyalıq, shaqırıwshı ekspressivlik sóylewdi qabıllaw hám túsiniw haqqında bilimlerdi talap etiwshi lektorlıq sheberlik, usı qabıllawlardı durıs basqarıw (tıńlaw), muǵallimniń sóylew texnikası, onıń hár qıylı usılları menen (emocionallılıq, ruwxlandırıwshılıq, tábiyiylik, kúsh, tártipleskenlik, anıqlıq, isenimlilik, jigerlilik, tezlik, háreketsheńlik, temp, ritm); ses variaciyaları (melodika, jeńillik, bir qáliplilik, jumsaqlıq, jaǵımlılıq, tınıshlıq, turaqlılıq, ayqın dikciya, bay intonaciya, isenimlilik, tembr, onıń diapazonı, kórkemlilik); lektor sóylewiniń tiykarǵı komponentleri (qaytalaw, logikalıq pát, akcentuaciya sıyaqlı kásiplik uqıplılıqlardı ámelge asırıw bolıp tabıladı, ajıratıp alıw-kórsetiw, tártımlılıq, ayqınlıq hám obrazlılıq, kórgizbelilik, pauza, sózlerdi durıs aytıw); pikirdi ashıp beretuǵın (mimika, pantomimika, háreket, kóz qaras - kóz nurın tarqatıw arqalı ańlatıw (K.S.Stanislavskiy boyınsha), qol, barmaq hám basqa da verbal emes) qurallardan paydalanıw, olar hawaz benen birgelikte ekspressiv-kórkem, prosodiyalıq hám ekstralingivistikalıq, takesikalıq hám proksemikalıq sıyaqlı (sóylew quralları) anıqlanadı.

2. JOO lektorı iskerligi akademiyaliq sóz sheberligine tiyisli bolıp, ol eń aldı menen biliwshilik áhmiyetine iye boladı. JOO lekciyası jaqsı oylanılǵan strukturanı talap etedi. Bunda temalardı logikalıq hám tariyxıy bayanlaw bir pútinlikti dúzedi. Metodikalıq oylanılǵanlıǵı hám strukturalılıǵı JOO lekciyasınıń ózgesheligi bolıp tabıladı. Ol didaktikanıń talaplarına juwap beredi: talabalardı belgili bir ilimge úyretiwge mólsherlengen, demek oqıtadı, al kúsh isletpeydi. Tartımlı ton emes, al isendiriw metodı temanı bayan etiwdiń májbúriw usılı esaplanadı.

JOO lekciyası - bul materialdı ilimiy bayan etiw stili. Bul stil soǵan umtıladı: 1) anıqlıq, ápiwayılıq hám ayqınlıq; 2) logikalıq tártipleskenlik hám emocionallıq tásirlilik; 3) ulıwma ádebiy til menen barqulla óz-ara baylanıslılıq;

4) tereńnen oylanılǵan terminlerdiń qatań tártibi; 5) tildiń hár qiylı stilistikalıq resursların keńnen qollanıw; 6) zárúrli cifr, simvol hám belgilerdi utımlı paydalanıw.

Oqıtıwshı óz lektorlıq iskerliginde sheber sóylewdiń úsh psixologiyalıq funkciyasına tayanadı: 1) talabalar dıqqatın jazılǵan sózlerge tartıw hám keyin ala bunı qollap-quwatlaw menen ǵana sheklenbesten, al usı dıqqattı kúsheytip barıw; 2) pedagog hám talabalar arasındaǵı kúsheyip barıwshı qarım-qatnastı támiyinlew; 3) sheshen tárepinen rawajlandırılatuǵın pikirler hám ideyalardıń durıslıǵına talabaralardı isendiriw, bunda talabalarǵa kem-kemnen racional-emocionallıq tásir kórsetiw támiyinlenedi.

3. JOO lekciyası sheberligi – májbúriy, zárúrli, aktual, talap etilgen. Ol tereń, kóp mánisli mazmunǵa iye bolıwı, oqıtıwshı erudiciyasın, ilimiy hám oqıw materialın tereńnen biliwin kórsetiwi kerek. Lektor ózin uslay biliw uqıbın kórsete biliwi, isenimli, tapqırlıq penen, sóylew mádeniyatınıń joqarǵı dárejesinde (tillik materialdı utımlı paydalanıp) auditoriyaǵa qoyılǵan wazıypalarǵa sáykes tásir kórsetiw ushın sóylewi kerek. Bunıń ushın - esitip pikir júrgiziwi, talabalar menen dóretiwshilik penen islewi, pedagog sóylewiniń kommunikativ sıpatlarına qoyılatuǵın talaplar haqqında (normativlilik - ádebiy til normalarına sáykeslik; úylesimlilik, qol jeterlilik, durıslıǵı, anıqlıǵı, ayqınlıǵı, saplıǵı, ápiwayılıǵı, logikalılıǵı, leksikalıq baylıǵı, tartımlılıǵı, obrazlılıǵı, isenimliligi, shıraylılıǵı (estetika) tolǵanıwı hám túsiniwi kerek boladı. Jáne lekciya mazmunın, onıń texnologiya hám metodikasın barqulla dóretiwshilik penen bayıtıp barıw, lekciyada ózin ańlatıw hám ózin ashıp kórsetiw, lekciyalıq informaciyada seslik hám vizuallıq kanallardı barınsha paydalanıw, impovizaciyalaw (oylanılǵan yaki tez), lektorlıq mádeniyatta pedagogikalıq baǵdarlanǵan sóylewdiń emocionallıq hám racionallıq birligine erisiw.

4. Lekciya tili janlı sóz sheberligin, onıń tábiyiyligin, garmoniyalılıǵın, obrazlı ańlatılıwın, ápiwayılılıqtı, kórkemlilikti, ózine tánlikti, tártiplilik hám sulıwlıqtı talap etedi. Lekciya talabalardı tek mazmunı menen ǵana emes, al bayanlaw forması menen ózine tartıwı kerek. Bunıń ushın oqıtıwshıǵa

erudiciyanı belgili bir dárejede biliw (onıń tereń, keń, turaqlı diapazonı), ásirese lektorlıq óner, pedagogikalıq sheberlik boyınsha bilimler, óz predmetin biliwi, sheshenlik óneri kerek boladı. Ásirese, ekspromtqa, pikirlewlerge, emocionallıqqa saqlıq penen qatnasta bolıw, bunda qozıwshılıqqa, temperamentke (bul orında ólshemi bolıwı kerek), sózlerdiń durıs aytılıwına, pátlerdi qoyıwǵa, seslerdiń jılısıwı, eki únliniń qatar keliwine, tutlıǵıwǵa, jańa sózler hám túsiniklerdi paydalanıwǵa baǵınıw, bashılıqqa alıw kerek.

5. Sóylewdi durıs hám anıq aytıw texnikası úlken áhmiyetke iye. K.S.Stanislavskiy háripleri tártipsiz aytılǵan sózler «awzınıń ornında qulaǵı, qulaq ornında kózi, murnınıń ornında barmaqları bolǵan adamdı … . Bárshe sózler bir ǵana formasız massaǵa jabısıp alǵanda, men palǵa úymelegen shıbınlardı esleymen» - dep aytqan edi. Sózlik «boyap taslaw» lekciyanıń mazmunın óshiredi, talabalardıń dıqqatın ózgertedi. «Til menen emes, al ayaq penen tapıldaw kerek» - deydi rus naqılı.

6. Bolajaq muǵallimlerdiń pedagogikalıq kompetenciyasi hám sóylew mádeniyatınıń kásiplik tayarlaw procesinde qáliplesiw mashqalası pedagogikalıq pánler kursın oqıtıwda – usınılǵan lekciya temaları, avtorlıq texnologiya hám metodika, pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatınıń islep shıǵılǵan texnikası boyınsha qáliplesken ilimiy-teoriyalıq tiykarlarda tabıslı sheshimin tabadı. Bunda talabalar menen úzliksiz motivaciyalıq islerge artıqmashılıq berilip, ol bolajaq muǵallimlerde pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatınıń bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerin oqıw procesinde de, individual kásiplik jetilisiwde de (óz betinshe, basqarılatuǵın; jobalı, jobasız) ózlestiriwde úmitlerin jedellestiriwdi, sanalı qızıǵıwın qáliplesiwin maqset etip aladı. Unamlı eksperimental nátiyjeler (talabalar-bolajaq muǵallimlerge usınılatuǵın islep shıǵılǵan kriteriylerge sáykes halda) ge erisildi, al bunda lekciyalıq materialdı bayan etiw hám bekkemlew-qaytalawdıń kompleks metodları, quralları, usılları, bolajaq muǵallimlerdiń sóylew mádeniyatın qáliplestiriwdiń hár qıylı texnikaları, muǵallimniń keleshekte mekteptegi jumısına jaqın bolǵan shınıǵıwlar hám treninglerdiń, ámeliy sabaqlardıń ránbáreńligi qollanıldı;

talabalardı lekciyalarǵa aldınnan tayarlaw, rolli jaǵdaylar sıyaqlı avtorlıq jańalıqlar; test ótkeriw, soraw-juwap metodı; oqıtıwshınıń sóylewin qadaǵalap barıw, onın ózin uslap tutıwı hám maneraların baqlaw – bulardı aqırında talqılap barıw; oqıw hám hár qıylı qosımsha materiallar menen islew; maqsetli kommunikativ qarım-qatnas, sonıń ishinde konkret-tematikalıq jumıslardı (lekciyalar, bayanatlar, referatlar, málimlemeler, informaciyalar – pedagogikalıq sheberlik hám sóylew mádeniyatı boyınsha hár qıylı temalarda, olar aqırında bahalandı hám ózi tárepinen bahalandı (islep shıǵılǵan kriteriyler boyınsha) orınlaw boyınsha hár qıylı formalar ushın sharayatlar jaratıw qollanıldı.

## JUWMAQ

1. Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan Respublikasında bolıp ótken ózgerisler pedagogikalıq kadrlardı tayarlaw mashqalasına, olardıń pedagogikalıq sheberligin arttırıw forma hám mazmunına basqasha jantasıw zárúrligin kórsetip berdi. Bolajaq oqıtıwshılardı metodikalıq hám arnawlı tayarlawdıń pútkil sistemasın jańalaw búgingi kúnde zárúr bolıp turıptı. Bul ásirese pedagogika hám pedagogikalıq sheberlik ushın ayrıqsha aktual boladı, sebebi oqıtıwshınıń bilim hám uqıpların ǵana jetilistirip qoymastan, al kásiplik tayarlawdıń kemshiliklerin de saplastırıw kerek boladı.

Oqıtıwdıń baǵdarlaması hám mazmunı qayta kórip shıǵılıwı hám oqıtıw standartları kontekstine qamtıp alınıwı tiyis bolıp, bul pedagogikalıq uqıplılıqqa oqıtıwdıń metod hám formalarınıń jańa aspektlerin engiziwdi, jańalawdı, al geyde koordinal ózgertiwdi talap etedi. Aytıp ótilgenler tek oqıw materialları hám lekciyalıq kurslardı jańalawdı ǵana emes, talabalar bilimleri hám uqıplılıqların qadaǵalaw hám bahalawdıń pútkil sistemasın ózgertiwdi, testten ótkeriwdıń ulıwmalıq qabıl etilgen formaların kiritiwdi talap etedi.

Pedagogikalıq ilimlerdi oqıtıw metodikası házirgi waqıtta oqıtıwdıń dástúrli bolmaǵan metodların, sonın ishinde oqıtıwdı individuallastırıwdı keńnen qollanıwǵa umtıladı.

Házirgi zaman shártleri pedagogikalıq pán oqıtıwshılarına qarım-qatnastıń ayrıqsha mashqalasın qoyadı, bunda pedagog hám talabalar arasındaǵı óz-ara múnásibetleriniń quramalı sisteması, eń aldı menen pedagogikalıq kompetenciya hám sóylew mádeniyatı tiykarında ámelge asırıladı.

2. Bul izertlew durıs pedagogikalıq qarım-qatnas sisteması, metodları hám usılların, usı qarım-qatnastıń pedagogikalıq sheberlik boyınsha sabaqlarda oqıw-tárbiya procesiniń utımlılıǵın hám natiyjeliligin támiyinlewshi psixologiyalıq tiykarların, sonday-aq, usı predmetti tereńnen úyreniwge bolǵan talapların hám óz isiniń mamanı bolıwǵa degen umtılısların ashıp beriwge urınıwdan ibarat boladı.

3. Oqıtıwshı shaxsı oqıw-tárbiya procesiniń tabıslı bolıwınıń áhmiyetli faktorı bolıp tabıladı.

Oqıtıwshı kásiplik iskerligi onıń shaxsiy sıpatların, metodikalıq uqıplılıqlarına, shólkemlestiriw-kommunikativ (sheriklik) sıpatlarına, sonday-aq, ayırım ózine tán sıpatlar: sóylewiniń ekspressivliligine, anıqlığına, artikulyaciyası, dikciyası hám basqalarğa baylanıslı boladı. Bunday sıpatlarğa iye bolıw oqıtıwshı hám talabalardıń arasında unamlı qarım-qatnastıń ornatılıwın támiyinleydi.

4. Oqıtıwshı hám talaba pedagogikalıq sherikligi sociallıq rollerin oqıw procesinde pedagogikalıq sheberlikti ámelge asırıwda tómendegilerdi islep shığıwdı támiyinleydi:

1. Strategiyalıq kommunikativlik uqıplılıq. Arnawlı qarım-qatnas kursın ótkeriwdiń zárúrligi.

2. Sóylew uqıplılıqları hám olardı ámelge asırıwdıń múmkin bolğan formaları.

3. Jámiyetlik óz-ara múnásibetlerdi ámelge asırıwshı sociallıq rolleri, shaxslararalıq óz-ara múnásibetler; emocionallıq jağdaylar; shaxsiy sıpatlar.

4. Talabalar menen qarım-qatnasında oqıtıwshınıń shaxsiy jantasıwı.

5. Talabanı oqıtıw processinde socializaciyalaw (sóylew mádeniyatı hám sheberligin hám sóylew etiketin ózlestiriw). Talabanıń qádiriyatlar sistemasın onıń turmıs hám til boyınsha tájiriybesine sáykes bayıtıw.

## Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi:


1. Mirziyoev Sh.M. Tánqidiy tahlil, qat`iy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik - har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bólishi kerak. O`zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2016 yil yakunlari va 2017 yil istiqbollariga bag`ishlangan majlisdagi O`zbekiston Respublikasi prezideńtining nutqi// Xalq sózi gazetasi. 2017 yil 16 yanvar, №11.

2. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O`zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. "O`zbekiston", 2016.

3. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz. "O`zbekiston", 2017.

4. Закон республики Узбекистан «Об Образовании». Гармонично развитое поколение – основа прогресса. Сб. док. Т.Шарк, 1997. С-20-30.

5. Закон Республики Узбекистан «О национальной программе по подготовке Кадров» Гармонично развитое поколение – основа прогресса Узбекистана. Сб.док. Т.Шарк, 1997. С-31-32.

6. Каримов И.А. Узбекистан: свой путь обновления и прогресса. -Т.: Узбекистон, 1992. – 66 с.

7. Каримов И.А. Назначение науки – служить расцвету. -Т.: Узбекистон, 1996. Т.4. – 380 с.

8. Каримов И.А. Наука должна служить прогрессу страны. -Т.: Узбекистон, 1996. Т.4. – 350с.

9. Каримов И.А. Высококвалифицированные специалисты – стимул прогресса. -Т.: Узбекистон, 1998. Т.6. – 413 с.

10. Каримов И.А. Современные кадры – важный фактор прогресса: По пути безопасности и стабильного развития. -Т.: Узбекистон, 1998. Т.6. – 413 с.

11. Каримов И.А. Новое мышление – требование времени. -Т.: Узбекистон, 1997. Т.5. – 340 с.

12. Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. –Т.: Молия, 2002. – 137 с.

13. Алексеев М.Н. Методические и логические основы лекторского мастерства. – М., 1986. – 77 с.

14. Амонашвили Ш.А. Личностно-гуманная основа педагогического процесса. – Минск: Ун-т, 1990. – 559 с.

15. Аннамуратова С.К. Художественно-эстетическое воспитание школьников Узбекистана. – Т.: Фан, 1991. – 370 с.

16. Андреев В.И. Педагогика творческого саморазвития: инновационный курс. – Казань, 1997. – 111 с.

17. Афанасьев В.Г. Человек в управлении обществом. – М.: Наука, 1991.

18. Ахмедова А. Истина рождается в споре: Об управлении системой образования // Учитель Узбекистана, 1990, 24 ноября.

19. Выготский Л.С. Педагогическая психология /Под ред. В.В.Давыдова. – М.: Педагогика, 1991. – 480 с.

20. Гулямитдинов С.З., Перегудов Л.В. Научно-методические основы обеспечения качества и конкурентоспособности кадров // Ж.: Таълим муаммолари, 1998, № 3.

21. Давлетшин М.Г. Кобилият ва унинг диагностикаси. – Т.: Укитувчи, 1989. – С. 133.

22. Давыдов В.В. Проблемы развивающегося обучения. – М.: Педагогика, 1986. – 318 с.

23. Загвязинский В.И. Педагогическое творчество учителя. – М., 1987. – 211 с.

24. Загвязинский В.И. Педагогическое предвидение. - М., 1987. – 123 с.

25. Захарина М.С., Ахмедов И.Р. Требования к современному уроку. – Ташкент, 1989. – 60 с.

26. Зимняя И.А. Воздейственность выступления оратора. – М., 1985. – С. 48.

27. Зязюн И.А. Основы педагогического мастерства. – М.: Просвещение, 1989. – 91 с.

28. Иванова С.Ф. Специфика публичной речи. – М., 1988. – 101 с.

29. Иванова С.Ф. Лекторское мастерство. – М., 1983. – 99 с.

30. Идея национальной независимости: основные понятия и принципы. – Т.: Узбекистан, 2001. – С. 76.

31. Измайлов Л.Э. Народная педагогика: педагогические воззрения народов Средней Азии и Казахстана. – М., 1991. – 211 с.

32. Инновационное обучение: стратегия и практика. – М., 1994. – С. 15.

33. Йулдошев Ж.Г. Хорижда таълим. – Т.: Шарк, 1996. – 111 с.

34. Йулдошев Ж.Г. Узбекистон Республикаси таълим-тараккиёт йулида. – Т.: Укитувчи, 1994. – 99 с.

35. Йулдошев Ж.Г. Таълимимиз истиклоли йулида. – Т.: Шарк, 1996. – 120 с.

36. Кальметов Б. Образовательный комплекс Узбекистана в условиях формирования рыночных отношений: Обзор. – Т., 1993. – 139 с.

37. Кан-Калик В.А. Учителю о педагогическом общении: Книга для учителя. М.: Просвещение, 1987. – 190 с.

38. Перегудов Л.В. Модель современного преподавателя и ее обеспечение // Ж.: Таълим муаммолари, 1998, № 4.

39. Перегудов Л.В. Основы интеграции образования, науки и производства // Ж.: Таълим муаммолари, 1998, № 4.

40. Сафо О. Мустакиллик маънавият ва тарбия асослари. – Т.: Укитувчи, 1995. – 208-б.

41. Симонов В.П. Диагностика личности и профессионального мастерства преподавателя. – М., 1995. – 201 с.

42. Скульский Р.П. Учиться быть учителем. – М.: Педагогика, 1986. – 99 с.

43. Хасанов С. Просветительско-педагогические взгляды хорезмских мыслителей: Дисс. … докт.пед.наук. – Т., 2000. – 301 с.

44. Хашимов К. ва бошк. Педагогика тарихи. – Т.: Укитувчи, 1986. – 137 с.

45. Худойбердиев И. Ислом, шахс ва миллий психология. – Т.: Узбекистон, 1994. – 70-б.

46. Щедровицкий Г.П. Новшества и инновации // Учительская газета, 1995, С. 22-23.

47. Эверт Н.А. и др. Критерии оценки деятельности учителя. – М., 1999.

48. Юзликаев Ф.Р. Интенсификация процесса дидактической подготовки будущего учителя в педагогическом институте. – Т.: Фан, 1995. – 202 с.

49. Юлдашев Ж.Г. На пути к расцвету народного образования Узбекистана. –Т., 1997. – 100 с.

50. Юлдашев Д.Т. Рациональные особенности повышения квалификации педагогических кадров: Дисс. … канд.пед.наук. – Т.: ТГПИ, 1990. – 176 с.

51. www.Ziyonet.uz

52. www.edu.uz